

VERMONT

K'UMUSHOFERI

AGATABO



2024



Phil Scott, Buramatari
w'Intara ya Vermont

Joe Flynn, Umunyamabanga
w'Ishami ryo gutwara abantu n'ibintu

Wanda Minoli, Komiseri w'Igisata c'Imiduga



**Kwemeza EGO
Bishobora kurokora ubuzima**



Vermont

Gutanga ibihimba vy' umubiri birokora ubuzima

Igihe uziyandikisha usaba uruhusha rwo gutwara umuduga,
uzohabwa amahirwe yo kuba mu batanga banditswe.

Kuvuga 'ego' bishobora kurokora ubuzima!

Ic'ukuri: Kuvugira 'ego' ugutanga ntibizogira ingaruka ku buvuzi usanzwe uronka.

Ic'ukuri: Nta kiguzi ku wutanga canke ku muryango wiwe kugira ngo batange ibihimba vy' umubiri.

Ic'ukuri: Amadini makurumakuru yose arashigikira gutanga ibihimba vy'umubiri n'inyama zawo canke akabibona nk'ingingo umuntu afata ku giti ciwe.

Ic'ukuri: Muri Leta Zunze ubumwe za Amerika, n'ikizira kugura canke kugurisha ibihimba vy' umubiri n'inyama zawo ngo bihabwe uwundi muntu.

Urafise Ububasha bwo Gutanga Ubuzima!

Amakuru arushirije arasangwa ku rubuga [DonateLifeVT.org](https://www.DonateLifeVT.org)



VERMONT

IGISATA C'IMODOKA
IGISATA C'AMAGARA Y'ABANTU

Wige kubw'ikibazo c'uruhusha rwo kugendesha imodoka ruhabwa uwiga kandi wige gutwara imodoka neza ukoreshaje inyigisho ziri ku rubuga rwacu, [DriveVermont](#). Ushobora gukoresha

[DriveVermont](#) kwiga amategeko y'ibarabara n'uburyo wotwara neza ukiriko urigira ikibazo c'uruhusha rwo gutwara imodoka ruhabwa uwiga. Urashobora kandi kumenya ivyo ukeneye kuba uzi imbere yo gukora ikibazo co kwandika canke ico gutwara.



Uzosanga [DriveVermont'](#) huzuye amashusho n'amavidewo y'ingirakamaro. Ibibazo vy'ubwenge bizofasha

Urisuzuma ubwawe kuvyo umaze kwiga. Inyuma yo kurangiza inyigisho, urashobora gukora ikibazo c'ikigereranyo gisa cane n'ikibazo nyezina uzokora.

Kugira utangure kwigira uruhusha rwawe no kwiga gutwara neza, raba [dmv.vermont.gov](#)

Igisata c'Imodoka ntikivangura abantu bagendana ubumuga mu gutanga ubufasha, integuro, ibikorwa canke akazi.

Igisata c'Imodoka kizoshiraho uburyo bushemeye bwo gufasha igihe ubumuga bw'umuntu bumubuza gutahura amakuru atangwa kubwo kuronka uruhusha rw'uwiga canke rw'ugutwara imodoka.

Niba, nk'akarorero, ubumuga bwawe bugabanya ubushobozi bwawe bwo gusoma no gusobanukirwa ururimi rwanditse, urashobora gukoresha amajwi canke izindi mpinyanyuro z'aka gatabo ziri ku rubuga rwacu. Niba wumva ko Igisata c'Imodoka kitaguhaye uburyo bushemeye bwo gufasha ubumuga bwawe, urashobora kwitwara kuri Komisiyo y'Agateka ka Zinamuntu ya Vermont mu kwakura kuri 800.416.2010.

Niba ufise ikibazo co gusoma canke ufise ubumuga bukubuza gusoma neza, bitumenyeshye igihe uhabwa isango. Tuzokorana namwe kubw'ivyo vyose mukeneye.

Ikibazo c'uruhusha rwo gutwara imodoka rw'uwiga ntikigitangirwa mu biro vyacu. N'ikibazo kibonerwa ku rubuga ngurukana bumenyi rwacu, [mydmv.vermont.gov](#).

Ubutumwa bw'umutekano buvuye kuri Komiseri



Ingingo yawe yo kurondera uruhusha rwo kwiga canke urwo gutwara imodoka ihetse, kimwe mu bintu bikomakomeye ujejwe nk'umuntu aba mu bandi. Wiyemeje: kubungabunga ingendeshwa itarengaje ibipimo vyemewe muri Vermont ku bijanye n'umwotsi imodoka isohora, kugira asiranse yizewe, kwama ukurikiza amategeko y' ibarabara, no kugira imibereho ikuraho ugusamara iyo uriko uratwara umudugu.

Kugongana kw'imiduga kuri mu mvo nkuru nkuru z'ugushirwa mu bitaro n'ugupfa bivuye ku nguma. Bigira ingaruka ku bantu b'imyaka yose, yaba umushoferi, ingenzi, ndetse n'ufise isano n'uwaganzwe wese.

Kugira uruhusha rwo gutwara imidoka n'ibakwe; uruhusha rubonwa biciye mu kugaragaza ubumenyi bwawe mu gutwara imodoka mu buryo bwerekana ko ur'umudereva mwiza kandi wo kwizigirwa

Kugumana ubwo burenganzira bisaba ko ubandanya utwara imodoka yawe mu buryo butekanye kandi bwiza.

Tuzogerageza ngo ikibazo cawe co gutwara imodoka kibabere igikorwa ciza naho tuzi neza ko bitera ubwoba kubazwa.

Wibuke ko usangira ibarabara rikuru n'abandi bose. IRINDE IBISAMAZA KANDI UTWARE NEZA.

Komiseri
Wanda Minoli

Aka gatabo gakozwe n'Igisata c'Imiduga ca Vermont kandi gasohorewe muri Vermont. Usabwe kugabaniriza ikiguzi ubuyobozi bwa leta mu kuzosubiza kano gatabo canke ukagaha uwundi azoba umushoferi muri kazoza.

AKA GATABO GASHOBORA KUDAKORESHWA MU GIHE C'IKIBAZO

Ibirimwo

Igice ca 1 - Amakuru rusangi	5
Igice ca 2-Uko ushobora gutakaza uruhusha rwawe	7
Igice ca 3- Ikimenyetso c'ibikuranga	8
Igice ca 4- Amakuru ya bose ajanye n'uruhusha rwo kugendesha imodoka	12
Ibibazo n'inyishu kubijanye n'uruhusha rw'uwigira kugendesha imodoka.....	12
Ibibazo n'inyishu kubijanye n'uruhusha rwo kugendesha imodoka ruhabwa abakiri bato	13
Ibibazo n'inyishu ku bijanye n'uruhusha rwo kugendesha imodoka	16
Igice ca 5- Integuro yega abahejeje guca uruhusha rwo gutwara imodoka	20
Igice ca 6 - Ibiciro, gusubira gusaba no gusubiriza.....	23
Igice ca 7 -Gutwara imodoka neza hamwe no Kwigira uruhusha rwo gutwara	25
Uko wotwara imodoka neza	25
Guparika imodoka yawe	29
Amahwane	29
Aho aba police bahagarika	30
Itegeko ryo kudubura	31
Ibimuri, ivyapa vyo mw'ibarabara, hamwe n'ibimenyetso vyo mw'ibarabara rikuru.....	31
Ivyaba vyo mw'ibarabara	32
Gusabikanya ibarabara	37
Ibihe bigoye gutwariramwo imodoka.....	46
Gutwara imodoka mu bihugu bibanyi	50
Gutwara imodoka waborewe.....	52
Gutwara imodoka uriko urasamara	54
Ikibazo c'ubumenyi bw'ibarabara.....	56
Igice ca 8 -Ugutangwa kw'amanota	64
Igice ca 9 -Kuba nyen'imodoka	65
Igice ca 10 - Uruhusha rwo gutwara imodoka y'ubudandaji	70
Igice ca 11 -Abantu bagendana ubumuga	71
Igice ca 12 - Abavyeyi canke Abarezi	73

Igice ca 1 - Amakuru rusangi

IMISI Y'AKARUHUKO MU NTARA YA VERMONT

Umunsi mukuru w' ubunani	Itariki imwe ^{Nzero}
Umunsi w'ukwibuka Martin Luther King,Jr.	Itariki ³ Nzero Kuwa mbere
Umunsi w'Umukuru w'Igihugu	Itariki ³ Ruhuhuma Kuwa mbere
Umunsi w'Inama y'Igisagara	Itariki ¹ Ntwarante Kuwa kabiri
Umusi wo Kwibuka	Uwa mbere uherezera Rusama
Umunsi wo Kwikukira	Itariki ⁴ Mukakaro
Umunsi wo kwibuka Intambara ya Bennington	Itariki 16 ^{Myandagaro}
Umunsi mukuru w' Abakozi	Kuwa 1 ^{mbere} utangura Nyakanga
Umunsi w'Abasirikare bakukurutse	Itariki 11 ^{Munyonyo}
Umunsi w'Ishimwe	Uwa kane ⁴ ugira kane muri Munyonyo
Umunsi ukurikira uw'Ishimwe	Uwa gatanu ukurikira umunsi w'Ishimwe
Umusi wa Noweli	Itariki 25 ^{Kigarama}

Iburo vyose biba vyugaye kurayo matariki ari hejuru, hamwe no ku matariki amwe yerekanwa aha hefpo.

Umunsi mukuru uhuriranye no kuwa gatandatu uzoca ukorwa ku wa gatanu w'imbere. Umunsi mukuru uhuriranye no ku wa Mungu uzoca ukorwa ku wa mbere ukurikira.

Uwutanga ikibazo ashobora kutama ahari kubwo kuba yagiye gutanga igikorera mw' ibarabara. Musabwe kwihangana. Uwutanga ikibazo azoheza agufashe vuba hashoboka.

Hari igihe bishobora kuba ngombwa gusivya ikibazo c' abatwara imodoka kubera ibihe bibi vy' ibarabara. Hamagara kuri 802.828.2000 canke urabe mydmv.vermont.gov kugira ngo uhindurirwe isango, iyo bikenewe.

Vyateguwe na:



Igisata c'Imiduga.

120 State Street

Montpelier, Vermont 05603-0001

dmv.vermont.gov



AHO IBIRO BITUMBEREYE

Bennington

Bennington County 530
Main St

Dummerston

Windham County
AOT District #2 Office, Route 5

Montpelier

Washington County -Ibiro bikuru
120 State Street

Newport

Orleans County
100 Main Street

Saint Albans

Franklin County 27
Fisher Pond Rd

Saint Johnsbury

Caledonia County Green
Mtn Mall
1998 Memorial Dr

South Burlington

Chittenden County 4
Market Street

Springfield

Windsor County
100 Mineral St, suite 103

Rutland

Rutland County
101 State Place

White River Junction

Windsor County 221
Beswick Drive

Kugendera ibiro kwose ni kuri gahunda.
Gusaba gahunda, raba kuri
mydmv.vermont.gov canke uhamagare kuri
888.970.0357

Dusange kuri dmv.vermont.gov/contact
facebook.com/vermontDMV
802.828.2000

888 99-VERMONT (888-998-3766)

Abafise ikibazo co kwumva muhamagare kuri 711

Ni gute ushobora gutakaza uruhusha rwawe canke uburenganzira bwo gutwara imodoka?

7 V.S.A. § 656 - Abana babesha imyaka, bagura, bafise, canke banywa inzoga: icaha ca mbere; uguhungabanwa umutekano

Nimba ufashwe ugahabwa itike, usabwa kuvugana na Teen Alcohol Safety Program(TASP) ya Vermont Court Diversion (N'utashobora kuvugana na diversion board mu minsi 15 bizotuma dosiye yawe ishikirizwa ibiro vy' ubutungane, aho uwo umuntu yagiriwe n'icaha, azohabwa igihano co kuriha ama dolari 300.00 hamwe n' uguhagarikwa kw' uruhusha rwiwe rwo gutwara imodoka mu gihe c'iminsi 90, kandi ushobora no kudugirizwa ibiciro vya asiranse) no kwitaba isuzumwa ry'ukunywa inzoga mu buryo burengeje urugero, kurikira impanuro z'ubaha ubufasha n'ibindi bisabwa. Izi nteguro zose zisaba amafaranga y'inyongera. Icyongereye n'uko nimutakwiza ibisabwa na TASP canke ibindi bisabwa vya Diversion, uruhusha hamwe n'uburenganzira bwo gutwara imodoka BIZOHAGARIKWA. Hazoba amafaranga yiyongerako kuri DMV kugira uruhusha rwawe rusubizweho.

23 V.S.A. § 202 - Kwigira uwundi mu gusaba , canke gufasha uwivandikisha kwivoberanva.

Umuntu yigira uwundi mu gusaba uruhusha rwo gutwara imodoka canke urwo kwiga gutwara imodoka, canke mu gusaba karangamuntu atari ak'umushoferi, canke mu kwandikisha imodoka, imodoka zigendera ku misozi, ingendeshwa yo ku rubura canke amato y'imoteri, canke kwemeza ubwato, canke uwuronka uruhusha rwo gutwara imodoka biciye mu kinyoma, canke uwuronka uruhusha rwo kwiga gutwara imodoka canke karangamuntu itari iy'umushoferi biciye mu kinyoma, canke uwandikishije imodoka ndetse n'uwandikishije ubundi bwoko bwose bw'ingendeshwa canke ubwato biciye mu kinyoma, canke ukoresha izina atari iriyiwe arondera uruhusha rwo gutwara imodoka, ndetse n'urwo kuyiga canke arondera karangamuntu itari iy'umushoferi, canke yandikisha imodoka ndetse n'ubundi bwoko bwose bw'ingendeshwa canke ubwato, canke n'ibigirankana agafasha uwundi kuronka izo mpusha, ukwandikisha n'uguhabwa karangamuntu babeshe imyaka canke mu myidondoro y'uwiyandikisha, azocibwa amande atarenze \$1,000 canke apfungwe imyaka itarenze ibiri, canke ivyo bihano vyose hamwe kandi azokwakwa uburenganzira bwo gukora mu kiringo c'iminsi 90.

UBURYO BWO KUDOMAKO URUTOKE ABASHOFERI BAFISE IBIBAZO

Mu gihe usaba uruhusha rwo kwiga gutwara imodoka, uruhusha rwo gutwara imodoka ku bakiri bato, ndetse n' uruhusha rwo gutwara imodoka, hazokorwa iperereza ku rwego rw'igihugu ryo kudomako urutoke abashoferi bafise ibibazo (PDPS). Nimba inyishu za PDPS zerekana ko wahagaritswe, wahagaritswe burundu, wankiwe, canke wakuwemwo mu yindi ntara, ntuzohabwa uruhusha rwo gutwara imodoka muri Vermont, uruhusha rwo kwiga gutwara imodoka, canke uruhusha rw'abatwara bakiri bato gushitsa igihe tuzobonera ivyemeza ko wasubijwemwo canke wejejwe muriyo ntara. Nimba warahagaritswe, wahagaritswe burundu, wankiwe, canke wakuwemwo muyindi ntara, ntuzoshobora gukora ikibazo canke ng'uhabwe uruhusha rwo gutwara imodoka.

Igice ca 3- Ikimenyetso c'ibikuranga

Uzokenera impapuro zega **bino bice bi 4** bikurikira:

1. [Karangamuntu hamwe n'itariki y' amavuko](#)
2. [Amakuru y'ukuziganiriza ubukukuruke](#)
3. [Ukwemerwa kuba muri Vermont n'umuhana wanyu](#)
4. [Igihagararo cemewe n'amategeko muri Leta Zunze ubumwe \(ni ngombwa gusa kuri ID na EDL vy'ukuri\)](#)

Menya:

- ⇒ Impapuro zitegerezwa kuba iz' ukuri, canke kopi zemejwe n'ishami ryazitanze. Impapuro zirungitswe muri Fax canke kopi ntizizokwakirwa.
- ⇒ Impapuro zitegerezwa gusuzumwa no kwemezwa n' igisata. Amakuru yiyongereye ashobora gusabwa.
- ⇒ Hari igihe bishika, kwemeza impapuro ntibibe uyo muni nyene kandi bishobora gusaba kugaruka.
- ⇒ Impapuro z' ukuri zihawe DMV zizosubizwa uwiwandikisha kandi zishobora no gufotorwa no kubikwa mu bubiko bw'amakuru bwizewe.
- ⇒ Nimba izina ryawe ritandukanye n' iryanditse ku mpapuro zawe, utegerezwa kuzana ibimenyetso vy' ihindurwa ryemewe (Urapapuro rw'abubatswe, Itegeko ryo kwahukana, Itegeko rya Sentare, n'ibindi)

Karangamuntu hamwe n' itariki y' amavuko:

Utegerezwa kuzana kimwe mur'ibi bikurikira:

- ⇒ Pasiporo yemewe, itarata igihe
- ⇒ Icemezo c'amavuko c'uwiwandikisha, c'uko wubatswe, c'uburezi, c'ukwahukana, harimwo n'ibisobanuye mu rundi rurimi mu gihe bikenewe.
- ⇒ Igitabo c'ibivugwa kw'ivuka mu mahanga (CRBA) catanzwe na Leta Zunze ubumwe za Amerika. Igisata ca Leta (Urapapuro Fs-240,DS-1350 canke FS-545)
- ⇒ Urapapuro rw'indangamuntu rwemewe rwatanzwe na Leta ya Mexique ,Guatemala (canke iyindi Leta ifise imfatiro n'amategeko ngenderwako yo gukingira akomeye, nk'uko vyashinzwe na Komiseri)
- ⇒ Ikarata y'uwuba mu gihugu avyemerewe itarata igihe (Urapapuro I-551)
- ⇒ Urapapuro rw'uhawe ubwenegihugu rwatanzwe na DHS (Urapapuro N-550 canke N-570)
- ⇒ Urapapuro rw'ubwenegihugu rwatanzwe na DHS (urapapuro N-560 canke N-561)
- ⇒ Karangamuntu Uruhusha rwo gutwara imodoka bw' ukuri canke Ikarata y'Indangamuntu yatanze hakurikijwe imfatiro zashinzwe na 6 CFR igice ca 37
- ⇒ Nimba izina riri ku ruhusha rwo gutwara imodoka ari/ atazoba ari izina riri ku mpapuro za mbere (nk'akarorero, biciye mu kwubaka, kurerwa, itegeko ritanze na sentare, canke ubundi buryo bwemewe n' amategeko canke amabwirizwa ya Leta), icemezo co guhindurwa kw'izina biciye mu kwerekana impapuro zitanze na sentare, igisata ca Leta canke ikindi gisata nk'uko vyashinzwe na Komiseri kirakenewe. DMV izogumana kopi z'impapuro zatanze kandi izobika amazina yose ar'iryanditswe ndetse n'iriyari ku mpapuro z'inkomoko.

Menya: Ibindi bisabwa birashobora gukenerwa bitewe n' ubushake bwa DMV mu gihe impapuro zatanze zitizewe canke mu gihe hari igituma bibaza ko umuntu atari uwo avuga ko ari we. Abajejwe gutanga uruhusha rwo gutwara imodoka bazokwemeza nimba impapuro

zatanzwe muri uru rutonde ari iz' ukuri, ziri ku gihe kandi zemewe. Impapuro zifotowe n'izarungitswe kuri fax NTI zizokwemerwa.

Uruhusha rwo gutwara imodoka rurimwo na pasiporo (EDL) rurasaba Icemezo c'Ubwenegihugu bwa Amerika:

Abenegihugu ba Amerika bagaruka bavuye muri Canada, Mexique, Caribbean, canke Bermuda, bazananye ku butaka canke ku mazi, basabwe kwerekana Pasiporo ya amerika, Ikarata ya Pasiporo ya Amerika canke uruhusha rwo gutwara imodoka rurimwo na pasiporo (EDL). . EDL irasaba icemezo c'Ubwenegihugu bwa Amerika vyiyongereye kuri Karangamuntu, SSN n'Uruhusha rwo kuba muri Vermont.

Amakuru y'ukuziganiriza ubukukuruke

Utegerezwa kwerekana ikarata ya Social Security canke ikete rivuye mu Biro vya Social Security ryerekana ko umuntu atemerewe kuronka numero ya Social Security (SSN).

Nimba ikarata ya Social security yawe itari hafi, kimwe mu bikurikira gishobora gukoreshwa mu kibanza cayo:

- ≡ Urupapuro W-2 ,
- ≡ Urupapuro SSA-1099,
- ≡ Impapuro zo guhemberwako zerekana amazina na SSN (n'imiburuburi ibiharuro 4)

Amakuru akosowe / amazina ahinduwe

Izina ryawe ritegerezwa kwemeza n'Ibiro vya Social Security. Nimba ukeneye gukosora canke guhindura amakuru ku Biro vya Social Security, bikore imbere yo kuja kuri DMV. Utegerezwa kuzana ikarata ya Social Security ikosoye igihe wiyandikisha urondera Uruhusha rwo gutwara imodoka rukosoye canke ikarata Karangamuntu iri ku mazina yawe mashasha. Ushaka kumenya uko bikorwa, raba kuri socialsecurity.gov.

Gusubiriza ikarata ya Social Security

Ibiro vya Social Security biratanga ubufasha ku rubuga ngurukana bumenyi kubaba muri Vermont bubonerwakuri [Social Security online portal](http://socialsecurity.gov). Ibi bishoboza abantu gusubiriza ikarata yabo ya SSN bibereye muhira canke ku mirimo, batarinze kuja ku Biro vya Social Security. Ushaka kumenya uko bikorwa, raba kuri socialsecurity.gov.

Abanyamahanga

Nimba uri umunyamahanga ufise igihe gito utemerewe gukora , usabwa gutanga impapuro zivuye mu Biro vya Social Security bigaragaza ko udafise SSN. DMV ya Vermont izokwemeza numero yawe ya USCIS. DMV ya Vermont ntizoguha urusha rwo gutwara imodoka canke Karangamuntu nimba ufise imisi idashika 30 yemewe n'amategeko yo kuhaba. DMV ya Vermont izosuzumisha ubuhinga bwa none izina ryawe, itariki y'amavuko hamwe na SSN ifataniye n'Ibiro vya Social Security. Raba neza ko impapuro zawe zikwiriye kandi ziri ku gihe kugira wirinde gutakaza umwanya.

Ukuba muri Vermont na aderesi

Kugira uronke uruhusha rwo gutwara imodoka muri Vermont rushasha, EDL, uruhusha rwo kwiga gutwara imodoka, Karangamuntu itari iy'umu shoferi, canke gusaba uburenganzira bwo gutwara imodoka z'ubudandaji utegerezwa gutanga icemeza ko uba Vermont. Ikindi, abiyandikisha bava hanze y'intara ya Vermont bazosabwa icemezo c'uko baba muri Vermont igihe co gusubirizwa kwa kimwe cose mur'ivyo twavuze aho hejuru.

Aderesi y'aho uba utanga itegerezwa kuba iy' ibarabara canke iy'ibarabara rikuru. Ishobora kuba atari agasandugu ka posita Mu bice bitagira numero n'izina ry'ibarabara, hakoreshwa amasezerano ya aderesi ya Leta Zunze ubumwe za Amerika. Ubufasha bwa posita buremewe. Ushobora gukoresha agasandugu ka posita nka aderesi meyile yawe.

Nimba meyile yawe yakirirwa kuri aderesi y' ibarabara ubako:

⇒ Meyile zibiri ziri kw' izina na aderesi y'ibarabara ubako ubu.

Nimba meyile itakiriwe kuri aderesi ubako, tanga bibiri (2) mur ibi bikurukira vyerekana aderesi y'ibarabara ubako:

⇒ Fagitire y'ivyankenerwa(itegerezwa kwerekana aderesi batangako ubufasha)

⇒ Fagitire y' itagisi ry'itongo naho rihereyere.

⇒ Amasezerano ya nyene urupangu.

⇒ Ikarata EBT ya Vermont (Electronic Benefit Transfer) canke ikarata ndangamuntu Vermont AIM(Advanced Information Management).

⇒ Asiranse ya bene amazu / abapangayi (policy/ proof of claim)

⇒ Nimba uwiyandikisha abana n'abandi hama ntaronke mayile kuri aderesi y' ibarabara:

⇒ Wuzuje Urupapuro rw'uba muri Vermont urutangane n'urwo wiyandikishako.

Abasirikare ba Amerika, Active Duty

⇒ Nimba uba Vermont, raba hejuru.

⇒ Nimba uba hanze y'intara, Karangamuntu ya gisirikare n'ikigaragaza k'uba muri Vermont mu makuru abitswe ya gisirikare, nk'uburuhuko canke ivyemeza uduhembo.

Abana bato

⇒ Urupapuro rwemeza k'uba muri Vermont n'urw'umwe (1) mu bavyeyi ruri aho hejuru.

⇒ Icemezo c'ico umuyeyi / umurezi apfana n'uwiyandikisha.

Ibisabwa vy'ukuba mu gihugu ku ruhusha rwo kwiga gutwara muri Vermont

Mu kwemeza k'aba muri Vermont, uwiyandikisha ategerezwa guha Igisata kimwe mu mpapuro zavuzwe hejuru. Nimba uwiyandikisha ar' umwana muto,umuyeyi/ umurezi azosabwa gutanga impapuro z'ukuba mu gihugu.

Nimba uwiyandikisha atari uba Vermont ,ashobora kuronka uruhusha rwo kwiga rwa Vermont kugira aje mu nyigisho zo gutwara imodoka no mu myimenyerezo. Uwiyandikisha ategerezwa gutanga mu Gisata kimwe mur' ibi bikurikira:

⇒ Ikete rivuye ku murezi w' ishure rivuga ko umunyeshure/ uwiyandikisha ashobora kuja mu nyigisho zo gutwara imodoka, canke

- ☞ ikete rivuye kw' ishure ryigisha gutwara imodoka rivuga ko uwiyaandikisha/ umunyeshure asanzwe ari mw' ishure.

Igihagararo cemewe n'amategeko muri Leta Zunze ubumwe (bikenewe gusa ku vyerekeye ID nyezina na EDL)

Kenshi, impapuro zikenewe zemeza umwidondoro hamwe n'itariki y' amavuko navyo birerekana igihagararo cemewe n'amategeko muri Leta Zunze ubumwe Abanyamahanga bategerezwa gutanga pasiporo na viza, alien registration receipt card (green card), canke ibindi vyemeza ukuba uri mu gihugu biciye mu mategeko kubw'isuzumwa no gufotora.

DMV ya Vermont ikoresha iya Amerika. Integuro y'Igisata c'Umutekano w'Igihugu izwi nka Systematic Alien Verification for Entitlement (SAVE) yemeze ikoresheje ubuhinga bwa none impapuro z'abinjira zatanze na Leta Zunze ubumwe za Amerika. Igisata c'Umutekano w'Igihugu canke Leta Zunze ubumwe za Amerika. Ubwengehugu n'ugufasha abinjira mu gihugu.

- ☞ Nimba wiyandikisha kubw'uruhusha rwo gutwara imodoka rurimwo na pasiporo (EDL), icemezo c'ubwengehugu bwa merika kirakenewe.
- ☞ Icemezo c'igihagararo cemewe n'amategeko gitegerezwa kugira *n'imiburiburi iminsi 30 isigaye.*

Ikarata y'uburenganzira bwo gutwara imodoka ku batari abenegihugu

Ikarata y'Uburenganzira y'Umushoferi n'uruhusha rwo gutwara imodoka rudashingiye kuri Karangamuntu nyezina.

Ikarata y'Uburenganzira y'Umushoferi irahari kur' uwo wese afise uburenganzira bwo kuba muri Vermont. Gutanga DPC ntibisaba ivyemezo vy' ukuba muri Amerika canke ubwengehugu bwa Amerika.

Imyidondoro wihitiyemwo.

Ibikurikira n'imyidondoro wihitiyemwo ku burenganzira bwo gutwara imodoka muri vermont canke ikarata ndangamuntu atari iy' umushoferi.

- ☞ Uburebure
- ☞ Ibiro
- ☞ Ibara ry' amaso
- ☞ Igitsina

Abiyandikisha ntibasabwa na Vermont canke amategeko y'intara kwerekana impapuro zemeza amakuru barangika kuri ibi.

Igice ca 4- Amakuru rusangi ku bijanye n'uruhusha rwo gutwara

Impusha zo gutwara imodoka

Nimba uba muri Vermont ukaba utegura gutwara imodoka muri Vermont, utegerezwa kuronka uruhusha rwo gutwara imodoka rwa Vermont. umuntu aba yimukiye mur'iyi ntara avuye mu yindi afise uruhusha rwo gutwara imodoka rukora muri yo azoronka uruhusha rwo gutwara rwa Vermont mu minsi 60 ahimukiye.

Nk'uko bitegekanijwe n' amategeko ya Leta, umuntu wese afise uruhusha rwo gutwara imodoka y'ubudandaji ivuye mu kindi gihugu ategerezwa kurungika uruhusha rwiwe rwo gutwara imodoka z'ubudandaji mu minsi 30 yo kurondera uruhusha rwo kuba muri Vermont.

Igikorwa co kurondera uruhusha rwo gutwara imodoka gituma gutwara imodoka bibabera uburenganzira, kandi kugira uruhusha rwo gutwara imodoka bisaba ko utwara mu mategeko no kwubaha abakoresha ibarabara rikuru bose, harimwo abatwara amakinga n' ama moto, hamwe n' abagenda n' amaguru mu kwubaha no kwitwararika abandi.

Inkurikizi ugira ku buzima bw' abandi ziragwira cane, nk' uko ar'ico ujejwe iyo ugeze mu ntebe yawe y' umushoferi y' imodoka. Ikibazo c'uruhusha rwo gutwara imodoka gipima ubumenyi bwawe n' ivyo ushoboye gukora. Ni uruhusha rwawe gutwara imodoka mu buryo b'umutekano kandi bw'ukwiyubara.

Ubwoko bw' impusha

- Uruhusha rwo kwiga gutwara
- Uruhusha rwo gutwara imodoka.
- Uruhusha rwo gutwara imodoka rw'abakiri bato
- Uruhusha rwo gutwara imodoka y' ubudandaji.
- Uruhusha rwo gutwara imodoka rurimwo na pasiporo (EDL).
- Ikarata y'uburenganzira bwo gutwara imodoka ku batari abenegihugu

Ibibazo n' inyishu kubijanye n' uruhusha rwo kwiga gutwara

Ninde akeneye uruhusha rwo kwiga gutwara imodoka

Nimba uri umwenegihugu wa Vermont ukaba ushaka gutwara imodoka muri Vermont, uzotegerezwa kuronka uruhusha rwo kwiga gutwara muri Vermont. Utegerezwa ukaba ufise imyaka 15 kugira ukore ikibazo. Umwenegihugu wo mu kindi gihugu asaba kwiyandikisha muri Vermont mu kwiga gutwara imodoka n' ivyigwa vy'imyimenyerezo ashobora kandi kuronka uruhusha rwo kwiga gutwara muri Vermont(ikete rivuye mw' ishure ryemeza ko yiyandikishije rizokenerwa)

N' igiki nokora kugira ndonke uruhusha rwo kwiga gutwara imodoka.

1. Nimba ufise imyaka 15, 16, canke 17 y'ubukure, ukeneye uruhusha rw' umuvyeyi canke umurezi (kiretse uri umwana atabana n'abavyeyi). Umuvyeyi canke umurezi avyemerewe ategerezwa gushira igikumu ku mpapuro zo kwiyandikisha imbere yugukora ikibazo. Nimba ur' umunyeshure aturuka mu kindi gihugu, ushobora kuronka [Urupapuro rw'Uruhusha rw'Umuvyeyi w'umunyeshure w'Umunyamahanga](#) (VL-036) kugira umuvyeyi canke umurezi avyemerewe ashirireko igikumu. Umuvyeyi aguhaye indaro ntashobora gushirako igikumu.
2. Uruhusha rwawe ruzatangwa inyuma y'ikibazo c'uruhusha gikorerwa ku buhinga ngurukana bumenyi n'inyuma y'ukuriha amafaranga asabwa.

Kwiyandikisha k'uruhusha rwo kwiga gutwara, umuntu ari muni y' imyaka 18 ategerezwa kuba afise icete cerekana ko atagiye akora amakosa yo gutwara imodoka mu myaka 2 iheze. Nimba warigeze guhagarikwa, kwakwa urwo ruhusha, vugana na DMV kubera ushobora gusabwa kurindira ikindi gihe.

Ni ryari canke hehe nshobora gutwara imodoka mfise uruhusha?

Ufise Uruhusha rwo kwiga rwemewe ushobora gutwara imodoka ahariho hose , umwanya uwariwo wose muri Vermont nimba hariho umuvyeyi afise uburenganzira bwo gutwara imodoka atagira ubumuga canke umurezi, canke umumenyereza wo gutwara imodoka abifitiye uburenganzira canke umuntu afise imyaka 25 afise uburenganzira bwo gutwara imodoka atagira ubumuga canke umuntu akuze yicaye mu kibanza c'imbere. Imbere yo gutwara imodoka mu yindi ntara , utegerezwa kuvugana n'Igisata c'imiduga canke ikijewe ishira mu bikorwa ry'amategeko muriyo ntara kugira barabe nimba vyemewe n'amategeko gutwara imodoka mur'iyi ntara ukoresheje uruhusha rwo kwiga gutwara rwa Vermont.

Ibibazo n' inyishu kubijanye n'Uruhusha rw'abashoferi bakiri bato

Ninde ashobora kuronka Uruhusha rw'Abashoferi bakiri bato?

Umuntu ategerezwa kuba yarigenjeje neza atarengeje igihe yahawe, atahagaritswe, canke atafuswe mu gihe c'amezi 6 imbere y' ukuronka Uruhusha rw'Abashoferi bakiri bato.

Umuntu ategerezwa kugira uruhusha rwo kwiga n' imiburiburi umwaka umwe (1) imbere yo kuronka uruhusha rw'abashoferi bakiri bato.

Uburenganzira bwo gutwara imodoka ku bana bato buhabwa umuntu afise imyaka 16 canke 17 yatoye ikibazo gitegekanijwe. Umuvyeyi wawe canke umurezi avyemerewe ategerezwa gushira igikumu ku rupapuro rwo kwiyandikisha kugira wemererwe gukora ikibazo.

Imbere yo kuronka uburenganzira bwo gutwara imodoka, abafise imyaka 16 na 17 bose bategerezwa kuba baratoye ikibazo cemewe n' igihugu c'ishure ryo kwigisha gutwara imodoka n' imyimenyerezo imara amasaha 30 yo mw' ishure, amasaha 6 yo kwimenyereza gutwara n' amasaha 6 yo kwihwezwa. Ishami ry'Inyigisho rya Vermont, Igisata c'Inyigisho zo gutwara imodoka, n'iryo rikuriye inyigisho z'ukwigisha gutwara imodoka mu mashure yisumbuye. Hariho kandi amashure yigisha gutwara imodoka z' ubudandaji [muri Vermont atanga ivyigwa n' imyimenyerezo yo gutwara imodoka](#). Iciyongerako ku masaha twavuze hejuru, utegerezwa kumara amasaha 40 yo kwimenyereza gutwara imodoka, n' imiburiburi amasaha 10 yo gutwara imodoka mw' ijoro. Gutwara imodoka mw' ijoro biharurwa ku minota 30 izuba ryarenze, gushika iminota 30 imbere y'uko izuba riseruka.

Nkeneye iki kugira ndonke Uruhusha rwo gutwara imodoka rw'Abana bato?

1. Uruhusha rwo kwiga gutwara rwa Vermont rutarata igihe. Umuntu ashobora gukora ikibazo co mw' ibarabara iyo uruhusha rwiwe rwo gutwara rutataye igihe kirenga imyaka 3 kandi rwasubirijwe imbere yo gukora ikibazo. Nimba rwarataye igihe mu gihe kirenze imyaka 3 ikibazo co kwandika kizokenerwa imbere yo guhabwa ikibazo c'ibarabara.
2. Icigwa kirangiye neza co kwiga gutwara imodoka cemejwe n'ishami rya Vermont ry' inyigisho canke Igisata c' imiduga ca Vermont. Umwigisha wawe ategerezwa kugushira muri [Serevise yo Kwemeza Inyigisho zo gutwara imodoka](#) imbere y' uko ukora ikibazo co gutwara imodoka. Inyigisho zo hanze y'igihugu zo gutwara imodoka zemerwa mu gihe uhawe inyigisho n'umwigisha abifitiye urupapuro rw'umutsindo kandi zirimo imyimenyerezo yo mw' ishure n'iyi mw'ibarabara. Nimba Ceretifika yo kurangiza itatanzwe n'ishami ry' igihugu, Uwiyandikisha ategerezwa gutanga urupapuro rufise umutwe w' ikete uvuye mw' iryo shami werekana ko integuro yo kwigisha gutwara imodoka ariyo yatanze iyo ceretifika, kandi ritegerezwa gutangwa ibisabwa kugira urangize iyo nteguuro.

3. Umuvyeyi wawe canke umurezi ategerezwa kwemeza ko wahejeje amasaha 40 wimenyereza mw'ibarabara, n'amasaha 10 n'imiburiburi utwara mw' ijoro. Urashobora gukoresha urupapuro rwo kwimenyereza (form VN-219) canke [RoadReady App](#) yo gukurikirana intambwe zawe. **Menya:** Amategeko asaba amasaha 40 yo kwimenyereza yiyongeye ku masaha 6 utwara mw'ibarabara asabwa mu kurangiza inyigisho zo gutwara imodoka.
4. Ukeneye uruhusha rw' umuvyeyi wawe canke umurezi avyemerewe (kiretse uri umwana muto yibana) Umuvyeyi canke umurezi avyemerewe ategerezwa gushira igikumu ku mpapuro zo kwiyandikisha imbere yugukora ikibazo. Nimba ur' umunyeshure yiga mu kindi gihugu, ushobora kuronka urupapuro rutanga uburenganzira ku munyeshure yiga mu kindi gihugu (VL-036) kugira umuvyeyi canke umurezi avyemerewe ashireko igikumu. Umuvyeyi aguhaye indaro ntashobora gushira igikumu kuri uru rupapuro. Uru rupapuro rurahari ku biro vy'imiduga.
5. Utegerezwa gushiramwo numero yawe ya social security mu kwiyandikisha canke ugashiramwo ikete rivuye mu biro vya social security rivuga ko udashoboye kuronka numero ya social security.
6. [Saba isango](#) gukora ikibazo
7. Ugire imodoka ifise isuku, ikomeye, iciye mu mategeko, kandi ifise ikarata y'isuzumwa. Urabe neza ko amafire yose akora neza.
8. **Itegere:** raba ikarata ya asiranse ko ikora nkuko bisabwa n' amategeko ya Vermont n'uk'imodoka yanditswe imbere yo gushika kw'isango wahawe. Kuterekana ikarata ya asiranse ikora na ceritifika yemewe bizokubuzwa gusuzumwa. Ikarata ya asiranse itegerezwa kwerekana ikigo gitwara iyo asiranse, Igihe itangurira gukora n' igihe izohereza, izina ry' uyihawe, n'ibiranga imodoka hamwe na numero iranga imodoka.
9. Uruhusha rwawe rwo gutwara imodoka ruzatangwa inyuma yo gutwara ikibazo c'ibarabara, kuriha amafaranga akenewe no gutanga ibikuranga (raba igice ca 3).

Kurungika uruhusha rwo gutwara imodoka k'uba hanze v' igihugu (abivandikisha bari muni v' imvaka 18)

Urashobora guhinduza uruhusha rwawe rwo gutwara imodoka ku bakiri bato bavuye hanze y' igihugu mu kuronka Uruhusha rwa Vermont bwo gutwara imodoka ku bakiri bato biciye mu: (1) Gutwara ibibazo bisabwa; (2) Gutanga ivyemeza (raba ivyo ukenera kuronka uburenganzira bwo gutwara imodoka ukiri muto;#2 hejuru) guheza neza integuro y' inyigisho zo gutwara imodoka zemewe n'igihugu. (3) Gutanga ivyemeza ko wahejeje amasaha 40 yiyongereyeko yo gutwara imodoka.

Nimba ufise uruhusha rwo gutwara imodoka ku bakiri bato bavuye mu kindi gihugu ukiyandikisha kugira uronke uruhusha rwo gutwara rwa Vermont uzotegerezwa kuronka uburenganzira bw'imfata kibanza bwa Vermont kiretse ufise uburenganzira bw' abakiri bato mu kindi gihugu mu kiringo c'amezi atandatu n'imiburiburi.

Ikibazo c'uruhusha rwo gutwara imodoka c' ishure rvisumbuye

Bamwe mu bigisha ba DMV b' inyigisho z' amashure yisumbuye yigisha gutwara imodoka barakoresha ibibazo vy' ibarabara vy' uruhusha rwo gutwara imodoka. Iyi serevise itangwa n' amashure yiyandikishije mu gutanga ibibazo yonyene, hamwe n' abigisha babihereye urupapuro rw'umutsindo rwo gukoresha ibibazo na

Igisata gishinzwe ivy' Imiduga. Ikibazo co mw' ibarabara kizohabwa abanyeshure biga ku mashure ari murayo bonyene.

Umunyeshure atoye ikibazo c' ibarabara catanzwe n' umwigisha w' ishure ryisumbuye ryigisha gutwara azohabwa **Driver Education Examination Certificate** Iyi ceretifika , Uruhusha rwo kwiga gutwara rwa Vermont, urupapuro rw'ushaka uruhusha rwo gutwara ruteweke igikumu n' umuvyeyi canke umurezi avyemerewe , ikibazo c' ibarabara n' amafaranga y' uburenganzira bwo gutwara, n' icemezo c'uwemerewe kuba muri Vermont vyose bisabwa kugira uronke uruhusha rwo gutwara imodoka. Ibi utegerezwa kuvyitangira wewe nyene ku biro ivyarivyo vyose vya serevise y' imiduga. Abamenyereza b'amashure abirekuriwe bazotanga amakuru yose yerekeye integuro ku banyeshure.

N'ibiki bitemewe mu ruhusha rwo gutwara imodoka bw' abana bato?

Uruhusha rwo gutwara imodoka ku mwana bato bufatwa nk' uburenganzira mfata kibanza Komiseri ajejwe imiduga arashobora kukwaka uburenganzira bwo gutwara mu gihe werekanye ko uri umushoferi atizewe bivuye ku bikorwa vyawe. Uruhusha rwawe ushobora kandi kurwakwa umuvyeyi wawe canke umurezi wawe akuyemwo uruhusha kugira utware imodoka.

Igihe ufise Uruhusha rwo gutwara rw' umwana muto **ntushobora** gutwara imodoka ku bikorwa vy' akazi mu kiringo c'umwaka umwe (1) inyuma yo kuronka uruhusha rwo gutwara ku bana bato Nk' akarorero, umuntu ntashobora gukora akazi k' uwutwara pizza (umushoferi) ataramara n'imiburiburi ikiringo c'umwaka umwe aronse urwo ruhusha , canke gushika ashikanye imyaka 18, ikiza ubwa mbere cose.

Igihe ufise uruhusha rwo gutwara ku bana bato, ntushobora gutwara abantu bakota imiduga.

Mu kiringo c'amezi atatu (3) ya mbere ukoresha uruhusha rw' abana bato, urabujijwe gutwara imodoka uri wenyene. Gutwara abandi bantu mu modoka vyemewe gusa mu gihe harimwo umuvyeyi canke umurezi atakibazo c'amaso afise, yaronse uruhusha rwo gutwara imodoka, atanyoye inzoga kandi amaze imyaka 25 canke irenga agendera ku ntebe y'imbere. Nimba umwe (1) muri abo bantu ari mu modoka, nta gitigiri c' abatwarwa kihari. Yamara, umushoferi **ntivemerewe** gutwara abantu barenga igitigiri c'imisipi y'umutekano.

Mu kiringo c'amezi atatu (3) ya kabiri ukoresha uruhusha rwo gutwara imodoka rw' abakiri bato,umuntu arashobora gutwara abo mu muryango.

Umaze kuronka uruhusha rwo gutwara imodoka rw'abakiri bato urumaranye amezi 6, nta gitigiri c'abantu utwara mu muduga uba ukigoberewe gukurikiza. Yamara, umushoferi ntiyemerewe gutwara abantu barenga igitigiri c'imisipi y'umutekano.

Umuntu ntakwiye gukoresha za ngendanwa mu gihe ariko aratwara imodoka. Ibi birimwo gusoma, gukoresha amaboko wandika canke urungika ubutumwa (harimwo kwandika mesaje, ubutumwa bw'ako kanya, na mayile) Ibikoresho ngendanwa harimwo, ariko hatagarukiye kuri ,telephone ngendanwa,Personal Digital Assistant(PDA), za tablet/iPad hamwe nama laptop.

Ibibazo n' inyishuku bijanye n'uruhusha rwo gutwara

imodoka. Ninde ashobora kuronka uruhusha rwo gutwara

imodoka?

Uruhusha rwo gutwara imodoka ruhabwa abantu babishoboye bafise imyaka 18 canke irenga batoye ikibazo gisabwa. Uruhusha rurekurira umuntu gutwara imodoka itari iy' ubudandaji kiretse bus y'ishure canke moto. Gutwara bus y' ishure canke moto bisaba ikindi kibazo cyongerako.

Noronka gute uruhusha rwo gutwara mu gihe mfise urusha rwo kwiga gutwara?

1. Saba gahunda yo gukora ikibazo.
2. Kuba ufise umuvyeyi canke umurezi afise uruhusha rwo gutwara imodoka kandi adafise ikibazo c'amaso, canke umumenyereza abirekurawe, canke urikumwe n'umuntu afise uruhusha rwo gutwara afise imyaka 25 canke irenga. Uruhusha rw'umushoferi aguherekeje uw'ariwe wese rutegerezwa kuba rukiri ku gihe mur'uyo mwanya.
3. Ugire imodoka ifise isuku, ikomeye kandi ifise ikarata y' isuzumwa ikiriko irakora. Urabe neza ko amafire yose akora neza.
4. Icemezo ca asiranse y'umuduga ya none kandi ikora kirasabwa n'amategeko ya Vermont. Ikarata ya asiranse itegerezwa kwerekana ikigo gitwara iyo asiranse, Igihe itangurira gukora n' igihe izohereza, izina ry' uwuyihawe, amakuru yose ajanye n'imodoka harimwo na nimero iranga imodoka.
5. Icemezo c'uk'imodoka yanditse kiri ku gihe kirasabwa.
6. Uruhusha rwawe rwo gutwara ruzatangwa inyuma yo gutora ikibazo no kuriha amafaranga .

Noronka gute uburenganzira bwo gutwara mu gihe mfise urusha rwo kwiga gutwara?

Iyo umunyagihugu **mushasha wa Vermont** asavye uruhusha rwo gutwara rwaho muri Vermont kandi afise uruhusha rwavuye mu kindi gihugu ruri kigihe canke rwarangiye hashize imyaka itatu (3) canke muni y' aho, asabwa gukora isuzumwa ry'amaso.

1. Zana uruhusha rwawe rwo gutwara ruriho canke rwarangiye mu gihe kitarenze imyaka 3 ruva mu gihugu waturutsemwo, hamwe n' ibimenyetso vyerekana umwirondoro wawe (raba igice ca 3). Nimba uruhusha bwo gutwara bw'iwanyu butagikora, fata uwufise uruhusha rukora agutwara ku gisata c' imiduga. Nimba Uburenganzira bwawe bwo gutwara bwarataye igihe mu kiringo kirenga imyaka itatu (3), canke ukaba udafise uburenganzira bwo gutwara bwo mu kindi gihugu, uzotegerezwa gukora ikibazo co kubona,co kwandika n'ic' ibarabara.

Ninde ashobora kudahabwa uruhusha rwo gutwara imodoka bushasha canke gusubiriza urwo yar'asanganywe?

Umuntu yarafise uburenganzira bwo gutwara imodoka mu gihugu icarico cose bwahagaritswe, bwatswe, canke bwanswe ntashobora guhabwa uburenganzira bwo gutwara gushika ukwo guhagarikwa, kwakwa, canke kwankirwa vyaheze kandi uwo muntu akaba yandikiwe icandiko co kubisubizwa.

Uruhusha rwo gutwara imodoka n'urushobora guhabwa umuntu mu gihe umu komiseri w' imiduga afise ivyemezo ko uwo muntu adashobora canke atazotwara imodoka adashize mu ngorane abandi bakoresha ibarabara rikuru.

Umuntu adafise ubwengegihugu bwa Vermont.

ICEMEZO CO GUTWARA BUS Y' ISHURE

Uwufise uburenganzira bwo gutwara imodoka wese muri Vermont, atwara abanyeshure muri bus y'ishure, ategerezwa kuba afise uruhusha rwo gutwara imodoka kandi yemerewe gutwara bus y'ishure.

- Nimba utwara bus y'ishure, ifise uburemere bwinshi bupima ama pawundi 26,001 canke arenga, canke yakorewe gutwara abantu 16 canke barenga harimwo n' umushoferi, uzokenera uruhusha rwo gutwara imodoka y'abantu n'ibintu n'icemezo co gutwara bus y'ishure.
- Nimba utwara abanyeshure muma bus y'ishure yakorewe gutwara abantu bari musu ya 16, usabwe kuronka icemezo co gutwara bus y'ishure Type II ku burenganzira bwawe bwo gutwara bus ku ruhusha rwo gutwara imodoka rwawe.
- Nimba uriko utwara abanyeshure mu zindi modoka, ushobora kandi gukenera icemezo co gutwara bus y'ishure ca Type II.
- Nimba utwara abanyeshure muri bus y'ibikorwa vyinshi, igabwa canke ikoswe n'ishure, ukeneye icemezo co gutwara bus y'ishure.
- Nimba uriko utwara abanyeshure mu modoka yo gukora, nka taxi, utegerezwa gufita icemezo co gutwara bus y'ishure.
- Nimba uriko utwara abanyeshure mu modoka canke bus ntoya y'umuntu yigenga canke y'ishure, ushobora gusabwa kuronka icemezo c'uburenganzira bwo gutwara bus y'ishure ku ruhusha rwawe.

Urashobora kuronka agatabo ka bus y'ishure muri bimwe mu biro vyacu.

ICEMEZO CO GUTWARA MOTO & URUHUSHA RWO KWIGA GUTWARA MOTO

umuntu wese afise imyaka 16 canke irenga afise uburenganzira bwo gutwara arashobora kuronka icemezo co gutwara moto canke uruhusha rwo gutwara moto mu gukora ikibazo.

Ukwiye gusoma **agatabo gafasha gutahura uko woronka uburenganzira bwo gutwara moto n'agatabo k'uwutwara** imbere yo gukora ikibazo. Urashobora kuronka agatabo ko kwiga gutwara moto mu kugendera bimwe mu biro vyacu.

INTEGURO YO KUMENYEREZA ABATWARA MOTO

Integuro yo kwigisha abatwara moto ya Vermont (VREP) iratera intege abantu b' imyaka yose bifuzwa gutwara moto kuja muri icyo nteguro. Integuro yo kwimenyereza ikurikiza urwego rw' imyimenyerezo yizewe kandi ruzwi na Leta kandi igira imyimenyerezo yo mw'ishure n' icyo kuri moto. Moto, ibitabo, hamwe n' inkofero zo gukinga impanuka biratangwa ku banyeshure bariko bariga inyigisho z' ibanze zo gutwara. Abanyeshure barangije neza izo nyigisho ntibarinda gukora ikibazo c'igihugu co kwandika n'ubumenyi kugira baronke icemezo co gutwara moto. Ushaka kumenya ibijanye n'ivyigwa raba ku rubuga [ngurukana bumenyi rwa Vermont DMV](#).

Noba ndakeneye isango?

Ego, raba kuri mydmv.vermont.gov kugira usabe isango. Abagendera DMV bose bagenda bahawe isango. Nimba udashoboye gukurikiza isango wahawe, usabwe gufutisha isango yawe wahawe canke ugasaba irindi sango vuba cane hashoboka kugira duhe uwo mwanya uwundi. Suzuma icemezo ca asiranse yawe ko kigikora nk'uko bisabwa n' amategeko ya Vermont n'urwandiko rw' imodoka yawe imbere yo gushika kuri DMV.

Menya: Nimba ufise ikibazo co kutumva neza bazoguha umusobanuzi mu gihe uzoba wabisavye mu gihe co gusaba isango. Ubufasha bwo gushobora guterefona k'umuntu afise ikibazo co kwumva (TTY) burahari muri Vermont uhamagaye kuri 711.

Ni kuki igihugu gisaba gukora ikibazo co gutwara?

Ibibazo bikoreshwa mu gupima ibi bikurikira:

- ⇒ Urashobora gusoma no gutahura ivyapa vy' ibarabara n' amatara akoreshwa kw' ibarabara?
- ⇒ Urazi amategeko yo gutwara imodoka muri iki gihugu?
- ⇒ Urabona bikwiye kugira ngo utware neza?
- ⇒ Urafise ubumenyi bukwiye bwo gutwara imodoka bukwemerera kuba umushoferi yizewe kandi yiyubara?
- ⇒ Urafise ubumuga ubwaribwo bwose bushobora kugutera ikibazo mu gutwara imodoka mu mutekano?
- ⇒ Uzofata neza imodoka yawe kugira ngo izobe yizewe gutwara?
- ⇒ Urifuzza kandi urafise ubumenyi bukenewe , kugira ube umushoferi yizewe kandi yiyubara?
- ⇒ Uritwararitse kwubaha uburenganzira bw' abatwara amakinga, abatwara moto, n'abagenda n'amaguru co kimwe n'abandi ba shoferi?

Ibibazo bimeze gute?

1. Raba ibibazo

Ukoresheje vision-screening device, uwutanga ikibazo azopima ko ubona neza. Nimba inyishu y'iyi screening yerekana ko ukubona kwawe kudakwiye ibisabwa ku bice 20/40, uzoca urungikwa kuri muganga w'amaso wihitanyemwo kandi wirihye kugira babandanye kugupima. Muganga w'amaso azokwuzura igipimo kugira yemeze nimba harivyo ukwiye kutemerwa mu gutwara imodoka. Muganga w' amaso ategerezwa kuba afise uburenganzira bwo gupima amaso.

2. Ikibazo c' ubumenyi

Ikibazo c' ubumenyi kiri ku buhinga ngurukana bumenyi kandi kikagira ibibazo 20. Ikibazo cose kigira inyishu zine uhitanyemwo, murizo imwe niyo y' ukuri. Utegerezwa kwishura n' imiburiburi ibibazo 16 neza kugira utore ikibazo. Nimba unaniwe ikibazo, utegerezwa kurindira n' imiburiburi umusi umwe kugira ukore ikindi.

3. Ikibazo c' ibarabara

Ikibazo c' ibarabara ntikizotangwa gushika utoywe ibindi bice vy' ibibazo.

Imbere y' ikibazo, wari ukwiye kugira n' imiburiburi amasaha 40 yo gutwara imodoka urikumwe n'umushoferi abimenyereye canke umumenyereza wo gutwara imodoka. N' imiburiburi amasaha atanu muriyo yari akwiye kuba mu ruja n'uruza. Mu bisanzwe umuntu wese afise ubushobozi busanzwe, hamwe n'imyimenyerezo ikwiye, arikumwe n'umukurikirana canke umumenyereza mwiza, arashobora kwiga gutwara imodoka.

Mu gihe c'ikibazo c'ibarabara, ntuzosabwa gukora ikintu nakimwe gitandukanye n' amategeko. Nta mitego uzoterwa. Utegerezwa gukurikiza ibisabwa n'uwutanga ikibazo azoba arikumwe nawe. Uzoba witezwe gukoresha imodoka yawe n'ubumenyi, utwara ku muvuduko nyawo bivanye n' ibisabwa, no kwubaha ibimenyetso n'amategeko vy'ibarabara.

Nta bikoko vyemewe mu muduga mu gihe c'ikibazo c'ibarabara

Ni wananirwa n'ikibazo c'ibarabara kumvo iyariyo yose, uzotegerezwa kurindira n' imiburuburi indwi imwe kugira ukore ikindi kibazo. Ni wananirwa ikibazo c' ibarabara incuro zitatu, bizosaba ko urindira ikiringo c' ukwezi kumwe.

Noba ntegerezwa kuzana imodoka kugira nkore ikibazo co gutwara?

Ego, imodoka itegerezwa kuba yanditswe kandi isuzumwe. Igihugu yanditswemwo kandi isuzumwemwo ntaco bitwaye. Utegerezwa kuba ufise icyemezo ca asiranse y' imodoka ukoresha. Raba aho yanditswe, ikimenyetso c' isuzumwa na asiranse imbere yo kuza gukora ikibazo.

Imodoka yo gukotwa ishobora kudakoreshwa mu kibazo c' ibarabara kiretse ikigo gikotesha gitanze ikete ritanga uburenganzira bw'uko uwiyangikisha akora ikibazo c' ibarabara mu modoka ikoswe. Imodoka zerekana iyandikwa ry'ubudandaji ntizemerewe kiretse uri mu muryango ushika wa nyene urudandazwa. Ikibazo c'ibarabara ntikizotangwa mu modoka yagenewe uburimi, ibintu vya kahise canke izifise nimero z'imenyekanisha kubera amategeko agabanya ikoreshwa ryazo.

Amategeko y' imodoka ikoreshwa mu kibazo c' ibarabara.

Ntuzokwemererwa gukora ikibazo co gutwara imodoka kiretse imodoka wazanye ikwije ivya ngombwa, imeze neza, kandi yanditswe neza, ifise asiranse, kandi isuzumwe. Ukuba imodoka imeze neza ng'ikoreshwe ikibazo vyega nyene gukora. Ikwije ivyangombwa kandi imeze neza harimwo: Amatara y' imbere, ihoni, ibihanagura ikiyo c'imbere, ikiyo kibona inyuma, amatara y' inyuma, amapine, uburyo buyitumbereza, ikiyo c' imbere, ibitwara umwotsi, amafire, ibikingi vy'imbere n'inyuma kandi igomba kuba yakozwe canke yateranijwe inyuma y' itariki 1 y'ukwa mbere, 1955, amatara yerekana iyo iriko iraja. Umusipi wo gukinga impanuka n' ibihanagura ibiyo birasabwa ku modoka zakozwe muri 1964 na nyuma. Nta kibazo c' ibarabara kizotangwa mu modoka idafise umusipi ukinga impanuka. Fire yo mu maguru niyo mu maboko bigomba kuba bishobora guhagarika imodoka mu buryo bwose yoba iriko iratwagwamwoy, haba ku mudugo canke ku mumanuko. Ugusiga canke ugupfuka bidahwanye n'amategeko ibiyo vy'imbere ntivyemewe.

Igice ca 5- Integuro y'abahejeje kwigira uruhusha rwo gutwara imodoka.

Integuro v' abahejeje kwigira uruhusha rwo gutwara imodoka

Abantu baronka uruhusha rwo kwiga gutwara canke urwo gutwara ku bana bato bategerezwa gukurikiza amategeko y' abahejeje kwigira uruhusha rwo gutwara imodoka. Ibikuru mur' aya mategeko birerekanwa aha hasi:

1. Umuntu akwije imyaka cumi n'itanu (15) canke irenga ashobora gutwara imodoka nimba afise uruhusha rukora rwo gutwara akaba ari kumwe n'umwe (1) muri aba bakurikira mu modoka, ajanye n'umushoferi :
 - Umuvyeyi canke umurezi afise uruhusha rwo gutwara ata kibazo afise,
 - Umumenyereza wo gutwara imodoka afise uburenganzira canke avyemerewe ata kibazo afise , na/canke
 - Umuntu afise n' imiburiburi imyaka **mirongo ibiri n'itanu (25) afise urusha rwo gutwara imodoka kandi ata kibazo afise.**
2. Kwiyandikisha k'uruhusha rwo kwiga gutwara, umuntu agomba kuba yarigenjeje neza muvuyo gutwara mu kiringo c'imyaka ibiri (2).
3. Umuntu ategerezwa kugira uruhusha rwo kwiga n' imiburiburi umwaka umwe (1) imbere yo kuronka uruhusha rw'abashoferi bakiri bato.
4. Imbere yo kuronka uburenganzira bwo gutwara imodoka ku bana bato, umuntu ategerezwa gukwiza ayandi masaha 40 yimenyereza kuri vola, n'amasaha 10 n' imiburiburi atwara mw' ijoro, barikumwe n'umwe mur'aba bari hejuru ari ajanye na shoferi. Amasaha mirongo ine (40) yo kwimenyereza yiyongerako ku masaha atandatu utwara kuri vola asabwa mu kurangiza inyigisho zo gutwara imodoka. Iyi myimenyerezo yiyongera itegerezwa kuba yemejwe n' umwe muri abo twavuze hejuru. Menya: 'Gutwara imodoka mw' ijoro biharurwa gutwara mu gihe c'iminota mirongo itatu (30) izuba ryarenze, gushika ku minota mirongo itatu (30) imbere y'uko izuba riseruka.
5. Umuntu ategerezwa kuba yarigenjeje neza atarangeje igihe yahawe, atahagaritswe, canke atafuswe mu gihe c'amezi 6 imbere y' ukuronka Uruhusha rw'Abashoferi bakiri bato.
6. Igihe ufise uruhusha rwo gutwara rw' umwana muto ntushobora gutwara imodoka ku bikorwa vy' akazi mu kiringo c' umwaka umwe (1) inyuma yo kuronka urwo ruhusha. Nk' akarorero, umuntu ntashobora gukora akazi k'uwutwara pizza (umushoferi) gushika amaze umwaka umwe (1) aronse uruhusha rwo gutwara imodoka ku bana bato, canke gushika ashikanye imyaka cumi n'umunani (18), ikiza ubwa mbere cose.
7. Igihe ufise uruhusha rwo gutwara ku bana bato, ntushobora gutwara abantu bakota imiduga.
8. Mu kiringo c'amezi atatu (3) ya mbere ukoresha uruhusha rw' abana bato, urabujijwe gutwara imodoka uri wenyene. Gutwara abandi bantu mu modoka vyemewe gusa mu gihe harimwo umuvyeyi canke umurezi atakibazo c'amaso afise, yaronse uruhusha rwo gutwara imodoka, atanyoye inzoga kandi amaze imyaka 25 canke irenga agendera ku ntebe y'imbere. Nimba umwe (1) mur' aba bantu ari mu modoka,

nta gitigiri ntarengwa c' abantu batwarwa gihari. Uko biri kwose, umushoferi ntiyemerewe gutwara abantu barenga imisipi y'umutekano iri mu muduga.

9. Mu kiringo c'amezi atatu (3) ya kabiri ukoresha uburenganzira bwo gutwara imodoka bw' abakiri bato, umuntu ashobora gutwara abo mu muryango.
10. Umaze kuronka uruhusha rwo gutwara imodoka rw'abakiri bato urumaranye amezi 6, nta gitigiri c'abantu utwara mu muduga uba ukigoberewe gukurikiza. Uko biri kwose, umushoferi ntiyemerewe gutwara abantu barenga imisipi y'umutekano iri mu muduga.
11. Umuntu afise uburenganzira bwa vermont bwo gutwara imodoka ukiri muto ategerezwa kuba afise imyaka 18 kandi atigeze guhagarikwa, gufutwa, kubwakwa mu kiringo c' amezi atandatu (6), kugira yemererwe kuronka uburenganzira bwo gutwara imodoka. Ibi bitandatu Ikingiro c' amezi (6) gitangura itariki yo gusubizwa.
12. Igihe umuntu afise uruhusha rwo gutwara imodoka ukiri muto buvuye hanze y' igihugu, yiyandikishije kugira aronke uruhusha rwo gutwara imodoka ukiri muto muri Vermont, azosabwa gutanga icemeza ko yaheje inyigisho zo gutwara imodoka zemewe n' igihugu zikwije canke zirenza ibisabwa muri Vermont. Bazosabwa kandi gukora ikibazo c'amaso, icanditswe n' ic' ibarabara. Bazoba kandi bari muni y'Itegeko ry'abaronse uruhusha kiretse nimba bafise urundi ruhusha rwo mu kindi gihugu mu kiringo c'amezi atandatu n' imiburiburi.
13. Uruhusha rwo kwiga canke uburenganzira bwo gutwara imodoka ku bakiri bato ruharurwa nk'uburenganzira mfata kibanza, bushobora gusubirwamwo. Ingendo y'ar'yo yose mur'izo zikurikira izotuma wakwa uruhusha rwawe rwo kwiga gutwara canke uruhusha rwo gutwara imodoka ku bakiri bato (**ushaka kumenya vyinshi, raba 23 VSA § 607a, §614a**):
 - Gutwara abantu bakose, ivyaha vy' abatwara bakiri bato (CPH)=imisipi 90 yo guhagarikwa.
 - Gutwara uca/ ucisha amahera ,ivyaha vy' abatwara bakiri bato(DFE) =imisipi 90 yo guhagarikwa
 - Amabwirizwa avuye muri Diversion/Reparative Board Recall(DRB)= imisipi 30 yo guhagarikwa
 - Amanota yiyongera y' abatwara bakiri bato ahagarikwa(JRP)= imisipi 90 yo guhagarikwa(ku manota 3 gusa.kurenza umuvuduko canke amanota 6 yose hamwe)
 - Ama taxi y' abatwara bakiri bato(JRT) =imisipi 30 yo guhagarikwa (harimwo n' amande n' imiburiburi ama dolari ijana hamwe n' imiburiburi amanota 2 ku makuru yawe yo gutwara)
 - Mu gihe uba wahagaritswe , umuntu ntiyemerewe uburenganzira bwo **gutwara** imodoka ku bana bato canke uburenganzira bwo gutwara imodoka.
 - Igihe uhagaritswe, umuntu afise uburenganzira bwo kwitwara.
 - Igihe uruhusha rwo kwiga gutwara canke uburenganzira bwo gutwara ku bakiri bato buhagaritswe, ishobora gusubizwa igihe co guta igihe kigeze, kandi, iyo bisabwe, igihe umuntu yatoye ikibazo co gusubiramwo.
 - Nta gusubizwa amafaranga kuba igihe uruhusha rwo kwiga gutwara / uburenganzira bwo gutwara imodoka ukiri muto busubijwe.

Ukugongana kw' imiduga kuri mu bintu bikuru bikuru vyica ndetse bigatera n'ugukomereka ku miyabaga. Nk' umuvyeyi canke umurezi , urafise igikorwa gikomeye mu kwigisha ingeso nziza umwana wawe zo gutwara imodoka.

Amategeko asaba urwaruka rufise imyaka 15 gushika kuri 18 kwiga gutwara imodoka intambwe kuyindi. Ibibujijwe ku batwara bakiri bato biba bifatiye kunyishu z' ubushakashatsi hamwe n' ibintu nyamukuru bishira urwaruka mu kaga. Imyaka, kutagira uburambe mu gutwara imodoka, abatwawe mu muduga n' ibindi bisamaza. GDL ihari kugira irokore yongere igabanye amasanganya.

Uko biri kwose, GDL yonyene ntishobora gukinga amasanganya yose y' urwaruka .

Urwaruka rwinshi rwicwa ruriko rurandika ubutumwa muri telephone gusumba kunywa.



Igitangazo co gukoresha ubutumwa mu gihe uriko utwara imodoka co gikoreshwa na Tredegar comprehensive School hamwe n' igi polisi ca Gwent co gutahura (Gwent iri mu burengero bwo mu bumanuko bwa Wales,UK)

Igice ca 6 - Amafaranga, gusubira gusaba no gusubirizaho

Amafaranga:

Amafaranga utegerezwa kuriha kugira uronke uruhusha rwo kwiga gutwara

- Amafaranga y' ikibazo n' uruhusha rwo kwiga gutwara = \$63.00 (ikibazo c' ubumenyi \$39.00+ Uburenganzira bwo gutwara imodoka \$24.00)

Amafaranga utegerezwa kuriha kugira uronke uburenganzira bwo gutwara imodoka ukiri muto mu gihe ufise uruhusha rwo kwiga gutwara .

- Ikibazo c' ibarabara n' uburenganzira bwo gutwara imodoka = \$62.00 (ikibazo c' ibarabara \$23.00 + uburenganzira)
\$39.00)(naho ikibazo c' ibarabara kitoba yemerewe na DMV)

Amafaranga utegerezwa kuriha kugira uronke uburenganzira bwo gutwara imodoka ukiri muto mu gihe ufise uruhusha rwo kwiga gutwara .

- Ikibazo c' ibarabara n' uburenganzira bw' imyaka 4 = \$85.00(ikibazo c' ibarabara \$23.00 + uburenganzira \$62.00)
- Ikibazo c' ibarabara n' uburenganzira bw' imyaka 2 = \$62.00(ikibazo c' ibarabara \$23.00 + uburenganzira \$39.00)

Amafaranga utegerezwa kuriha kugira uronke uburenganzira bwo gutwara imodoka ukiri muto mu gihe ufise uruhusha rwo kwiga gutwara .

- 4- Amafaranga y' uburenganzira = \$62.00
- 2- Amafaranga y' uburenganzira = \$39.00
- + \$4.00 ku mwaka nimba umuduga ufise icemezo.

Gusubira kuriha

- 4- uburenganzira = \$62.00 (n' icemezo co gutwara = \$78.00)
- 2- uburenganzira = \$39.00 (n' icemezo co gutwara = \$47.00)
- Uruhusha rwo gutwara - \$24.00

Gusubiriza ivyatakaye canke uruhusha rwo kwiga gutwara rukosoye canke (izina canke adereshe yahindutse)

- \$24.00

Uruhusha rwo gutwara imodoka rurimwo na pasiporo (EDL) .

- \$36.00 (vyiyongereye kuyandi mafaranga) -raba dmv.vermont.gov amakuru yiyongereye ku burenganzira bwo gutwara imodoka burimwo pasiporo.

Amafaranga aratunganye kuva itariki 1 muri Nzero,2024. Amafaranga yose ashobora guhinduka.

Raba k' urubuga ngurukana bumenyi [kuri dmv.vermont.gov](http://kuri.dmv.vermont.gov) urabe neza amafaranga.

Gusubiriza Urushusha / uburenganzira bwo gutwara imodoka.

- Mu kwezi kumwe imbere y' ko uburenganzira bwawe canke urushusha bita igihe,uzorungikirwa iyandikwa ryo gusubiriza kuri aderesi mayile yawe nkuko biri ku mpapuro zacu. Ishura ibibazo vyose biri kuri fomu, shirako igikumu hama usubize fomu yo gusubiriza n' amafaranga ku gidata c' imiduga ca Vermont. Igisata kizohereza kikurungikire mayile uburenganzira canke urushusha rwawe biri ku gihe. Nimba utaronse fomu yo gusubirizwa muri mayile yawe, ushobora kuronka iyandikwa ryo gusubirizwa ku biro vy' gisata c' imiduga, canke ku rubuga ngurukana bumenyi kuri dmv.vermont.gov. Uzaza fomu na mayile n' amafaranga y' ukuri ku gisata c' imiduga ,120 state street ,Montpelier ,VT 05603-0001 ,canke ugendere bimwe mu biro vyacu. Ifoto yo k' uburenganzira bwo gutwara imara imyaka 8. Ifoto yawe izosubirizwa umwanya uwariwo wose ugiye kuyisubirizwa ubwawe.
- uburenganzira bwa Vermont bwataye igihe mu misi irenga 14 ntibuba ari uburenganzira bwemewe. ntushobora ku bukoresha mu gutwara imodoka.
- Nimba uburenganzira bwawe bwa Vermont bwataye igihe mu myaka irenga itatu(3), utegerezwa gukora ikibazo kandikugira uronke uburenganzira bushasha.

Urashobora gusubiriza uburenganzira bwawe ku rubuga ngurukana bumenyi kuri mydmv.vermont.gov.

Ni gute nosubiriza uburenganzira bwanje bwatakaye canke urushusha rwo kwiga?

Nimba utakaje uburenganzira bwawe bwo gutwara, ushobora kuronka fomu yo gusubiriza ivuye mu gisata c' imiduga ca Vermont.

Urashobora gusubiriza uburenganzira bwawe ku rubuga ngurukana bumenyi kuri mydmv.vermont.gov.

Nahinduye amazina vanje canke aderesi. Nkore iki?

Nimba warahinduye amazina canke aderesi, utegerezwa kutanga amakuru y' ivyo wahinduye ku gisata c' imiduga ca Vermont mu misi 30.

Urashobora Guhindura aderesi yawe ku buhinga ngurukana bumenyi kuri mydmv.vermont.gov(guhindura izina bisaba ko wigira wewe nyene ubwawe.

Amakuru ari muri iki gice azogufasha kwiga gutwara imodoka neza kandi azogufasha kwitegurira uruhusha rwo kwiga gutwara.

Ibuka: Witwaraike gusoma neza ibisigaye mu gatabo k' umushoferi imbere yo gukora ikibazo co kwandika. Naho wotora ikibazo, ntuzohabwa uburenganzira bwawe kiretse ukwije ibisabwa vyose n' impapuro zatanze.

UKO WOTWARA IMODOKA NEZA

Ukugongana kw' imiduga kenshi kuva ku bikorwa canke kwihenda kw' umushoferi. Uko biri kwose, umushoferi uwariwe wese arashobora gutwara neza akoresheje care, kwitwararika, hamwe n' ukwitonda, hamwe n' ukwerekana imigenzo myiza.

Nohera hehe Gutwara imodoka?

Umuntu afise uruhusha rwo kwiga gutwara akwiye kubanza kwimenyereza gutwara muri parikingi igaragara canke mw' ibarabara ridacamwo imodoka nyinshi. Birakenewe kwiga gukantorora imodoka vy' ibanze imbere yo gutwara mu bice bicamwo imiduga myinshi. Ubumenyi bwawe bumaze kwiyongera, urashobora gutwara mu bibanza bicamwo imodoka nyinshi.

Kubera ko ushobora kuba utwara buke buke kurusha abandi ba shoferi, ushobora kuba uriko urateza ikibazo. Nimba imiduga iriko iragwira inyuma yawe, urasabwa n' amategeko gushira imodoka ku ruhanda rw' ibarabara, mu gihe bishoboka, no kureka imodoka ziri inyuma kurengana. Ibi bituma gutwara imodoka kwabo kwizerwa, no kuri wewe-uzoba utekanye kurusha utitwararitse cane imiduga iri inyuma.

N' igiki nokwiviga kwanza?

kwiga gutwara imodoka n' amaboko yose mu kibanza gikwiriye. Nimba Uravye kuri vola nko kw' ishusho y' isaha, kuri 9 no kuri 3 canke 8 na 4 nico kibanza gikwiye.

Kwiga gukata iburyo n' ibubamfu, gufata fire buke buke, gukantorora guhagaruka no guhagarara. Koresha ukuboko hejuru y' ukundi mu gukata.

Kwitegura kw' umushoferi

Imbere yo gutwara imodoka yawe ukwiye gukora ibikurikira:

1. Tegura intebe neza.
2. Tegura ibiyo neza.
3. Pima ikirenge na fire yihuta n' iyo guparika
4. Tegura umushipi wo gukinga impanuka
5. Ugara imiryango neza.
6. Atsa amatara y' imbere

Guhagarika imodoka yawe

N' igihe ibarabara n' imodoka ari vyiza, n' umu shoferi akaba yiteguye, bitwara umwanya guhagarika imodoka. Guhagarika imodoka, ibintu bine bitegerezwa kuba:

1. Utegerezwa kubona no kumenya akaga no gukenera guhagarika imodoka.

2. Ubwenge bwawe butegerezwa kubwira ikirenge cawe guhonyora fire.
3. Ikirenge cawe gitegerezwa kwimukira kuri fire no gufata fire.
4. Fire zawo zitegerezwa kuba zikora neza.

Umwanya imodoka yawe igenda kuva igihe ubonye akaga gushika uhonyoye kuri fire witwa umwanya wo gufata ingingo. Inyuma yo kubona akaga, bitwara umu shoferi umwanya ungana n' ama sekunda 3/4 gufata fire. Uko umuvuduko wo gutwara uba muremure, niko umu shoferi afata umwanya muremure wo gufata fire. Umwanya imodoka imara kuva uhonyoye kuri fire gushika umwanya imodoka ihagarara witwa umwanya wa fire. Umwanya wo gufata fire uzoba utandukanye bivanye n' uko ibarabara rimeze. Ni vyiza kubona ko iyo hatose, mu rubura canke ibarabara ry' ibumba, umwanya wo guhagarara uzoba muremure. Igihe hatanguye kugwa imvura, amavuta, ikibura, ivumbi n' amazi bivanganye bituma ibarabara rinyerera, bikongereza umwanya wo gufata fire.



Ivyapa

Amategeko avuga ko umu shoferi ategerezwa gukoresha ivyapa vyo gukata intambwe zitarenze 100 imbere yo gukata canke guhindura umurongo. Werekana muma sekunda atatu canke atanu imbere y' ugukora ibi bikorwa bisabwa. Gufata ama fire bizokwerekana izindi modoka ziri inyuma ko uriko utegura kugenda buke buke canke guhagarara. Nimba amatara y' imodoka yerekana inzira canke amatara ya fire adakora, utegerezwa gukoresha amaboko mu kwereka abandi bashoferi ko uriko urategura guhagarika canke gukata. amatara Yerekana inzira canke amatara ya fire adakora ategerezwa guca akorwa ubwo nyene.

Gukatira ibubamfu

Kugongana kwishyamba kuba igihe imodoka imwe ikatiye ibubamfu. Nyinshi murizo gongana ntiyari kuba iyo umu shoferi yakata neza.

Umaze kwegereza amahwane wifuza gukata ibubamfu, utegerezwa kwerekana muma sekunda 3 gushika kuri 5 imbere ngo wereke abandi ivyo wifuza gukora.

Gukata Hanyuma uko ugabanya umuvuduko, raba ikiyo kiraba inyuma urabe ko umu shoferi w' imodoka iri inyuma yawe yatahuye ivyo wamweretse. Raba neza ko ata kinga canke imodoka iri inyuma yawe iriko igerageza guca ibubamfu. Kw' ibarabara rifise imirongo myinshi, wame uraba neza ko uri mu murongo w' ibubamfu imbere yo gukata. Ntuzi wigera uva mu murongo w' iburyo uja muw' ibubamfu utabiteguye.

Igihe ugeze mu murongo wawe, rindira gushika ata modoka ziriko ziraza imbere yo gukata. Shira imodoka mu kibanza kingana n' ikirenge kimwe uvuye mu murongo wo hagati, nimba ushobora kubikora uko. Gumiza amapine yawe atumbereye gushika witeguriye neza gukata. Imodoka yose canke ikinga iriko iragenda irafise uburenganzira bw' inzira. Wame uraba abagenda n' amaguru bariko barajabuka ibarabara ugiye gukatiramo. Nimba abagenda n' amaguru bahari utegerezwa kubaha uburenganzira bwabo.

Igihe ibarabara rigaragara, kata n' umuvuduko ukwiriye hama uce iburyo bw' umurongo wo hagati. Uhejeje gukata, raba mu kiyo kiraba inyuma hama ushire imodoka yawe mu murongo.

- Kuva imbere yo gukata, raba ko hari imodoka iriko iragukurikira hanyuma wimurire imodoka yawe mu kibanza kingana n' ikirenge kimwe hafi y' umurongo wo hagati nimba bikenewe.



- Erekana ikimenyetso amasekunda 3 gushika kuri 5 imbere yo gukata hama utangure kugabanya umuvuduko.
- Rondera hagati iburyo, imbere n' ibubamfu mu gukata.
- Injira mw' ibarabara iburyo bw' umurungo wo hagati.
- Uhejeje gukata, raba mu kiyoy kiraba inyuma hama ushire imodoka yawe mu murungo.

Katira iburyo

Wegereje gukatira iburyo imodoka ikwiye kuba nko ku birenge bitatu uvuye iburyo bw' ibarabara. Nturabishe imodoka ibubamfu imbere y' uko ukatira iburyo. Erekana ikimenyetso mu ma sekunda 3 gushika kuri 5 imbere yo kwereka abandi ko wifuza gukata. Hanyuma uko ugabanya umuvuduko, raba ikiyoy kiraba inyuma urabe ko umu shoferi w' imodoka iri inyuma yawe yatahuye ivyoy wamweretse. Rondera hagati iburyo, imbere n' ibubamfu mu gukata.

Wame ugavye kubw' abatwara amakinga canke abagenda n' ibirenge iburyo bwawe bw' ibarabara imbere yo gukata. Utegerezwa kurekera inzira abagenda n' amaguru canke abatwara amakinga.

Katira hafi y' umurungo w' iburyo. Uhejeje gukata, raba mu kiyoy kiraba inyuma hama ushire imodoka yawe mu murungo.



- Imbere yo gukata, raba ko hari imodoka iriko iragukurikira hama wimukire iburyo bw' umurungo wawe.
- Erekana ikimenyetso amasekunda 3 gushika kuri 5 imbere yo gukata hama utangure kugabanya umuvuduko.
- Rondera hagati ibubamfu, imbere n' iburyo ibubamfu kandi wihuta imbere yo gutangura gukata
- Guma wegereye iburyo uriko urakata. Uhejeje gukata, raba mu kiyoy kiraba inyuma hama ushire imodoka yawe mu murungo.

MENYA: Nimba uriko urakatira mw' ibarabara rifise imirungo irenga umweija iyo uriko uraja, katira mu murungo uri hafi cane yawe.

Hama ukurikize amategeko y' amabarabara afise imirungo myinshi. Twara uja iburyo kiretse uriko urarengana canke ukata.

Uburyo bwo kuraba ibintu biboneka.

Umu shoferi akwiye kwama ariko araraba ibintu bishobora guteza akaga. Uburyo bwo kuraba biboneka n' inzira nziza yo kuraba ibintu bishobora guteza akaga. Gusubiramwo kuraba ibintu boneka birashobora gufasha umu shoferi kubona uwuriko arahindura umurungo n' uwuhindura aho yariko araja.

Ama sekunda ane- umwanya wizewe wo gukurikira

Ni gute umenya ko uriko utwarira hafi cane y' imodoka iri imbere yawe? Ukoreshye ubuhinga bw' ama sekunda 4, wari ukwiye kugira ikibanza gikwiye hagati y' imodoka yawe n' imodoka iri imbere yawe mu gihe wotegerezwa guhagarara wihuta. Ariko, nimba uriko utwara imodoka mu bihe bibi, igihe hatabona canke utwara n' umuvuduko munini, ukwiye kureka ama sekunda arenga ane ku mwanya ukurikira. Umwanya uri hagati y' imodoka yawe n' imodoka iri imbere yawe ushobora kwerekana n' umuvuduko hamwe n' ibihe bihari.

Kurikira izi ntambwe z' ama sekunda ane yizewe v' umwanza.

1. Imodoka iri imbere igomba irengane aho basuzumira nk' ikimenyetso, inzira y' imodoka, igiti kinini, canke imodoka iparitse.
2. Tangura guharura ama sekunda uko igice c' inyuma c' iyo modoka kirengana aho basuzumira.
3. Hagarika guharura igihe imodoka yawe ishikiriye aho basuzumira. Nimba bitwara ama sekunda adashika ane kugira modoka yawe isike harya, uriko ukurikira hafi cane kandi kandi utegerezwa kwongereza umuvuduko. Nimba bitwara ama sekunda ane canke arenga kurengana aho basuzumira, urafise umwanya wizewe wo gukurikira.


MENYA: ubuhinga bworoshe bwo guharura ama sekunda ni igihumbi kimwe na rimwe, igihumbi kimwe na kabiri,"

Urugero rw' umuvuduko n' umuvuduko wizewe.

Urugero rwa nyuma rw' umuvuduko ku modoka iyariyo yose ku mabarabara yose ya vermont ni 50 miles kw' isaha canke nkuko bimanitse. Urugero rwa nyuma rw' umuvuduko ku modoka iyariyo yose ku mabarabara makuru ya vermont ni 65 miles kw' isaha canke nkuko bimanitse. Amategeko avuga ko imodoka itwarwa igihe cose kugira igume imeze neza. Imodoka itegerezwa gutwarwa ku muvuduko wumvikana witwararitse akaga gashobora kuba mw' ibarabara Mu mahwano, mw' ikona, mu miduga myinshi, ahantu hariko harubakwa, mu gihe c' ikirere kibi, n' igihe abanru bagenda n' amaguru bariko bararengana canke amakinga ahari, utegerezwa gutwara ku mu vuduko wizewe mu bihe vyo gutwara. Uku gongana kenshi gutwara no gutwara ku muvuduko munini mu bihe nkivyo. Harigihe na 10 miles kw' isaha zishobora kuba umuvuduko utizewe.

Uburenganzira bw' inzira

1. Umushoferi mw' ibarabara iryo ariryo ryose ategerezwa guha inzira abagenda n' amaguru, abatwara amakinga n' abandi bari mu mahwane.
2. Igihe wegereye amahwane afise ikimenyetso ca " uburenganzira bw' inzira" usabwa gutwara ku muvuduko muto cane kugira ngo ushobore guhagarara iyo bikenewe. Injira igihe inzira iboneka neza honyene.
3. Igihe ugeze ku mahwane y' inzira zine, imodoka ihashitse ubwambere ikwiye kugira uburenganzira bw' inzira.
4. Igihe imodoka zibiri zegereje amahwane y' inzira zine umwanya ushaka kungana, zizananye munzira zitandukanye, umushoferi w' ibubamfu akwiye akwiye guha uburenganzira umu shoferi w' iburyo.
5. Nimba ugiye gukatira ibubamfu, utegerezwa gutanga uburenganzira kuri bose. Imodoka zigiyeye kuba nyinshi. Imodoka yose ije ikugana, iba imodoka canke ikinga, irafise uburenganzira bw' inzira.
6. Umushoferi ariko ibarabara avuye kuruhande, inzira y' inyuma, parikingi, canke ihuriro ry' inzira zifise ishusho ya T ategerezwa gutanga uburenganzira ku bari iburyo.
7. Imbere yo kwinjira ihuriro, utegerezwa kuraba impande zose. Raba neza ko ufise inzira iboneka imbere yo kwinjira mw' ihuriro.



Guparika imodoka yawe.

Hari amahitamwo menshi yo gu parika atangwa muri parikingi. Ibi birimwo guparika muraba uruhande rumwe, guparika mw' ifuruka (ibubamfu canke iburyo), parikingi imwe icuramye iyindi iraba ku ruhande (iburyo canke ibubamfu -iraba imbere canke inyuma). Nturengane hagati guparika. Kumenya vyinshi ku bijanye no guparika ziraba uruhande rumwe "raba ikibazo" igice c' aka gatabo k' inyigisho.

Imodoka iparitse ku mirongo 2 y' ibarabara itegerezwa kugira amapine y' iburyo muri inche 12 ku ruhande rw' iburyo bw' ibarabara canke kw' ibuye. Kw' ibarabara rimwe imodoka itegerezwa kuja muri inche 12 ku ruhande rw' ibarabara. Imodoka yawe itegerezwa kuba iparitse mu ruhande imodoka nyinshi ziriko zijamwo.

Nimba utegerezwa guparika mw' ibarabara rikuru mu mitumba, utegerezwa gushira amapine yose hanze y' aho imodoka zica. Witonde ntuhagarare ku musozi, mw'ikororosi, canke aho udashobora kubona imodoka yawe n' imiburiburi ku ntambwe hafi 150 mu mpande zose, canke ahantu handitse ko ata parikingi ihari.

Guparika ku musozi

Igihe uparitse ku musozi, utegerezwa kumenya neza ko imodoka yawe itaza gutembagarira mu miduga myishi.

Igihe cose wame uhindukiza ipine ry' imbere hama utegere fire yo guparika kugira ukungira imodoka gutembagarira mu miduga myinshi. (Urukurikiranane rw' ama photoari ngaha yo guparika hejuru ku musozi no muni y' umusozi bikora mu guparika iburyo bw' ibarabara canke ku mpera y' ibarabara.



Aho Udakwize Guparika

- Aho imodoka zica mw' ibarabara rikuru.
- Iruhande y' imodoka ihagaze canke iparitse ku ruhande rw' ibarabara.
- Ku ruhande rw' abagenda n' amaguru.
- Hagati mw' ihuriro
- Aho abantu bagenda n' amaguru bajabukira ibarabara
- Impande y' ahariho hose bakora ibarabara, kugira uzibire imiduga myinshi.
- Ku kiraro canke mw' ibarabara rica musi.
- Kw' ibarabara rya train, canke mu intambwe 50 hafi y' aho bajabukira ibarabara rya train.
- Mu mpande zose z' ikibanza c' ibarabara.
- Mu intambwe 6 ziva kuri fire hydrant.
- Mu intambwe 20 ziva ku nzira y' abagenda n' amaguru mw' ihuriro
- Mu intambwe 30 y' itara ritukura canke itara ry' umuhondo, ikimenyetso co guhagarara canke ibimuri vy' imiduga.
- Mu intambwe 20 z' impande y' ibarabara rya kizimya moto canke hakurya y' ibarabara mu intambwe 75 z' impande y' ibarabara, igihe hari ibimenyetso.
- Ahantu hose hari ikimenyetso cemewe kivuga- Nta parikingi
- ku murongo ufise ikimenyetso c' ikinga.
- Ku murongo ufise ikimenyetso ca parikingi y' ikimuga

Amahwane

Amahwane n' ihuriro rikontorora uko imiduga yinjira igasohoka hakoreshejwe amabarabara y' iburyo hakabandanya kuburyo buharuye uagenda iburyo. Amahwane agabanya uguteba kw' imiduga ,amasanganya, ukunywa igitoro, hamwe n' umwuka mubi. Akenshi na kenshi,

Amahwane ashobora gukantorora imodoka, abagenda n' amaguru hamwe n' amakinga ku buryo bwizewe gusumba ibimenyetso vyo guhagarara n' ivyimiduga myinshi. Umuvuduko w' imodoka yegereyemwo n' ugusohoka amahwane wategerezwa kuba buke buke.


Aba shoferi bategerezwa guha uburenganzira bw' inzira bw' imiduga igwiriye mu mahwane. Winjire gusa mu mahwane iyo hariho umwanya. Nk' amahuriro yose, utegerezwa kandi guha uburenganzira abagenda n' amaguru n' abagenda n' amakinga igihe winjiye canke usohoka amahwane. Igihe cose ukoreshe ikimenyetso mu kwerekana ko wifuza gusohoka amahwane.

Amahwane amwe amwe afise umurongo urenga umwe w' imodoka myinshi. Ibi bisaba ko witwararika cane ku murongo ufise ikimenyetso n' icerekana ibarabara ry' amabuye imbere yo kwinjira amahwane kugira ngo uhitemwo umurongo ukwiriye. Gutwara imodoka witwararitse cane birakenewe igihe uriko urahitamwo umurongo mu mahwane y' imirongo myinshi. Aba shoferi bashobora kudahindura imirongo rimwe mu

Amahwane aba shoferi bategerezwa gukoresha ikiyo gikwiriye no kuraba neza imbere yo kuva mu murongo.

Igihe winjiye amahwane y' imirongo ibiri ata kimenyetso canke imirongo ,umurongo ukwiriye urarekuriwe gukatira iburyo canke ukabandanya imbere mu gihe umurongo w' ibubamfu wemerewe gukatira ibubamfu canke kubandanya imbere.

Imodoka zo gutabara mu mahwane ,Imisi yose uhe uburenganzira imodoka zo gutabara. Nimba utarashika mu mahwane shira imodoka ku ruhande ureke imodoka y' ubufasha irengane. Nimba wamaze gushika mu mahwane shira imodoka ku ruhande mu gihe wasohotse neza amahwane.



Aho aba polisi bahagarika

- Imodoka z' igi polisizigerageza guhagarika aba shoferi bazobikora mu kwatsa amatoroshi, canke amatoroshi na Sireni.
- Aba shoferi bakwegereye barabishobora iburyo bw' ibarabara. Ntuhagarare mw' ihuriro canke ngo ushire imodoka kuruhande hagati mw' ibarabara rikuru rigabuye.
- Gumiza umushipi ukinga impanuka ukwegereye gushika umu polisi akubonye uwambaye.
- Gabanya kwinyagaza hamwe n' abo utwaye mu muduga.
- Hema neza kandi ntugire ubwoba. Guma utekanye mu mwanya umu polisi asigura igituma yaguhagaritse.
- Erekana uburenganzira bwawe bwo gutwara imodoka, iyandikwa ry' imodoka, n' icemezo ca asiranse igihe ubisabwe n' umu polisi.
- Guma mu modoka yawe. Ntuhohoke kiretse ubisabwe. Ibi nikubwo umutekano wawe n' uw' umu polisi.
- Nimba uri ahantu hatabona atsa amatara y' indani mu modoka, inyuma yo guhagarara, n' imbere y'uko umu polisi yegera.
- Ku ruhande rw' ibarabara s' ikibanza co guhariramwo amakosa yo mw' ibarabara. Uzoronka umwanya muri Sentare wo kuvugana ivy' ico caha.

Amategeko vo kwimuka

Nimba ubonye canke wumvise imodoka yatsa ibimenyetso bisa n' ubururu canke bitukura na/canke isireni yumvikana, yegera ivuye impande izarizo zose, amategeko avuga ko utegerezwa kwimukira iburyo bw' ibarabara ughagarara. Utegerezwa kuguma uhagaze gushika imodoka itabara canke ijejwe umutekano.

Nimba ubonye imodoka y' igi polisi yatsa amatara y' ubururu, canke imodoka itabara yatsa amatara atukura, yahagaze, utegerezwa kwama ubandanya witonze (genda buke buke) Nimba uri mw' ibarabara ry' imirongo ine, nk' ibarabara rikuru, naho nyene amategeko agusaba guhindura umurongo nimba ubishoboye neza.

Amategeko kandi asaba aba shoferi guha uburenganzira imodoka za Leta, z' intara, canke imidoka z' igisagara zikora mw' ibarabara rikuru. Nk' akarorero, umu shoferi yegereye umucanga w' urubura yatsa amatara ategerezwa kubandanya yitonze no gutanga uburenganzira bw' inzira.

MENYA: Imodoka zikoresheya mu gukwega no guteranya akenshi ziba zifise amatara y' umuriro. Utegerezwa gukoresheya ubwo bwitonzi nyene n' uburyo bwavuzwe hejuru igihe uriko wegera izo modoka zihagaze.

IBIMURI VY' IMIDUGA, IVYAPA VY' AMABARABARA, HAMWE N' IBIMENYETSO VY' AMABARABARA MAKURU.

Ibimuri vy' imiduga

Ibimuri vy' imiduga bikontorora uburenganzira bw' inzira bigatanga Nimba itara ry' ikimenyetso ritabona neza, nko mu gihe ata matara ahari, hagarara nkaho hari vyapa bihagarika mu mpande zose. Iyo ikimenyetso c' ibimuri vy' ibarabara kitabona neza kandi kikaka umuhondo canke umutuku, utegerezwa kwubaha ico kimenyetso.



Itara ritukura: Hagarara imbere yo gushikira umurongo wo guhagarara canke wo kujabuka ku bagenda n' amaguru, ikiza ubwa mbere cose, hanyuma urindire gushika itara rihindutse nk' urwatsi rubisi (umurongo w' urwatsi rubisi ushobora kuboneka mu gihe itara ritukura rihari, ushobora guca ujana uruhande uwo murongo w' urwatsi rubisi ukweretse).

Gukatira iburyo ku matara atukura y' umuzingira biremewe, ariko inyuma y' uko umu shoferi yahagaze neza, yaravye neza mu kibanza c' ihuriro agaha inzira abagenda n' amaguru hamwe n' izindi modoka. Amahuriro amwe amwe arafise ibimenyetso canke ibikwerekera ko udashobora gukatira iburyo kw' itara ritukura.

Umupolisi arashobora kukwerekera inzira akoresheje itara ritukura. Urakwiye gukurikira inzira akweretse, mu bwitonzi.

Itara ry' umuhondo: iryo tara rigabisha umu shoferi ko itara rigiye guhinduka umutuku, nimba uri hafi cane y' ihwaniro kugira uhagaraare neza, bandanya witonze muri iryo hwaniro.

Itara ry' rwatsi rubisi: Urashobora kubandanya kw' itara ry' urwatsi rubisi nimba vyizewe gukora uko. Ariko, nimba uriko ukatira ibubamfu utegerezwa guha inzira imodoka ziraza. ku mahwaniro amwe amwe aho bikenewe kwitondera cane," gukatira ibubamfu uhawe inzira n' ikimenyetso c' itara ry' urwatsi rubisi" kizoba gifatanye n' urutsinga ruri hafi y' ivyapa.



Kwaka itara ritukura: itara ryaka ritukura ni nk' ikimenyetso co guhagarara. Hagarara, hama ubandanye inyuma yo guha inzira abagenda n' amaguru, abama kinga, n' imiduga.

Kwaka itara ry' umuhondo: Gabanya umuvuduko, raba neza amahuriro, ha ingira imodoka ziriko ziraza imbere yo kugerageza gukatira ibubamfu no kubandanya witonze.

Imirongo

Umurongo munini utukura: Aba shoferi bashaka gukatira ibubamfu bategerezwa guhagarara bakarindira. Ntiwinjire ihwaniro ngo ukate mu gihe hari umurongo munini utukura.



Umurongo munini w' umuhondo: Ikimenyetso co gukatira ibubamfu kiri hafi guhinduka umutuku kandi aba shoferi bakwiye kwitegura guhagarara kugira ngo bashobore gukatira ibubamfu mu gihe bari mw' ihwaniro neza vyemewe n' amategeko kandi hari ingwano y' imodoka nyinshi.

Umurongo munini waka w' umuhondo: Aba shoferi ntibemerewe gukatira ibubamfu inyuma yo guha inzira imodoka ziriko ari nyinshi kandi n' abagenda n' amaguru bariko barababuka ibarabara. Imodoka nyishi ziriko ziraza zifise itara ry' urwatsi rubisi. Aba shoferi bategerezwa kurindira batekanye umwanya mu modoka nyinshi ziriko ziraza imbere yo gukata.

Umurongo munini w' urwatsi rubisi: gukatira ibubamfu baba bafise uburenganzira. Imodoka nyinshi zifise itara ritukura.

Ivyapa vy' ibarabara

Ushobora kubwira ivyapa vy' ibarabara bisigurwa n' igicapo c' ibara nk' ivyandiko. Nimba ikimenyetso gifutswe n' umucafufu, urubura, canke ikindi, ukwiye kumenya neza insiguro (amategeko, kugabishwa , amakuru) y' ikimenyetso c' ishusho yaco.



Ikimenyetso co guhagarara gifise impande 8. Bisigura ko utegerezwa kuraba neza ihwaniro, kwubaha gutanga, no kubandanya.

IBUKA: Urasabwe guhagarara imbere y' umurongo wo guhagarara, aho abantu bajabukira(hafise ibimenyetso n' ahatagira) canke mw' ihwaniro ry' ibarabara , ikiza imbere cose.



Ikimenyetso co gutanga inzira kimeze nk' inyabutatu icuritse, kandi gisigura ko ukwiye kugabanya umuvuduko, raba winjire gusa mu gihe inzira igaragara ku bagenda n' amaguru. Ikimenyetso c' umuzingira kirimo ikimenyetso



kinini co kugwiza n' indome RR cerekana ko hariho ibarabara ry



Ibimenyetso vya vyanditseko cross biri aho indarayi zijabukira hose. Birerekana aho inzira z' indarayi ziri. Genda buhoro, raba impande zose, wumvirize indarayi imbere y' uko uhaca. Utumenyetso dutoya turi musu y' ikimenyetso co kugwiza twerekana inzira z' indarayi uko zingana aho bajabukira. Igihe hari inzira 2 canke zirenga, Indarayi imwe irengana ishobora kunyegaza indarayi iriko iraza. Hashobora no kuba imiryango y' imodoka n' ibimenyetso vyaka.



Ikimenyetso gifise ishusho y' inyabutatu n' amasonga yavuyeho irekanwa ku modoka zigenda buke buke. Nk' akarorero, uzobona kenshi ibi bimenyetso ku modoka zirima.

Ibimenyetso vyo kugabisha.

Ibimenyetso vyo kugabisha babishira ahantu hari akaga ibihe vyose, kandi umushoferi akeneye kugenda buhoro buhoro. Ziba ziri mw' ishusho ya diyama n' umuhondo canke urwatsi rubisi. Zirashobora kukugabisha ko hari imikobeko ikaze, ihwaniro ridatekanye, canke inzira izana munsu. Aba shoferi bakwiye kugenda buhoro. Ibimenyetso bimwe bimwe vyo kugabisha biratanga ayandi makuru yiyongereye, nk' umuvuduko wizewe, canke umwanya, nk' igikoko kigire kirengane ku mayiri 3 imbere. Umurongo uraba hasi musu y' ishure canke ikimenyetso c' aho abagenda n' amaguru baca vyerekana inzira abantu bacamwo canke aho bajabukira ibarabara.


<p>Ishure</p>	<p>Ibarabara rikuru rigabuye</p>	<p>Aho ibarabara rikuru rigabuye riherera.</p>	<p>Aho umurongo uherera</p>
<p>Ahanyerera iyo hatose</p>	<p>Umusozi</p>	<p>Aho abagenda n' amaguru bajabukira</p>	
<p>Abo ibikoko bica.</p>	<p>Ihwaniro</p>	<p>Ibarabara ritaboneka iburyo</p>	

Ibimenyetso vy' amategeko

Ibimenyetso vy' amategeko bifise inyuma hera vyerekana ibintu umu shoferi ategerezwa gukora n' ivyo adategerezwa gukora. Ibi bimenyetso vyerekana umuvuduko utarengwa, amategeko yo gukata n' ayo kubandanya, hamwe n' izindi mpande.

Ibimenyetso vy' ibarabara rikuru.

Ibimenyetso vy' ibarabara rikuru biha amakuru ahambaye aba shoferi . Bifasha umu shoferi gushira imodoka mu kibanza ciza. kurengana birarekuriwe kandi ibimenyetso vyerekana ibihe biri imbere. ibimenyetso vy' imirongo y' umuhondo hagati bikora ibintu bibiri:



Imirongo yagati igabura ibarabara rikuru mu mirongo igenda. Ibarabara rikuru rifise imirongo myinshi ritagira urukuta rurigabura rifise imirongo ikomeye yo kwerekana inzira zibiri zitandukanye zo kugenda. Igihe inzira zibiri canke zirenga zigenda zemerewe uruhande rumwe, umurongo wera utabandanya ukoreshwa mu kugabura uruhande rumwe rumwe rw' ibarabara rikuru mu mirongo y' imodoka zija mu


Imirongo yerekana ko ushobora canke udashobora kurengana. Nimba hariho umurongo ukomeye canke imirongo ibiri ikomeye, bivuga ko utarengana. Nimba hariho umurongo ukomeye ariko utabanyanya mu murongo wawe , ushobora kurengana nimba imbere habona. Nimba hariho umurongo ukomeye mu murongo wawe ariko hakaba umurongo utabanyanya ku wundi murongo, ntukwiye kurengana , ariko Imodoka iri muwundi murongo ishobora kurengana.

Imirongo ibiri ibandanya ikatira ibubamfu ntukozwe ngo ikoreshwe kubandanya nkuko imodoka nyinshi ziriko zigenda impande zitandukanye zishobora gushaka guca mur' uwo murongo mu gukatira ibubamfu. Umwanya muto imbere yo gukatira ibubamfu, ukwiye kwerekana ikimenyetso hanyuma ukinjira buke buke mu murongo wo gukata. Kugira ntuzibire izindi modoka, imodoka zanyu zose zikwiye kuba mu murongo wo gukata. Igihe inzira iboneka, bandanya ukate.

Rimwe na rimwe ibimenyetso vy' ibarabara rikuru biratanga amakuru yiyongereye ku mu shoferi. Nk' akarorero, mw' ihwaniro ryo gutanga inzira, hashobora kuba hariho ikimenyetso co gutanga inzira iruhande y' ibarabara rikuru kandi hashobora kuba hariho umurongo usize wo gutanga inzira kw' ibarabara rikuru. Uru rutonde rw' utumenyetso tw' inyabutatu twera, twerekana imodoka ziriko ziregereza, twereka aba shoferi aho bakwiye guhagarara, nimba basabwa gutanga inzira ku bagenda n' amaguru canke izindi modoka.

Imirongo ikoresha ibimenyetso vyo gukantorora, canke ibimenyetso vy' ibarabara ry' amabuye, bishobora gukoreshwa mu kurungika imodoka mu mirongo y' ukuri igihe co gukata. Igihe utwara uva mw' ibarabara rimwe uja

Mw' ibarabara ry' imirongo myinshi ahari uguhitamwo kw' imirongo, aba shoferi bakatira iburyo bategerezwa gukatira iburyo. Aba shoferi bakatira ibubamfu bategerezwa kubanza gukatira ibubamfu. Igihe hari imirongo ibiri ikatira uruhande rumwe umurongo wose ukata utegerezwa kuguma muruhande rwawo mugihe cose co gukata. Imirongo myinshi ishobora gukatira mu ruhande rumwe k' umwanya umweigihe imirongo ikoresha ibimenyetso vyo gukantorora canke amabaraba y' amabuye avyemera. Guma mu murongo umwe gushika uhejeje gukata neza. Guhindura umurongo



Bishobora kuba inyuma yo guheza gukata. Wirinde guhindura umurungo mu gihe uriko urakata. Ibi n' ibikorwa bitemewe n' amategeko kandi bitera kugongana. Aba shoferi bategerezwa kwama bakurikira impande zerekanwa mu mirongo barimwo.



Nk' akarorero, nimba umu shoferi ariko atwara mw' ibarabara rifise umurungo utumbereye, ntivyemewe n' amategeko kandi ntivyizewe kugerageza gukatira iburyo canke ibubamfu mu gihe bari mw' ihwaniro. Guhindura umurungo bukwi na bukwi vyongereza amahirwe y' impanuka. Birizewe gutwara iruhande y' ibuye ugasangaho irindi barabara rigushikana iyo uriko uraja.

UMUTEKANO MU GICE C' AKAZI.

Igice c' akazi n' ahantu iruhande y' ibarabara rikuru aho bariko barubaka, basanura ,canke ibikorwa vy' ibanze. Igice c' akazi gishobora kuba aho imodoka zihagarara, canke gishobora kuba ari ibikorwa bikorerwa mw' ibarabara bigenda buke buke, nko mu gucapa imirongo yo mu mabarabara, gukata ubwatsi, no gukura urubura mw' ibarabara

Ku mutekano wawe, no ku mutekano w' abakozi, birakenewe ko aba shoferi bagenda buke buke no kwitwararika igihe bariko baregereza no gutwara imodoka murico gice c' akazi.

Amasanganya menshi aba imbere y' igice c' akazi, aho aba shoferi bagenda buke buke no/ canke bahurira mu murungo umwe. Itonde , hama winjire mu murungo ukwiriye mu gihe vyizewe kubikora uko.

Amasanganya menshi mu gice c' akazi n' ukugongwa inyuma biterwa no gutwara imodoka wihuta no kunanirwa kuguma k' umwanya wo gukurikira wizewe. Ibuka ko imodoka nyishi zishobora kuba zinyegeje mw' ikorosi canke ku musozi.

Impanuro zo gutwara mu buryo bwizewe mu gice c' akazi Vermont.

- Amategeko akurikizwa amasaha 24 imisi 7-atari mu masaha yo kumurungo gusa.
- Genda buke buke ku muvuduko wanditse hanyuma uhindure kubwo ikirere kihari. Umuvuduko ugabanywa mu gukingira abagenda mu modoka hamwe n' abakozi.
- Gabanya ibigusamaza - shira umwitwarariko wose mw' ibarabara no gutwara imodoka.
- Witege ibititezwe- uburyo bwose bwo gufata urugenda bushobora kugira ingaruka mbi mu gice c' akazi, harimwo abagenda n' amaguru hamwe n' abatwara amakinga.
- Kurikira ibimenyetso-Bizokuyobora mu gice c' akazi.
- Ba umunywa mwete- Ntuhindure imirungo mu gice c' akazi, gukurikira imodoka hafi, canke gukora ibindi bikorwa vy' umwiyahuzi.
- Injira mu murungo nk' uko ubwiwe mu gihe vyizewe kubikora uko mu gice c' akazi, canke ibihe vy' imodoka nyinshi bisaba.
- Ntiwegere cane abakozi b' ibarabara canke ibikoresho vyabo- bahe ikibanza kinini gishoboka.
- Kurikiza umwanya w' ama sekunda 4 yo gukurikira iyindi modoka. Bifata intambwe 240 ku modoka itwaye abantu guhagarara neza mw' ibarabara ry' amabuye iriko igenda Maiyi 60 kw' isaha, ugereranije n' intambwe 75 z' iyo modoka nyene iza guhagarara kuri Mairi 30 kw' isaha.
- Ihangane, itege guteba, canke urondere irindi barabara. Ibuka ko abakozi bakora ku mpera y' ibarabara bariko bakora neza ibarabara ryacu rikuru kubw' umutekano wawe.

AMANDE AGWIZWA NA KABIRI MU BICE VY' IBIKORWA


Ibimenyetso vy' ibice vy' ibikorwa

Ibimenyetso vy' ibice vy' ibikorwa bisa n' umucungwena na diyama canke ishusho y' urukiramende. Bitanga amakuru ahambaye yo gufasha aba shoferi gutwara neza mu buryo bwizewe mu gice c' akazi. Biragabisha umu shoferi ko hariho akaga imbere, nk' imirongo yugawe, guhindura inzira, ibarabara rigoye ry' amabuye, canke abafasha uruja n' uruza bakoresheje ingafe yerekana guhagarara canke kubandanya.




Abafasha uruja n' uruza bakoresheje ingafe.

Imodoka ari nyishi Kenshi birasabwa guhagarara mu gice c' ibikorwa, mu kureka ibikoresho vyo kwubaka kugenda, canke kubera ko hari umurongo umwe gusa wuguruye ku bw' imiduga ija impande zose. Abafasha uruja n' uruza bakoresheje ingafe yo guhagarara/ kugenda buke buke, canke rimwe na rimwe utadarapo , mu kurongora imiduga mu buryo bwizewe mu gice c' ibikorwa. Uwufasha uruja n' uruza arafise ububasha bwemewe n' amategeko bwo gukuntorora imodoka kandi ategerezwa kwubahwa.



Ibikoresho bigira inzira


Amakono, ingoma, na bariyeri bikunda gukoreshwa mu bice vy' ibikorwa kugira bagumize imodoka hanze y' akaga k' ahantu h' ibikorwa vy' ibarabara no kuyobora imodoka kugira zirengane neza igice c' ibikorwa.



Ivyapa vy' umurongo waka amatara

Ivyapa vy' umurongo waka amatara bishobora navyo gukoreshwa mu kurongora aba shoferi mu murongo ukwiriye. Igihe imirongo itariko irakoreshwa , ivyapa bica bishirwa mu buryo bwo kwitararika , n' umurongo utumbereye w' amatara akubita ingohe, canke amatara akubita ingohe mu bice 4 vy' icapa. Aba shoferi bakwiye kugenda buke buke igihe babonye ivyapa biri mu buryo bwo kwitararika. uburyo.

Igice c' ibikorwa gishobora kugira ibimenyetso v' ibarabara ry' amabuye vy' umwanya muto. Ibimenyetso vyera canke imirongo itandukanye ija mu ruhande rumwe. Ibimenyetso vy' umuhondo canke imirongo itandukanye ija impande zitandukanye. Ibimenyetso vy' umuhondo bizoba biri ibubamfu bwawe-- nimba bitari, uri mu murongo utariwo.



Hepho v' ibitugu

Rimwe na rimwe,cane cane ibice biriko birubakwamwo, uburebure bw' ibarabara bushobora kuba burebure gusumba ibitugu. Nimba amapine yawe akorotse mw' ibarabara ry' amabuye ku bitugu, gabanya umuvuduko udafashe fire, hanyuma usubire inyuma mw' ibarabara ry' amabuye witonze cane buke buke.


AMATEGEKO Y' IBARABARA AHO IBARABARA RY' INRARAYI RICA

Ni ukurenga amategeko gutwaramwo imodoka yawe,iruhande, canke musu y' umuryango wugaye w' ibarabara ry' indarayi. Ni kurenga amategeko kandi kurengana iyindi modoka aho ibarabara ry' indarayi rica.

Umu shoferi w' imodoka yose akwiye gutwara ku muvuduko wizewe,ugabanije igihe yegera no guca k' umuryango w' ibarabara ry' indarayi y' leta canke ry' igenga.

Mu mategeko, aba shoferi batagerezwa GUHAGARARA ku intambwe zidashika 15 kuva ku ndarayi ihije:


1. Amatara yaka, umuryango umanuye, canke ikimenyetso c' abafasha uruza n' uruza bakoresheje utudarapo berekana ko indarayi yegera canke iriko irarengana.
2. Urabona indarayi canke wumve isoni yayo.
3. Igihe hari ikimenyetso co GUHAGARARA aho ica.



Inyuma yo guheza GUHAGARARA imodoka neza igihe bisabwa muvuyo twavuze hejuru, imodoka ishobora guca kurivyo vyuma.

Igihe vyizewe gukorwa uko. MENYA: abagenda n' amaguru, abatwara amakinga, n' abatwara utu moto dutu dutu nabonyene batagerezwa kwihweza ibimenyetso vyo kugabisha vy' ibarabara ry' indarayi kandi bashobora kutajabuka ibarabara ry' indarayi gushika vyizewe kubikora.

Igihe hari ibihe vy' akaga k' ibarabara ry' indarayi, hamagara kuri numero yanditse ku kimenyetso cihutirwa. Ibi bizokwemerera ikigo c' indarayi guhagarara canke guhindura ibarabara ryegereye imodoka nyinshi gushika ikimenyetso c' akaga gikuweho. Raba neza utange numero imanitse yo kujabuka kugira bamenye akaga neza.



INGUVU 30 ZITERENI
ITWARA IBIDANDAZWA
YIKOREYE IMODOKA 30
ZIGONZE IMODOKA YAWE.

INGUVU Z'IMODOKA YAWE
IGONZE AGACUPA K'
IFANTA

GUSANGIRA IBARABARA

Gusangira ibarabara n' abagenda n' amaguru

Aba shoferi batagerezwa kuraba neza ku bagenda n' amaguru. Ba maso cane cane ku bana, abakuze, ibimuga canke abagenda n' amaguru baborewe. Nibo bakunda kugwa mu masanganya y' imodoka/ abagenda n' amaguru babomana.

Amasanganya menshi ava ku bagenda n' amaguru bataraba neza canke binjira mu modoka basamara, mu gihe ayandi masanganya aterwa n' aba shoferi bananirwa no gutanga inzira canke batitwararika mu gihe hariho abagenda n' amaguru.

Ibiraba umu shoferi

- Twara imodoka buke buke kandi ugume ugavye mu bice aho abagenda n' amaguru bari.
- Igihe imodoka iri imbere yawe ihagaza kubera uwugenda n' amaguru, nturengane imodoka ihagaze n' aho hoba hari imirongo ibiri. Ibi nivyoye bikunda gutera impfu z' abagenda n' amaguru.
- Raba abagenda n' amaguru bariko bagenda bagana itara ritukura, batambukira mu modoka nyinshi bava hagati y' imodoka ziparitse n' izijabuka mu bice bitarimwo ibimenyetso vy' ababajuka. N' igihe abagenda n' amaguru bajabuka bajabuka basamara, umushoferi ategerezwa gutanga inzira.
- Ntuzibire inzira ifise ikimenyetso c' abagenda n' amaguru mu gihe uhagaze canke urindiriyeye gukata. Kuzibira inzira ifise ikimenyetso c' abagenda n' amaguru n' igice canke imodoka yawe yose bituma abagenda n' amaguru bakuzunguruka no kubashira mu bihe bishobora gutera akaga.
- Raba abagenda n' amaguru igihe cose ujabutse inzira y' abagenda n' amaguru canke ku mpera y' ibarabara, nko kwinjira canke gusohoka akabarabara gakoya , iruhande y' ibarabara canke ibarabara ryigenga.
- Itwararike mu gihe abana bariko barakina mw' ibarabara canke hafi y' ibarabara. Abana kenshi baranyaruka kandi ntibarabara imodoka.
- Itwararike mu gihe hari abagenda n' amaguru bashaje. Bashobora kuba batitwararitse ku kaga k' ibihe vy' imodoka nyinshi.
- Ntuhagarare gutanga lifti mw' ibarabara rikuru canke akabarabara kinjira canke gasohoka ibarabara rikuru.
- Itwararike cane igihe wegereye impumyi igenda n' amaguru. Igihe uwugenda n' amaguru afise agakoni kera canke ariko arongorwa n' imbwa imwerekana inzira ariko arajabuka canke arindiriyeye kujabuka ibarabara imbere yawe, utegerezwa guhagarara no kumuha inzira.
- Igihe uriko urajabuka, raba hanyuma utange inzira ku bagenda n' amaguru bajabukira ku mpande z' ibarabara.

Amahwaniro menshi afise yerekana ibimenyetso vya "No turn On Red" vyaka mu gihe abagenda n' amaguru bajabuka. Ntukatire iburyo kw' itara ritukura mu gihe ibimenyetso vyaka. Ibuka: NTUKATIRE IBURYO ku murongo utukura.

Ahari ivyapa vy' ababajuka n' amaguru, ikimenyetso c' abagenda n' amaguru gishobora gushirwa kw' ibarabara kwibutsa aba shoferi ko basabwe basabwe gutanga inzira ku bagenda n' amaguru mu murongo wabo wo kujabuka.

Ahari amashure

Itwararike neza igihe cose kubw' abana n' ababajuka n' amaguru ahari amashure. Kandi urabe ama bus y' ishure ashobora kuba ariko arashika no kugenda. Ibimenyetso canke amatara yaka bikugabisha ko uriko wegera ishure canke aho abanyeshure bajabukira. Ahari amashure henshi hafise umuvuduko muke, kandi ikimenyetso c' urugero rw' umuvuduko kizoba gifise amajambo igihe caka amatara canke igihe hari abana mu ku kumenyesha igihe urugero rw' umuvuduko rukurikizwa. Menya ko amsaha asanzwe y' ishure atariyo masaha yonyene abana baba bari kw' ishure. Inyuma y' ishure n' ibikorwa vya weekend kenshi bibera kw' ishure.

Abana bariko barakina

Nk' umu shoferi, itwararike cane ahaba abantu na rimwe rimwe n' ahantu hakuna kuba hari abana. Igisha abana bawe uburenganzira n' ibikorwa vy' abagenda n' amaguru mu



buto bwabo. Igihe cose ba maso cane igihe usubira mw' ibarabara canke mu tuyira dut Abana bashobora kwiruka inyuma canke bagakinira inyuma y' imodoka yawe.

Ibiraba abagenda n' amaguru.

Naho aba shoferi bategerezwa guha inzira abagenda n' amaguru, abagenda n' amaguru ntibategerezwa kuva mw' ikorosi giturumbuka canke ahandi hatekanye ho kurindirira no kugenda mu nzira y' imodoka nimba ari hafi cane hashobora gutera akaga ubwo nyene. Imodoka ntizishobora guhagararira rimwe. Abagenda n' amaguru bakwiye kumenya amategeko yizewe akurikira n' ivyifuzo:

Raba impande zose imbere yo kujabuka ibarabara iryo ariryo ryose. Wame wubaha ibimenyetso "tambuka" canke "Ntutambuke" Ntutangure kujabuka mu gihe Itara ryerekana abagenda n' amaguru ryaka "Ntutambuke" Nimba wamaze gutangura kujabuka mu gihe c' ikimenyetso "Tambuka", Uzoronka umwanya wizewe wo guheza kujabuka mu gihe itara ryaka " Ntutambuke".



Igihe urabana n' itara ry' umuhondo canke ritukura, ntujabuke kiretse ikimenyetso kikweretse " Tambuka" Nimba ata kimenyetso c' abagenda n' amaguru kihari, jabuka igihe itara rihindutse nk' urwatsi rubisi ku modoka zigenda uruhande rumwe. Raba imodoka zikata.

Igihe hari inzira iruhande y' ibarabara, abagenda n' amaguru ntibakwiye guca iruhande canke kw' ibarabara rikuru. Nimba ata nzira y' iruhande y' ibarabara ihari, ukwiye guca kure hashoboka mu ruhande rw' ibibamfu rw' ibarabara rurabana n' imodoka nyinshi.

Ukoresha aho abagenda n' amaguru bajabukira. Igikorwa nyamukuru c' aho abagenda n' amaguru n' ugutera intege abagenda n' amaguru kujabuka ahantu hamwe gusa aho kujabuka bishobora kuba vyizewe.

Igihe ugenda ku mugoroba canke mw' ijoro, amabara impuzu z' amabara abona canke zibona hama witwaze itoroshi.

Ntiwambare ama ecouteur, cane cane ahari hari uruja n' uruza rw' abantu. Aho ushobora kwumva imodoka zegereje birafasha ku mutekano wawe.



Kumabarabara mato canke amabarabara makuru atagira inzira ku ruhande rw' ibarabara ntiwigere ugendera iburyo n' imodoka ziri inyuma yawe. Tambukira ku ruhande rw' ibubamfu urabana n' imodoka zikwegera. Ambara impuzu z' amabara abona nimba uriko utambuka mu mutwezi, ku mugoroba, canke inyuma y' umwijima. Twara itoroshi kandi wambare impuzu zibineka uri kure.

Gusangira ibarabara n ama bus y' ishure

Aho bus z' ishure zihagarara.

Birabujijwe n' amategeko kurengana bus y' ishure yahagaze ifise itara rigabisha ritukura ryaka. Ntuze wigere urengana uvuye uruhande urwarirwo rwose igihe itara ritukura ryaka.

Igihe Bus y' ishure iri kw' ibarabara rikuru kandi igomba gutora canke kwururutsa abanyeshure, umu shoferi wa bus y' ishure aratsa amatara y' umuhondo agatangura kugenda buke buke. Wari ukwiye gutegura guhagarara . Inyuma y' uko bus yahagaze, umu shoferi

azokwatsa amatara aagabisha atukura. Igihe itara ryo kugabisha ritukura ryatse utegerezwa guhagarika imodoka.

Ibuka, n' iruhande y' ishure, ntushobora kurengana bus y' ishure ifise itara rigabisha ry' umutuku ryaka.

Haraho gake cane aho guhagarara bidakenewe. Ntutegerezwa guhagarara mw' ibarabara rikuru rigabuye nimba bus y' ishure iriko igenda ija mu rundi ruhande. Bariyeri y' isima irashobora gukoreshwa mu kugabura bus y' ishure n' imodoka nyinshi, kandi ntusabwa guhagarara.

Muri Vermont, nimba wagiriwe n' icaha co kurengana bus y' ishure ifise itara ryo kugabisha ryaka , uzoca ucibwa amande hamwe n' amanota atanu ku burenganzira bwawe bwo gutwara imodoka.

Gusangira ibarabara n' abagendera ku makinga

Igitigiri c' abantu bagendera ku makinga kw' utubarabara no n' amabarabara makuru kiguma ciyongera kumusi kumusi, mu kwintonora imitsi hamwe n' ukwiyunguruzwa. Mu mategeko ya Leta amakinga arafise uburenganzira bwo gukora ku mabarabara yose, kiretse babibujijwe, nko ku mabarabara makuru afise amayira yo kwinjira make.

Amategeko n' ingingo y' imodoka akora no ku bagenda n' amakinga. Amakinga, naho biri uko, ntagira urwamo kandi ntaboneka n' imodoka cane cane mw' ijoro. Nk' uwutwara ibigenda n' amapine ukwiye gutwara wikingira ahari amakinga kubera agakosa gatoya cane karashobora gutuma umuntu akomereka canke agapfa. Igihe wegereye uwugenda n' ikinga, guma uraba neza hama ugabanye umuvuduko. Bahe umwanya munini kandi witegurire guhagarara bukwi na bukwi. Ntuvugirize isoni uwugendera kw' ikinga kiretse ufise ico ushaka kubagabishako ciza. Urwamo rwinsi rurashobora kubakanga bigatuma bata kontorore. Ni ivy' ingirakamaro kwibuka ko abagendera ku makinga bafise uburenganzira nk' ubwawe kandi bashinzwe nk' ivyabatwara imodoka. Kugira wirinde gushwana, aba shoferi batwara imodoka bakeneye kumenya amategeko:

Ibiraba umu shoferi

- Sangira ibarabara n' abagendera ku makinga; barafise uburenganzira bwo kugendera mw' ibarabara. Aba shoferi bategerezwa kwubaha no kwitonda n' aho bitwara umwanya.
- Umenye ko abagendera ku makinga bemerewe gutwara ibubamfu hashoboka nkuko vyemewe, igihe bikenewe kuba utekanye.
- Mu bihe bimwe bimwe birizewe cane ku bagendera ku makinga " gufata umurongo mu gutwara baja hagati mu murongo. Harashobora kuba hariho igituma abagendera ku makinga batwara mu murongo wo kugenda, nk' akaga ko mwibarabara kataboneka ku batwara imodoka, canke guca mu murongo wo kugenda neza.
- Wige kumenya gutahura ibintu n' imitego bishobora guba akaga ku bagenda n' amakinga., nk' ibinogo, ivyuma bifuka ibinogo bitwara umucafufu, ivyuma vy' amabarabara y' indarayi n' uturaro dutoya canke inzira iri ku mpera y' ibarabara. Bahe umwanya ukwiye wo kugenda neza.
- Umenye ko uwugenda n' ikinga ariko akatira ibubamfu ,uwugenda n' ikinga akwiye kwereka ikimenyetso no kwimukira mu ruhande rw' ibubamfu rw' umurongo canke mu murongo wo gukata. Uku niko kugenda neza kandi uwugendera kw' ikinga akwiye kwereka guheza gukata mu mutekano imbere y' uko imodoka zimurengana.
- Sigaza n' imiburiburi imetero irenga y' aho aca hagati y' uruhande rw' iburyo rw' imodoka yawe n' uwugenda n' ikinga. Nimba ibarabara ari ritoya cane ku modoka n' ikinga kugendera hamwe vyizewe, rindira gushika igihe vyizewe kurengana uwugenda n' ikinga utabahatiye ku ruhande rw' ibarabara.

- Umenye ko vyemewe n' amategeko ko ikinga zibiri zishobora kugendera hamwe uruhande k' uruhande. Genda buke buke gushika igihe vyizewe kurengana, canke ubahe umwanya wo guhindura aho bari. N'aho nyene, nturungane abagendera ku ma kinga gushika igihe vyizewe.
- Igihe ukatira ibubamfu mw' ihwaniro, tanga inzira ku bagendera ku ma kinga bariko baraza nk' uko wari guha inzira imodoka ziriko ziraza. Abagenda n' ama kinga bashobora kuba bariko bagenda cane gusumba uko uvuyibaza, rero bahe ikibanza gikwiye.

Imodoka zisanze ziratumye amasanganya n' abagendera ku makinga

Amakosa ane akunda kuba ashobora kugutera kugonga uwugendera kw' ikinga.

1. Gukatira ibubamfu ata utabonye/utatanze inzira ku bagendera ku ma kinga bariko baraza.
2. Gukatira iburyo mu mahwaniro canke inzira iri iruhande y' ibarabara utaravye abagendera ku ma kinga iburyo bariko barabandanya canke bava ku ruhande rw' ibarabara.
3. Kwinjira canke kujabuka ibarabara utaravye abagendera ku ma kinga mu tubarabara canke ku ruhande rw' ibarabara.
4. Kwugurura umuryango w' imodoka mu nzira y' uwugendera kw' ikinga.

Ibiraba abagendera ku ma kinga

Abagendera ku ma kinga n' abakoresha ibarabara bavyemerewe kandi bafise uburenganzira bwose n' ibibaraba vy' abandi bashoferi b' imodoka. Naho bidasaba uburenganzira bwo gutwara, abagendera ku ma kinga batagerezwaga kwubahiriza amategeko y' ibarabara. Abagendera ku ma kinga baremerewe gutwara ari babiri babangabanganye mu gihe batabangamira uburyo busanzwe kandi bwumvikana bw' imodoka. Wubaha aya mabwirizwa akurikira kugira ngo ugire uburambe bwizewe kandi bwemewe n' amategeko bwo kugendera kw' ikinga:

- Ubaha ibimenyetso n' ivyandiko vy' imododa. Nimba urenze itegeko ry' ibarabara iryo sriryo ryose, utagerezwaga gucibwa igitasi n' amande.
- Twara n' imodoka Igihe cose twara n' imodoka iburyo bw' ibarabara. Igihe wegereye umurungo ukatira iburyo ukaba ushaka kubandanya, ntiwinjire mu murungo ukatira iburyo.
- Twara mu buryo bwiza Igihe cose Wame utwara mu murungo ugororotse; Ntiwihute kwinjira no gusohoka mu modoka ziparitse. Nimba ibarabara ari rito cane kw' ikinga n' imodoka kugenera hamwe, uwugendera kw' ikinga akwiye gufata ibarabara gushika igihe cizewe co gusubira iburyo. Raba hejuru y' ibitugu imbere yo guhindura umurungo kandi ntugume uca hirya no hino y' imodoka ziparitse.
- Gutanga ikimenyetso co gukata. Utegerezwaga kwama utanga ikimenyetso co gukata, ukoreshaje ikimenyetso c' ukuboko kizwi. Raba neza kugira umenye ko imirungo itagira imodoka imbere yo guhindura umurungo.

• Ibimenyetso vy' ukuboko vy' ikinga.



Gusangira ibarabara n' abagendesha ibirato bifise amapine, scooters, n' ibindi.

Ivyo bafashe nk' ivyihutirwa muri iki gihe ni uburyo bwite bwo gutwara bukoresha amapine nka skateboarders, roller-bladers, nonmotorized scooters, intebe z' ibimuga zikoresha umuyagankuba, n' ibindi. Abantu baca ku ruhande rw' ibarabara bukoresha ibi bukoresho bashobora rimwe rimwe kuba bukoresha umuvuduko uboneka. Ababikoresha bashobora kugenda giturumbuka canke bagahindura baza mu ruhande rwawe utavyiteze. Ube maso cane kandi witonde kur' ubu bwoko bw' abakoresha impera y' ibarabara.

Gusangira ibarabara n' abagendera ku ma moto

Abagendera ku ma moto uyumusi n' abagenzi, incuti n' ababanyi. Abagendera ku ma moto bafise uburenganzira n' ibibaraba kw' ibarabara rikuru co kimwe n' aba shoferi b' izindi modoka. Abatwara imodoka bakwiye kumenya ibi no kutagerageza kuzibira abatwara ama moto canke ngo babatware inzira. Abatwara ama moto ku rundi ruhande bategerezwa kwitwararika abakoresha ibarabara no kutitwaza inzira ntoya n' ubushobozi bwo guca ahantu hato.

Abatwara ama moto kenshi bagabanya umuvuduko mu gufata agatuma idakoresha igitoro, bigatuma itara rya fire ritaka. Reka ama sekunda arenga 4 y' umwanya wo gukurikira. Ku mahwaniro, witege ko imoto ishobora kugabanya umuvuduko itakweretso ikimenyetso co kugaba.

Ibimenyetso vyo gukata vy' imoto kenshi ntivyikuramwo, bigatuma aba shoferi bamwe bamwe, (cane cane abagitangura gutwara) rimwe na rimwe bibagira kubizimya inyuma yo gukata canke guhindura umurongo. Raba neza ikimenyetso c' uwatwara moto ari icukuri.

Abatwara ama moto kenshi barahindura ikibanza mu murongo kugira baboneke vyorosheho kugabanya ingaruka mbi z' umuyaga, akaga ko mw' ibarabara, n' imodoka zirengana. Tahura ko abatwara ama moto bahindura imirongo ku mvo runaka, atari ukutitwararika canke kwiyerekana

Kubera ari ntoya imoto iboneka nk' uko iriko iriruka cane gusumba uko iriko iragenda vy' ukuri. Ntiwibaze ngo abatwara ama moto barakunda kwiruka cane.

Kubera ari ntoya, imoto iboneka nk' uko iri kure cane gusumba aho iri. Igihe uraba imodoka ngo ukatire mu mahwaniro, itege ko imoto iri hafi gusumba uko iboneka.

Kubera ari ntoya, imoto irashobora kwinyegeza vyoroshe n' ikintu kiri indani canke inyuma y' imodoka (umuryango, ibiyo, abari mu modoka, ibisaka, ibiti, imodoka ziparitse, urugo, ibitarurwa, ahantu hatabona, n' ibindi.) Fata uwundi mwanya wo kuraba neza imodoka, nimba ugiye guhindura umurongo canke gukatira mu mahwaniro.

umwanya wo guhagarara ushobora kuba umwe ku moto no ku modoka, ariko ibarabara ry' amabuye rinyerera rishobora gutuma guhagarara vyihuta bigora. Niwihe umwanya munini wo gukurikira inyuma y' imoto kubera ishobora kutama ihagarara ku kantu gatoya.

Gukata ningoga kw' imoto ni kimwe mu bigize imoto, Cane cane iyo igenda buke buke kandi mw' ibarabara ryiza. Ariko ntiwitege ko uwugenda n' imoto yama ashobora kwihuta mu kwigira hirya y' inzira.

Gutwara umuntu bituma igikorwa c' uwutwara moto kigora. Gusigarana umwanya biragoye cane. Umwanya wo guhagarara uriyongerako. Uburyo bwo gukata buragabanuka. Witege ingorane nyinshi igihe ubonye abantu babiri kuri moto, cane cane hafi y' amahwaniro.

Ibiyo ni bito bito ku moto kandi kenshi biba bihanganye. Ibyo bituma uwutwara ipikipiki akubona nk' umuntu muto kandi bigatuma ubona ko uri kure yo gusubira inyumakurusha uko uri mu by' ukuri. Mu gihe ukurikiye umuntu atwaye ipikipiki, guma witeguye nibura amasegonda aho.

Hari imodoka nyinshi n' ubwoko bw' imodoka zininzi gusumba imoto mw' ibarabara, kandi aba shoferi bamwe bamwe ntibitaho amatwara moto kandi bakabihozza (Kenshi batavyibaza) Raba imoto, cane cane igihe uraba imodoka ku mahwaniro.

Mw' ijoro, ibitarava vy' imbere n' ivy' inyuma vy' imoto bishobora kwivanga n' amatara y' izindi modoka. Aya matara adasanzwe ashobora kuba ari ay' imoto.

Imoto ziremerewe guca mu murongo wose. Uriko urarengana imoto , hindura umurongo wose. Ntiwigere wegera hafi cane inyuma y' ukurengane imoto. Raba neza ukoreshe ibimenyetso kugabisha uwutwara ko wifuza kurengana , hindura umurongo canke ukate. Rekeram imoto irengana umwanya munini kandi ntiwigere ugerageza kwongereza umuvuduko ngo ugume imbere y' uwugendera ku moto ashaka kurengana.

Igihe imoto iri munzira, ntuyiyumvire nk' imoto; ziyumvire nk' umuntu.

Menya: Amakuru menshi yerekeye amategeko n' amabwirizwa y' imoto , n' uko woronka uruhusha rwo gutwara imoto canke kwemererwa, woshobora kubisanga mu gatabo k' uwugendera ku moto ka Vermont.

Gusangira ibarabara n' ikamyo nini.

Ku mwaka hari amasanganya arenga 250,000 arimwo abantu, imodoka n' ama kamyo manini. Mu masanganya arenga 70% kw' ijana arimwo ama imodoka n' ama kamyo, yari umu shoferi w' iyo modoka yindi, atari umu shoferi w' ikamyo, yateje isanganya Amasanganya menshi arimwo imodoka n' ama kamyo aba kumurango kw' ibarabara ry' amabuye kandi ryumye n' ibirere vyiza. Ikamyo ni zinini kandi ziremerewe gusumba izindi modoka. Mu masanganya ane kuri atanu yica arimwo ama kamyo, umu shoferi w' iyo yindi modoka yarapfuye. Nyinshi murizo sanganya umuntu yari kuzirinda iyo abatwara bamenya urugezo rw' ikamyo n' uko bokwitwararika ngo birinde ahantu hatizewe.

Ibuka, Ikamyo ntizitwarwa nk' izindi modoka. Muri rusangi, uko ikamyo iba nini:

- Niko umu shoferi atabona neza hose.
- Niko ikamyo ikenera ikibanza kinini co kugenderamwo.
- Niko ikamyo itwara umwanya munini kugira ihagarare.
- Niko bitwara umwanya munini kuyirengana.



KURIKIRANA AHANTU HATABONEKA-"UTUBANZA TUTABONEKA"

Ikamyo zinini, canke utubanza tutaboneka , amaja imbere, inyuma no ku ruhande y' ikamyo. Ikamyo ishobora kugukaturako, kubera utwo tubanza tutaboneka dutuma bigora umu shoferi kubona. Mwihangane mu tubanza tutaboneka. Ubuka, Nimba udashobora kubona ikamyo mu kiyi kibona inyuma hanyuma umu shoferi w' ikamyo adashobora kukubona.

Kurengana

Bisaba umwanya munini kurengana ikamyo nini. Ukiye kugumana umuvuduko warusanganywe igihe urengana. Raba neza ko ubona umu shoferi w' ikamyo mu kiyi cawe kibona inyuma imbere yo gukatira uburyo. Igihe imodoka zinjira imbere y' imodoka nini vyihuta, umu shoferi w' ikamyo ashobora kunyarutsa mu kwirinda isanganya.

Gusubira inyuma

Igihe umushoferi w' ikamyo ariko asubira inyuma, ategerezwa rimwe na rimwe kuzibira ibarabara na mwanya muto kugira akatishye ikamyo yiwe. Ntuzwe wigere uca iruhande y' ikamyo iriko yitegura gusubira inyuma canke iriko irasubira inyuma . Ikamyo nyinshi zirashobora kunyegera ibintu biza bukwi na bukwi


hagati yazo n' aho bakwirira. Nimba ugeregeje kuja iruhande y' ikamyo, urashobora kwinjira ahantu hatabona kandi umushoferi w' ikamyo ntashobora kukubona.

Ahantu hatabona inyuma y' imodoka

Bitandukanye n' izindi modoka, ikamyo zifise ahantu hatabona hanini neza neza inyuma yazo. Umu shoferi w' ikamyo ntashobora kubona imodoka yawe muri uru ruhande, kandi ukubona kwawe kw' imodoka kuragabanuka cane. Gukurikira hafi cane birongereza cane amahirwe yo kugongana kw' imodoka inyuma n' ikamyo. Nimba udashobora kubona ikamyo mu kiyo kibona inyuma hanyuma umu shoferi w' ikamyo adashobora kukubona.

Ahantu hatabona ku ruhande

Ikamyo zifise ahantu hatabona hanini ku mpande zose z' imodoka gusumba imodoka zitwara abantu. Igihe utwara imodoka mur' aho hantu hatabona ku mwanya uwariwo wose, ntashobora kubona n' umushoferi w' ikamyo. Nimba umu shoferi akeneye guhindura umurongo vyihuta kubera imvo iy' ariyo yose, isanganya rikomeye rishobora kuba nimba imodoka yawe iri mu ruhande rutabona rw' umushoferi w' ikamyo.



Ahantu hagutse ho gukatira

Wame uraba ikimenyetso c' ikamyo co gukata. Aba shoferi b' ikamyo kenshi barakeneye gukatira ibubamfu kugira akatire iburyo. Ntibashobora kubona neza imodoka inyuma canke ku ruhande rw' abo. Ntuce iruhande y' ikamyo n' ikinoye canke ibitugu uja iburyo; ibi vyongereza ubushobozi bw' isanganya.

Gusangira ibarabara n' imodoka zigenda buke buke

Imodoka igenda buke buke, nk' imashini yo kurima canke ibikoresho binini vy' ubuhinga bidashobora kugendera ku muvuduko wo mw' ibarabara rikuru. Vyerekanwa n' ikimenyetso c' inyabutatu gisa n' umucungwe canke c' umutuku kimanitse inyuma ku modoka. Ibi bimenyetso bifasha abatwara kumenya Imodoka iri imbere ningoga. Uko ushobora kumenya vuba imodoka igenda buke buke niko ugira umwanya ukwiye wo kugabanya umuvuduko. Imodoka zigenda buke buke zishobora gukatira ahantu hanini hatagira ikimenyetso baja iburyo canke ibubamfu bw' iruhande y' ibarabara. Ibikoresho bimwe bimwe vyo kurima biragutse gusumba ibarabara ubwaryo. Ibifaru, canke ibikoresho, bishobora kugenda bihindagurika ku nzira kandi ushobora kutabona umu shoferi.



Igihe utwara imodoka igenda buke buke bituma imodoka ziteba, ishobora guhagarara ku ruhande rw' ibarabara, nimba kandi mu gihe bishoboka kandi vyizewe gukora, kugira ureke abandi barengane neza. Imodoka z' uburimi zirafise uburenganzira bwo gutwara imodoka mw' ibarabara. Gumya umwanya ukwiye inyuma y' imodoka igenda buke buke kugira uwuyitwara ashobore kukubona, canke ushobora kubabona, nimba bishoboka. Bishobora kuba nkenerwa kubaha umwanya wo kubakurikira urenga ama sekunda ane. Uhe inzira ibikoresho binini mu kabarabara gatoya. Rengana imodoka zigenda buke buke witonze, kandi mu gihe vyizewe, kandi ata modoka ziriko ziraza. Ihangane kandi ube maso ku modoka zishobora gukata. Sangira ibarabara n' imodoka zinini kandi zigenda buke buke. Raba [tugumize amabarabara yacu mu buryo bwizewe muri Vermont.](#)



Aba shoferi b' abanyamwete

Aba shoferi b' abanyamwete bashobora kuba batiyumvira ku ngaruka z' ibikorwa vyabo igihe batwara bihuta kandi bakarengana igihe bitizewe. Bashobora kunanirwa gukoresha ibimenyetso vyo guhindura umurungo kandi bashobora kwinjira hagati mu modoka bongera basohoka, bakurikira begereye cane kandi barengana imodoka uko zigerageza kubandanya. Ibi bikorwa vyose ntivyemewe n' amategeko kandi bishobora kurangira uhawe igitasi canke ikindi kibi gusumba ngaho. Aba shoferi b' abanyamwete bashobora kandi gusemerera, kuvuza isoni n' ukwakiriza amatara yabo ku bandi ba shoferi.

Nimba umu shoferi w' umunyamwete akurenganye canke agakora ikindi kintu kitizewe, ntugerageze kumwihora. Guma utekanye. Va mu nzira y' umushoferi. Ntiwigere ubasimbira imbere. Kugerageza kwihora umushoferi w' umunyamwete n' icyumviro kibi.

Gusangira ibarabara n' ibitungwa.

Igihe uri mw' ibarabara rikuru rya leta umuntu agendera ku gitungwa, canke atwara imodoka ikwegwa n' ibikoko, arahabwa uburenganzira bwose bw' umushoferi atwara imodoka. Bizoba bikenewe ko uwugendesha imodoka agabanya umuvuduko igihe ahuye n' ibihe nk' ivyo.

kandi bishobotse uharare, kugira ushobore kwitwararika mu kwirinda gutera ubwoba igitungwa/ibitungwa kandi no guha umutekano n'o gukingira uwutwara/umu shoferi.

Uwutwara imodoka akwiye kutigera avuza isoni canke kuduza umuvuduko, cane cane iyo utwara

imoto, kugira ntukange igitungwa/ ibitungwa iyi muhuye,

ukurikiye, canke urenganye igitungwa nk' icyo. Koresha umurungo wose w' ibarabara kugira urengane neza igitungwa kandi ntiwigere ugaruka wihuta mu murungo wawe.

Igihe ukurikira ifarasi n' uwuyitwara, ifarasi n' imodoka itwara imizigo, canke iraro ry' ibitungwa, sigaza n' imiburiburi umwanya w' ama sekunda 4 wo gukurikira. Uwukoresha imodoka ashobora gucibwa amade canke agapfungwa ku kutitwararika mu gutwara imodoka hafi y' ivyo bitungwa.



Umutekano w' imparage

Isanganya ry' imparage canke moose ryashobora kwica atari ku gikoko gusa, ariko no ku mushoferi n' abatwawe n' imodoka. Gutwara imodoka witonze kw' ibarabara rikuru rifise ikimenyetso c' imparage n' ikimenyetso co kujabuka ca moose bishobora kurokora ubuzima bikarinda Inguma. Kuba hari moose n' imparage ku mabarabara makuru bishobora kuba ku mugoroba wa cane, mw' ijoro no mu gitondo ca cane. Koresha ubwitonzi igihe utwara imodoka murayo masaha aho imparage na moose zitembera canke zirisha.

Umuco w' amatara y' imbere y' imodoka ushobora gutuma imparage igira ubwoba cane mu mwanya muto, ikananirwa kuva mu nzira y' imodoka, canke ishobora kwiruka k' umuvuduko ushika km 64 kw' isaha ija aho ziba. Ibi bisigura ko nimba imparage iri ku rundi ruhande rw' ibarabara uvuye aho iba, ishobora guhindukira ikagonga imbere y' imodoka. Ibikoko bigenda ari bibiri biriri, rero witegure kubona iyindi ya kabiri igihe ubonye iyambere.

Amasanganya ya moose arica cane ku batwara imodoka. Moose iraremereye cane gusumba imparagwe - ama pawundi arenga igihumbi. Kandi, zirasumba uburebure imparagwe, kandi mw' isanganya irashobora kugwa hejuru y' imodoka n' abayirimwo n' inguvu. amaso y' imparagwe asubiza inyuma amatara y' imbere y' imodoka. Kubera moose ari zirezire, amaso yazo ashobora kudasubiza inyuma amatara y' imbere y' imodoka. Kandi, moose zifise ibara ryijimye gusumba imparagwe. Ibi biranga moose biyituma igira ikibazo co kubona cane cane mu masaha y' umugoroba.



IBIHE BIGOYE GUTWARIRAMWO IMODOKA

Imvuzurira n' Imiyaga

Mu gihugu, imyuzurira inyaruka yica abantu benshi gusumba ibindi bibaza vy' ibirere. Hafi y' ica kabiri c' izi mpfu zirafitaniye isano n' imodoka. Imiyaga, urubura rukomeye n' irindi hinduka ry' ikirere rikomeye bizana bigoye gutwariramo imodoka nka, umuyaga mwishi, ukutabona neza, amabarabara anyerera, hamwe n' ibindi bibazo umuntu ataba yiteze. Igihe ibihe bigoye vy' ibarabara biba vyitezwe, nivyiza kuguma muhira no kwirinda ingendo zidakenewe. Ariko, nimba wisanze hanze mu miyaga canke ugahura n' ibihe bigoye, ukwiye gukora ibi bikurikira:

- Genda buke buke. Nyukoreshe cruise control. Guma uri maso.
- Sigaza umwanya w' ama sekunda arenga anehagati yawe n' imodoka iri imbere yawe.
- Guma uri maso cane cane mw' ijoro canke igihe uriko utwara imodoka mw' ibarabara utamenyereye.
- Menya ko ibiraro, imivo y' amazi, ivyuma vy' ibarabara bishobora kuba vyatwawe. canke vyaciwe n' amazi y' imyuzurira . Ntutware imodoka hafi ya bariyeri canke ngo urengane ikimenyetso " ibarabara ryugaye". Wubahe ibimenyetso vyose vyo gusubira inyuma.
- Ntutware imodoka aho amazi yarenze ibarabara. Uburebure bw' amazi ntibwama buboneka kandi amazi arashobora kunyegaza akaga nk' ibi bomoke. imodoka zizoca mu mazi kandi ushobora guhura n' ibibazo vyo kuguma aho canke gufatwa.
- Iyo imodoka yawe iri ahantu hari umwuzure, yihagarike vuba hashoboka. umwuzure ushobora kugwira vuba ugatwara imodoka n' abayirimo. impfu nyinshi zabayeho kubera kugerageza kwimura imodoka. nimba uhisemwo guheba imodoka yawe mu mwuzure, ubahiriza inguvu z' amazi atemba. ibice 4 vy' amazi bishobora gutuma bigorana kugenda no guhisha ivyago bishobora kuba.
- Umuyaga ushobora kuba ikibazo kubakoresha imodoka bese. Ni ikibazo gikomeye ku modoka nini no kubakoresha imodoka zitwara amakarato. kugenda mu muvuduko muke niyo ngeso nziza.
- Menya neza ko umuyaga ukomeye n' urubura canke icatsi gishobora gutera ibiti n' imigozi kugwa mw' ibarabara. Ntukegere canke usimbe imigozi yaguye.
- Raba amatangazo y' ikirere n' ay' imyuzurira yatanze serevisi y' ikirere, hamwe n' amatangazo yose yereye imiterere mimi yokugenda.
- Igihe ubushobozi bwo kuraba butameze neza, nk' igihe hari umwuzure canke umweru w' imvura, koresha amatara yawe yo hasi. Nimba utabona abantu canke imodoka kuri inatmbwe 500 z' imbere amategako asaba ko abatwara imodoka bagomba gukoresha amatara y' imbere.



Kugenda mu gihe c' ubukonje.

Igihe c' ubukonje ni co gihe gikomeye co gutwara imodoka, gutyo rero koresha ubwitonzi bukomeye. Ntukurikire urubura n' ibarafu hari n' amasaha make y'umuco wo kumurango.

- Menya ko ifire, ibikoresho vyo guhanagura ikiyo, defroster, ubushuhe n' uburyo bwo gusohora umwotsi biri mu mibereho myiza.
- Raba antifreeze yawe, kandi witegurire ubushuhe bukonje. Suzuma ko ububiko bw' amazi yo kwoza ikiyo bwuzuye n' amazi yategekanirijwe igihe c' ubukonje.
- Suzuma ko ufise amaguru meza y' imvura y' ibarafu ku maguru yose ane, kandi ubishireho hakiri kare. Gerageza kutazofatwa utagira utubumbi mu mwuzure wa mbere y' imvura y' urubura. Ntukavange ubwoko butandukanye

bw' amaguru ku modoka imwe. Leta nyinshi zirempera gukoresha amaguru afise imisumari gusa mu gihe c' ubukonje. Igihe cose suzuma ko amaguru afunze neza.

- Mu gihe c' umwuzure w' ibarafu canke urubura, na canecane igihe hatangajwe inama yo kwitondera ,ntugende kiretse ari ngombwa. Nimba ugomba kugenda, hanagura neza urubura n' ibarafu ku modoka yawe yose kandi usuzume ko ibikoresho vyo guhanagura ikiyo bidafise urubura. Imbere mu biyo vyawe naho nyene hagomba kuba hatarimwo ubukonje.
- Igihe umwuzure, imvura y' ibarafu canke urubura bitanguye kugwa, ibarafu yirabura ishobora guhita ikorwa kandi ushobora kudashobora kuyibona. Ibiraro, ibibanza biduga, n' aho ibarabara riduga bifatwa n' urubura imbere. Ahantu hanyerera hashobora kuguma uko n' inyuma yo gusukura amabarabara.
- Mu gihe uzoba uriko uratwara imodoka bukebuke, ni vyiza ko wiyongera umwanya wo gushika aho uriko uraja. Ongereza umwanya wo kubakurikira urenga amasekunda 4. N' imodoka z' amaguru ane canke vyose ibigendesha amaguru y' imodoka, ntibigira inguvu nziza ku rubura. Imodoka zose zigira birazigora guhagarara, guca mwo no guhindura inzira mu mabarabara y' ubukonje.
- Ucuunge neza cane hafi y' imashini zihanagura urubura [ziragoye kubona urubura rw' ikirere ziteza. Ziragutse kurusha izindi modoka, kandi kenshi zigenda buke buke .
- Gira urugendo ku mutaga, ntugende wenyene kandi ubwire abandi inzira ucamwo n' isaha uzoshikirako. Ugume mw' ibarabara rinini, wirinde gukoresha inzira z' inyuma zishobora kuba ngufi.
- Vyateguwe. Ivyo ukwiye kuba ufise mu modoka yawe birimwo: Ikirwanya urubura n' imvura, isuka ntoyzi impuzu zirenga kuzo wambaye, indya n' amazi, iterefone, amavuta yandi y' ikiyo, igitabo c' ubufasha bwa mbere n' itorshi. Igihe cose ube ufise n' imiburiburi igice c' itangi y' amavuta mu modoka yawe.

Iyo ufashwe n' imvura y' urubura canke uruhuzerezi

- Hagarara ku ruhande rw' ibarabara rikuru. Atsa amatara agabisha, kandi shira idarapo ku muryango, kuri antene canke kw' idirisha.
- Guma mu modoka yawe aho abatabara bagusanga vyoroshe. Ntuhore ukuguru hanze kiretse hari inyubako ubona iri hafi ushobora kwaguma mwo. Hora ugavye, igipfungu c' urubura kirazibira intambuko. Inyubako ushobora kuyibona iri hafi ariko vy' ukuri iri kure cane utohatambuka mu murubura.
- Ugurura imoteri n' ubushuhe iminota 10 bur' isaha kugira ugumane ubushuhe. Mu gihe imoteri iriko iraka, ugurura gato idirisha riri hejuru rikitse kugira akayaga kinjire. Gufasha kwikingira uburozi bwa caruboni, hanagura urubura kwi twiyo y' umwotsi.
- Imenyereze kurinda ubushuhe ku mubiri ariko ntuzenze. Mu gihe c' ubukonje bwinshi, koresha ibiranga amabarabara, ibifuka intebe hamwe no hasi mu modoka kugira bigufashe kwirinda ubushuhe. Wegerane n' abo muri kumwe ku rugendo, kandi ukoreshe ikoti yawe nk' ubureta.
- Mukuranwe kuryama. Umuntu umwe ategerezwa kuba akanura kugira arondere abaza kubatabara.
- Munywe amazi kugira mutagwa umwumwa. Ariko ntukanywe inzoga.
- Guma ucuunge ntiwonone inguvu z' ibateri. Ugire uburinganire mu gukoresha inguvu z' amatara: nk' amatara, ubushuhe, n' amaradiyo-n' ibihari.
- Ugurura amatara y' indani mw' ijorokugira abajjwe gutabara bakubone.
- Nimba uherereye ahantu hadahita, andika ni ndome nini cane ahantu habona neza "HELP" canke "SOS", kandi ukoreshe amabuye canke amashamyi y' ibiti kugira abasinzwe gutabara bakubone bashobora kuba bariko bararondera n' indege.

Guhunga.

Kenshi guhunga biba kubera ko umushoferi atashoboye guhindura ku gihe umuvuduko w' imodoka ku buryo buhuye n' ibikorwa vyo mw' ibarabara. Ivyo bikorwa bishobora kuba birimwo urubura, ibarafu, imvura, ivyondo/umusenyi n' ibibabi bitose. Ntukoreshe cruise control mu bihe nkivyo. Mu modoka yuguruka inyuma, ushobora kenshi kwumva igabanuka canke intango y' ubushuhe. Mu modoka ifise ubushobozi bwo kuguruka imbere, hashobora kutaboneka ukugabisha nk' uku. Imodoka zugururwa imbere zivyifamwo neza mu gihe c' urubura, ariko ntizibura akanenge kandi ishobora kunyerera aho utaziga. Ntukemere ko kwumva neza no kugendera imberekw' imodoka bigutume ugendera ku muvuduko urenze uwo wategerezwa.



Ingene ukwive kwirinda ibinverezwa

Mu mabarabara ashobora kuba anyerera ugomba gutwara imodoka ku muvuduko muke. Ntuhindure umuvuduko canke inzira wihuta. Mu kugabanya umuvuduko mw' ibarabara rinyerera, ugomba gushira ikirenge cawe kw' ifire ugabanye umuvuduko kandi ufashe imodoka yawe kuyikontorora. Nimba ushaka kugenda bukebuke cane, buhorobuhoro fata ifire y' amaboko bukebuke, buhorobuhoro. Reka amaguru y' imodoka agume azunguruka. Nimba atanguye kwifunga, rekura buhorobuhoro ifire y' imbere. Iyo uriko urarekura bukebuke, ishobora kugufasha kwimukira ku gitesi co hasi. Nimba imodoka yawe ifise amavuta y' ikirundo, fata amaboko ku mafire y' imbere bukebuke, ntufyonde amafire! Kurikiza amabwirizwa ari mugitabo c' umukoresha.

Ingene wokontorora imodoka mu gihe invereve

Ibintu vyiza cane mugukira ubunyerere ku modoka zifise amavuta imbere n' izifise amavuta inyuma :

- Ntufate amafire, bica bituma ubunyerere bwiyoungera.
- Erekeza iyo ushaka ko imodoka igenda.
- Ugomba kwerekeza i buryo canke ibubamfu iminota mike kugira ukontorore imodoka yawe neza.



Note: ivyiza vy' imodoka nka kontorore, bishobora kugufasha kugenzura imodoka yawe, ariko ntibishobora kurusha ukwitonda kw' umushoferi ayigendesha. Imodoka zose z' amaguru ane n' ibigendesha amaguru y' imodoka vyose, zifise gukora neza mw' ibarafu ariko si ku rubura. Wame ugavye ntukiyizere cane mugukoresha izi modoka.

Ututaye ku bwoko bw' imodoka ufise, ni vyiza ko woja muri parikingi igaragara mu ntumbero yo kwiga ingene imodoka yawe yitwara mu bibanza vy' ibarafu canke vy' urubura.

Ukutivugara kw' amafire.

Ukutivugara kw' amafire ni ikintu gikomereye ku mutekanowo mw' ibarabara. Barakureka ugafata ifire no kwerekana iyo ugiye mu mwanya umwe. Uretse induru no gutetema vyo kw' ifire y' imbere. Ntufyonde.

ifire canke ukure ukuguru kw' ifire y' imbere kubera bizohagarika uburyo bwo kwirinda gucika.

Igitabo c' umukoresha wawe kizokubwira nimba imodoka yawe ifise ABS. Kandi ikimenyetso c' ubutumwa bwa ABS kizokwerekana mu gihe gito kibaho igihe uzoba utanguye imodoka yawe.

Note:Nimba amatara ya ABS aguma yaka inyuma yo gutangura kugenda, sisiteme ya ABS y' imodoka yawe ntitwira. Ariko imodoka yawe iracafise amafire.

Igabanya ubushobozi bwo kubona.

Gutwara imodoka ku mutaga.

Ivyigwa vyerekanye ko gutwara imodoka yatsa amatara magufi ku mutaga bigabanya ivyago vyo kuboma mu maso kurenza ibice 20 kw' ijana. Ibigo bikora amamodoka vyarashizeho amatara amurika ku murango ku mamodoka menshi. Ayo matara atangura kumurika bwikora, kandi ntukayitiranye n' amatara yawe y' imbere. Amatara yaka ku mutaga n' amatara y' imbere ashobora gufasha abandi bashoferi kubona imodoka yawe mu gihe c' amasaha y' umutaga. Ibuka, mu gihe urubura, ibarafu, imvura n' igipfungu bikubuzwa kubona neza, utegerezwa kwatsa amatara yawe y' imbere. Ukwimenyereza kwiza ni ukwama n' imiburiburi wakije amatara magufi yawe y' imbere, no kumutaga.

Note:Amatara ya parikingi akoreshwa mu gihe imodoka yawe iparikinze gusa.

Ugutwara imodoka mw' ijoro.

Ntivyoroshe namba gutwara imodoka mw' ijoro kurusha ku mutaga kubera ntushora kubona kure mw' ijoro. Amategekako asaba amatara y' imbere kwaka ku modoka igice c' isaha inyuma yo kurenga kw' izuba n' igice c' isaha imbere yuko izuba riseruka. Wamwe wakije amatara y' imbere-amatara yo kumutaga ashobora gutuma wibaza ko amatara yawe y' imbere yaka.

Igihe cose utegerezwa kubona amasekunda 4 imbere. Mu gihe utwaye imodoka mw' ijoro ku muvuduko w' ibirometero 40 kw' isaha, ukoresheje amatara yo hasi uba urengeje ubushobozi bw' amatara yawe. Ivyo bisigura yuko udashobora kubona imbere kure hakwiriye kugira uhagarare aho ubona kandi urashobora kudashobora kwirinda kugonga.

KOresha neza amatara yo hejuru nayo hasi.

Koresha amatara yo hejuru igihe uriko utwara imodoka mu gihugu caguzwe hari imodoka nke. Niyo ukoresheje amatara yo hejuru, umuvuduko ugomba kuba muke kurusha ku mutaga.

Kandi igihe cose koresha amatara yo hasi igihe wegereye izindi modoka canke abantu bagenda n' amaguru kugira udahumisha umushoferi canke uwugenda n' amaguru. Kandi koresha amatara yo hasi igihe uriko uratwara imodoka ahantu hari amatara yo kw' ibarabara canke igipfungu kandi igihe ukurikira iyindi modoka.

Abashoferi bubaha abandi barazimya amatara vabo.

Igihe utwara imodoka mw' ijoro, ugomba kuzimya amatara yae igihe uhuye canke ukurikira iyindi modoka.

Amatara vegereza

Iyo uravye mu matara ariko araza, uashobora guhuma amasekunda make. Mu kwingira guhuma umwanya muto, ugomba kuraba kuruhande rw' iburyo

bw'ibarabara gushika amatara yaka cane agiye kandi amaso yawe asubire kubona neza mu buryo busanzwe. Uyu mwimeneyerezo uzogufasha kubona bagenda n' amakinga canke abagenda n' amaguru bashobora kuba hafi y' inkengera z' ibarabara.

UGUTWARA IMODOKA KU NZIRA Z' IGIHUGU.

Amabarabara y' igihugu ni amabarabara afise imirongo myinshi itandukanye,yagenewe urugendo rwiwuse. Mu bice bimwebimwe ayo mabarabara azwi nka EXPRESSWAYS,TROUGHWAYS,TURNPIKES,TOLLROADS,amabarabara makuru afise amayira make yo kwinjira canke FREEWAYS. Hari ayo ucamwo utarihiye ayandi nayo ukayarihira kugira uyacemwo.


Yose arafite inyungu zikomeye. Ni amabarabara afise imirongo myinshi kandi afise uburyo bwo gukantorora abahaca,ushobora gutwara imodoka urugendo rururure adahagarara. Ayo mabarabara yagenewe kugenda n' umuvuduko munini kandi n'umutekano mu rugendo. Ni ngombwa ko wiga gukoresha neza ayo mabarabara.

Umuvuduko-Guhindura umurongo{Kwihita no Kugabanya umuvuduko}

hari imirongo itambuka ku ruhande rw' amabarabara y' igihugu ku rugero ruto,ihura n'iyinjira canke isohoka mu mabarabara y' igihugu. Ayo yagenewe imodoka kwongereza canke kugabanya umuvuduko mu gihe winjije canke usohotse umurongo.


Igice cinjira

Iyi nzira ngufi y' uburyo bumwe yinjira mw' ibarabara ry' igihugu. Utegerezwa kuraba neza imbere yo kwinjira mw' ibarabara ryihuta. Ibarabara ryinjira rija ku murongo wo kwihuta aho imodoka zihuta zigeza ku muvuduko wo mw' ibarabara ry' igihugu. Guma mu buryo,erekana ibubamfu ,ongereza umuvuduko,raba ahantu hatabona ku rutugu rwawe rw' ibubamfu hanyuma uhindure umurongo mu gihe umurongo w' urugendo ari mwiza. Umushoferi yinjira ategerezwa guha inzira abashoferi bamaze kuba mw' ibarabara ry' igihugu.



Igice gisohoka

iri ni ibarabara rigufi ry' uburyo bumwe rihuzza ibarabara ry' igihugu n' irindi kandi rikwemerera gusohoka ku muvuduko wizewe. Igihe uriko uva mw' ibarabara ry' igihugu Ugomba kwerekana ko ugomba uhindure umurongo,ja ku murongo ugabanya umuvuduko wegereye umurongo usohoka,kandi ugabanye umuvuduko ukurikije umuvuduko wagenewe gusohoka.




Ugutwara imodoka vvizewe mw' ibarabara ry' igihugu.

1. Guma uraba hirya no hino kugira umenye ibiriko biba ku mande zawe zose,kandi urabe mu biyo vyawe kenshi.
2. Ntukikure inyuma y' abandi. Uburyo bworoshe bwo kubona ko urugendo rwawe rwizewe ku modoka iri imbere yawe n' ugukoresha itegeko rya masekunda 4 mu rugendo. Iyo ibarabara ritose canke rinyerera,uca ukenera ikibanza gikwiye imbere yawe.
3. Menyeshya abandi bashoferi ico ugomba gukora imbere yokugikora. Ntukagabanye umuvuduko canke uhindure umurongo giturumbuka. Guhindagura imirongo ntivyizewe.
4. Imbere yo guhindura imirongo canke kurengana,rabira mu biyo vyawe,erekana,kandi raba ahantu hatabona aho ushaka kwimukira .

5. Ntugahagarare mu murongo winjira canke usohoka. Ntivyemewe n' amategeko guhagarara mw' ibarabara ry' igihugu uretse igihe ari icihitirwa. Nimba utegerezwa guhagarara kubw' ikibazo cihutirwa,ja ku murongo w' imbere wo gufasha imodoka zifise ibibazo kandi kure hashoboka mu buryo. Nimba ukeneye ubufasha, fungura umufuko w' imodoka yawe, funga agatambara kera ku modoka yawe, kandi ugume mu modoka yawe.
6. Ugomba gutwarira imodoka mu murongo w' iburyo uretse igihe ugomba guca imbere iyindi modoka canke icapa kikwerekana ukundi.
7. Ntugatware imodoka urushe. Gutwara imodoka urusha ni ingaruka ikomeye yo gutuma ugonga mw' ibarabara ry' igihugu. Iyo wumvise urushe ni vyiza ko uhagarara ukaruhukira mu kibanza cizewe vuba bishoboka.
8. Ibarafu n' urubura vyuzuye mu mabarabara y' igihugu no mu mirongo yayo ,bishobora ingaruka mbi cane. Wibuke kugabanya umuvuduko no gutwara imodoka witonze. Kandi ibiraro n' amabarabara aca hejuru ashobora kunyerera cane kurusha ibarabara rikuru.
9. Nimba wazanye umurongo wo gusohoka, ntuhagarare ngo usubire inyuma kandi ntugakoreshe uburyo bwihuta bwo gusubira inyuma. Izo nzira ni izo mu buryo bwihuta no gukora imodoka zagize ikibazo gusa. Genda mu yindi nzira ikurikira yo gusohoka.
10. Ntugakoreshe cruise control mu bihe vyo gutwara imodoka nk' imvura, igipfungu ,urubura ,ibarafu ,n' ibindi.
11. Igihe ugeze hafi y' uwubazwa amategeko, icihuta, canke imodoka iriko irakorwa ifise amatara yaka ku ruhanda rw' ibarabara, gabanya umuvuduko. Amategeko avuga ko utegerezwa kubandanya ugavye kandi ugahindura umurongo kure y' imodoka iri mu kibazo cihutirwa vuba bishoboka nivy vyiza vyo gukora. Nimba udashobora guhindura imirongo ubwirizwa kugabanya umuvuduko gushika ku birometero 20 kw' isaha ku muvuduko wariko kugira ngo urenge imodoka zahagaritswe.

Vyerekana iki ,iyo mugihe uriko uratwara imodoka mw' ibarabara rigabuye, ku mpera y' ibarabara mu buryo bwawe hasizeko umuhondo? Uriko ugendera mu nzira ATARI YO mw' ibarabara rikuru rigabuye canke ibarabara ry' igihugu. Kw' ibarabara rikuru rigabuye umurongo wo mu buryo bwawe utegerezwa kuba wera.



KURENGANA

Igihe uriko uregera iyindi modoka canke ikinga ku mpera kandi ushaka kurengana, raba neza ko ufise umwanya ukwiye wo kurengana atangorane. Erekanwa i bubamfu umenyeshe abandi bashoferi ko ugomba kuvamwo, raba impera urabe ko imodoka yawe iriko irarenganwa, (rabira mu biyo vyawe vyo ku mpandekandi ucishije kubitugu vyawe vy' ibubamfu urabe ahantu hatabona), hindura umurongo kandi urenganire i bubamfu. Mw' ijoro bishobora kuba nkenerwa ko umurika amatara yawe uhereye ku mabara yo hasi uja hejuru ugashyirira kuyo hasi kugira ugabishe umushoferi ari imbere yawe ko ugomba kumuca imbere.

Iyo uriko urarengana ufise imodoka ikwegaga iyindi, utegerezwa kuba witonze ukamenya ko woba warezanywe neza iyo modoka canke ikinga ugomba kurengana imbere yuko usubira mu murongo wabo bariko bagenderamwo.

Mu gihe uriko utwara imodoka iremereye canke imodoka nini kurusha izisanzwe, utegerezwa kwitonda bikwiye iyo ugomba kurengana umuntu atwara ipikipiki canke ikinga.

Kurengana imodoka n'amakinga mu bubamfu bwawe. Siga ni miburiburi intambwe zine z' ubwaguke hagati y' imodoka yawe n' imodoka ugomba kurengana. Ugomba kugenda kure hashoboka harenze imodoka canke ikinga ushaka kurengana kugira ushobore kubona imbere yawe hose h' imodoka canke uwutwara ikinga urabiye mu biyo vyawe vyo kuruhande. Koresha icerekezo cawe c' iburyo, raba uhantu hatabona ucishije kurutugu rwawe, hanyuma usubire i buryo kuruhande rw' ibarabara Mu gihe iyindi modoka iriko irakurengana, ugomba kugabanya umuvuduko bukebuke kandi ugume mu buryo. Ivyo bizotuma uwo wundi mushoferi arengana ata ngorane.

Umushoferi ashobora kurengana mu buryo bw' iyindi modoka mw' ibarabara ry' imirongo myinshi. Mu mabarabara atagira imirongo myinshi, umushoferi arashobora kurengana mu buryo bw' imodoka canke ikinga achiye canke yitegurira guca mu bubamfu, iyo hari icizere ko atakibazo bitera. Mu bihe vyose, imodoka ntishobora kurengana umurungo usanzwe wo mu nzira canke canke inzira nkuru yo mw' ibarabara .

NTURENGANE MURI IBI BIBANZA BIKURIKIRA

- Imisozi
- Imirongo
- Amabarabara y' indarayi.
- Amahwaniro
- Iyo ubonye ibarabara ryahinduwe



UGUTWARA IMODOKA WABOREWE

Abashoferi benshi biyumvira inzoga gusa iyo bumvise ijambo kuborerwa, kunywa siyo nzira yonyene ishobora gutuma umushoferi aborerwa. ibiyayuramutwe, ndetse n' imiti yanditswe kandi igurwa kw' isoko irashobora kugira ingaruka mbi zikomeye ku bushobozi bwawe bwo gutwara imodoka butekanye. Ugutwara imodoka ufise iseseme navyo nyene bishobora kugira ingaruka mbi ku bushobozi bwawe bwo gutwara imodoka .

Inzoga n' ibindi biyavuramutwe

Umushoferi anywa inzoga ni igituma cambere gikwega ukugongana mu mabarabara. Ibiharuro vyerekana ko umuntu umwe yicwa n' umushoferi yaborewe buri minota 40.

Biri kubiri n' amategeko gutwara imodoka wanyoye inzoga canke uri ku miti. Abashoferi bamye banywa canke bakoresha ibindi biyavuramutwe ntibafise kontorore kuribo canke ku modoka kandi ni nimbangamizi ku buzima bwabo bwite no ku buzima bwandi. Itegeko rya Vermont rivuga ko umuntu wese afise urugero rw' inzoga mu maraso (BAC) rwa 0.08 canke hejuru, aba ari ku nguvu z' inzoga canke afise ikibazo. Ni ngombwa kwibuka ko uwo muntu afise urugero rw' inzoga mu maraso musiyari ya .08 aba aborewe. Naho ryoba ari icupa rimwe ry' inzoga.

Bigabanya ubushobozi bwawe bwo gutandukanya ikibi n' iciza.

Abantu bari musiyari y' imyaka 21 bakaba batwara imodoka bafise urugero rw' inzoga mu maraso rungana na .02 canke rurenga bashobora kuronswa icerekana ko birengagije amategeko yo mw' ibarabara. Icanombwa gitanga uburenganzira bwo gutwara imodoka kizohagarikwa kandi umushoferi ategerezwa kwiga kubijanye n' inzoga no gutwara imodoka akabiheza kandi akabiheza akoresha uburyo bwiwe.

Ni iki inzoga zikora ku bushobozi bwawe bwo gutwara imodoka?

Inzoga ni ikiyayuramutwe,ishobora kandi iratuma ugutwara imodoka bikokwako. Mu gihe uba wanyoye inzoga ,ingingo ufata zishobora kuba iz' amakosa gusa. Inzoga ishobora kugaragara nk'iyiguha inguvu ,ariko sivyo. Irabangamira ivyiyumviro vyawe. Inzoga, mu bisanzwe,ni ikintu gitara akabonge,bizogutera ingaruka mbi muri izi nzira zikurikira:

- **Ugutandukanya** ikibi n' iciza-ushobora kudashobora gufata ingingo nziza kubijanye no gutwara imodoka. Ushobora kuba wiyumvira ko umeze neza,ariko ntuzi ingorane ushobora guhura nazo.
- **Kubona**-Uburyo ubonamwo vyose bushobora kugabanuka cane.
- **Kwibanda**-ubwenge bwawe buguma buzunguruka,ntushobora kwibanda.
- **Ugutahura**-Urugero rwo gutahura ibiriko biba iruhande rwawe ,ruraganuka cane. Ushobora kutamenya ivyo uriko urakora.
- **Ukwumva(ukumvira)**-ukwumva kwawe kuraganuka cane;ntusubira kumenya ikintu nakimwe,ntunamenya ko woba wariyeje umuvuduko.
- **Ugukora kugihe**- Bifata umwanya muremure kugira ushire ikirenge cawe ku mavuta kugira ufate ifire. Uku kugabanya ko gukora kugihe bishobora kuba itandukanirwo ryogushika mu mutekano canke kutashika namba.

Umwanya niwo wonyene wo kugabanya imbaraga z' inzoga. Kunywa ikawa,kwoga amazi akanye canke kwiruka ntibituma umuntu inzoga zimuvako.Bifata n' imiburiburi isaha imwe ku nzoga imwe,kandi birasaba ko umubiri uvyakira. Bisigura ko bishobora gutwara amasaha atari make kugabanya inguvu inzoga zatumye udashobora gutwara imodoka mu mutekano.

Ibindi biyayura mutwe

Gutwara imodoka wafashe ibindi biyayuramutwe(ndetse n' imiti yanditwe kandi igurwa mw' isoko) navyo bishobora kuba imbangamizi nk' inzoga,ndetse kurusha inzoga ku bantu bamwe bamwe. Ibiyayuramutwe birashobora gutuma wumva itiro kandi bigatuma utiyumvira canke ngo witware neza. Ukwiyumva uko mugihe uriko utwarwara imodoka bigukwaga ku rupfu kw' ibarabara rikuru. Kandi,umwanya niyo nzira yonyene yo kubanya inguvu cane imbaraga z' ikiyayuramutwe ico ari co cose.

kandi iyo watwaye imodoka kandi nyuma yogufata ibiyayuramutwe,uruhusha rwawe rwo gutwara imodoka ruca ruhagarikwa vy' agateganyo. Utegerezwa kuriha amande menshi ,impembo y' uwukuburanira,wirihire ivyigwa kubijanye n' inzoga ,ushobora no gupfungwa kandi ubwishingizi bwawe buzokwiyongera.

Vermont ifise itegeko ryo" kwemera ibintu vyiganje"-ibi bisigura ko igihe umuntu aronse uruhusha rwo gutwara imodoka,uwo muntu aba yemeje mukuvuga "ego"igihe abwiwe gukora ikibazo co kumenya kubona urugero rw' inzoga canke ibindi biyayuramutwe biba biri mu mubiri w' umuntu. Umuporisi wo mw' ibarabara ashobora kubwira umushoferi gukora ico kibazo iyo in umuporisi yibaza ko umushoferi yaborewe inzoga canke ibindi biyayuramutwe. Iyo umushoferi yanse,aratakaza uruhusha rwiwe rwo kugendesha imodoka amezi 6 n' imiburiburi.

NOTE:Vermont ifise uburyo bwo guhagarika uruhusha rwo kugendesha imodoka biciye mu mategeko y' ubuyobozi,bisigura ko ushobora gutakaza uruhusha rwawe utarahanwa n' urubanza rw' ivyaha vya DUI.

IYUMVIRE IMBERE Y' UKO UNWA INZOGA

Nimba ugomba unywe,banza upange urugendo rwawe imbere yuko unywa.

- Koresha umushoferi yavyize kandi ube uzi neza ko atanywa. Umushoferi yavyize yemeye kutanywa canke kudakoresha ibindi biyayuramutwe vyarivyo vyose,kandi azi ico ajejwe ari co gushikana muhira amahoro uwo atwaye.
- Hamagara umuvelyeyi,canke uwundi muntu azi gukora ico ajejwe ategure urugendo rwo muhira mu mutekano.

- Tegura aho urara iryo joro aho nyene uri, nimba hari umuteka wo kuhategura.
- Umviriza abagenzi bawe. Nimba bakuburiye ko utotwara imodoka, umviriza uwo mwitwarariko wabo vy' ukuri.
- Imbere yuko utangura kunywa, ha imfunguruzo z' imodoka umugenzi wawe asanzwe atanywa kandi adashobora kukureka ngo utware imodoka wanyoye.

Umwanya niwo wonyene wo kugabanya imbaraga z' inzoga. Bifata nimiburiburi isaha imwe ku nzoga imwe kugira inguvu y' iyo nzoga zihere mu mubiri. Ibi bisigura ko ushobora kurindira amasaha atari make kugira inguvu z' inzoga zigabanuke mu mubiri zatumye udashobora gutwara imodoka mu mutekano.. Kunywa ikawa, kwoga amazi akanye, kugira imyimenyerezo inonora imitsi, n' ibindi...ntibishobora kugabanya inguvu zi nzoga ziri mu maraso(BAC) canke ingaruka z' inzoga.



Ishirahamwe ry' abafoma b' ivyihutirwa ryo muri Vermont (ENCARE) rirashigikira ishiritwaho ry' ivyapa ahabereye impanuka ziba zatumwe n' inzoga. rirashigikira ishiritwaho ry' ivyapa ahabereye impanuka zijanye n' inzoga. Igihe ubona kimwe muri ivyo vyapa bivugako hari umuntu yapfuye aho hantu kubera umushoferi yanyoye inzoga.

Nimba ufise umpungenge ku bijanye no kunywa inzoga, witabaze [VT Helplink](#). VT Helplink ni serivisi y' ubufasha n' inyigisho ku bijanye n' inzoga n' ibiyayuramutwe itangwa ku buntu kandi mu mpisho na deteparitema y' ubuzima ya Vermont. Umuhinga mu kwita ku bantu kandi yigishijwe neza azofasha wewe canke incuti zawe gutera intambwe imbere mu gikira.

Gendera VT [Helplink.org](#) or [canke uhamagare 802-565 -LINK](#)

(canke ku buntu [833-565 LINK](#))

Isema mu gihe uriko uratwara imodoka.

Bur' umwaka, amasanganya menshi aba kubera ko umushoferi yansinziriyeye kubera kuzungurirwa canke iseseme. Ivyo vyo bishobora gutuma ukugongana n' iyindi modoka, n' igiti canke ibindi bintu biba kumpande z' ibarabara. Abashoferi basinziriyeye kw' ivora batwara imodoka nabi cane, baba bameze nk' ababorewe.

Ibimenyetso bimwebimwe vyerekana umuntu ariko aratwara yisinzirirako ni:

- Kugira ingorane yo kuguma canke kugumiza amaso yuguguruye.
- Kuguma wayuza umwanya wose.
- Kutibuka ibirometero utwaye imodoka.
- Kuva mu murongo wawe w' urugendo
- Kutabona ivyapa vyo mw' ibarabara.

Abantu bashobora kugira ibizunguzungu bariko baratwara imodoka n' abatwara imodoka baraye badasinziriyeye neza. Kenshi harimwo abakiri bato, abakora ubuzi bahindagura amasaha bakorerako, hamwe n' abantu bakora amasaha menshi. Harimwo n' abantu bashobora bazi canke batazi ko bafise indwara yo kubura itiro. Abashoferi bashobora kumenya ko barushe ariko bakibaza ko badashobora gusinzira. Ikibabaje, aho kuguma bakanura agatiro gashobora kubiba bagaca bagonga.

Wirinde gutwara imodoka igihe uriko urazungurirwa. Iyo wumvise uriko urazungurirwa uri mw' ibarabara, rondera ikibanza gitekanye, va mw' ibarabara kandi uharike imodoka. Ukwugurura idirisha ryawe no kwuvuza iradio ntibituma udasinzira. Ahubwo niwatangura kurondera uburyo bwo kuguma ukanura, azoba ari icerekana ko ukeneye guhagarara kandi ukaruhuka.

Ugusamara uriko uratwara imodoka.

Ivyigwa vyerekana ko ikintu cose kigusamaza uriko uratwara imodoka gishobora kuba intandaro yo kugonga.

Ico ari co cose gisamaza, abashoferi basamara berekana ingeso zimwe zintango. Ibisamaza bituma bashoferi gukora bukebuke kubijanye nibintu, nko guhagarika imodoka ushaka guca i bubamfu canke gukora imodoka mw' ibarabara uyishira ku ruhande.

Abashoferi basamara bayoberwa kenshi kumenya ingorane zishobora kuba nk' abantu bagenda n' amaguru, abagendesha amakinga canke ibintu biri mw' ibarabara. Abashoferi basamaye bongereza umutekano muke wabo, bigatuma bagira ingaruka mbi zishobora kubaho nko guhindukira ibubamfu imbere y' abatwara imodoka bava imbere. Gusamara no kunanirwa gutanga inzira biri mu bintu bikuru bikuru aba shoferi bakora bituma haba amasanganya ku bagenda n' amaguru hamwe n' abagendera ku ma kinga muri Vermont.

Guhangana n' ibisamaza

- Tegura umurungo wa radio ukunda hakiri kare kugira bikworohera gushikira no kugumya ijwi riri hasi kugira ushobora kwumva ibiri hanze y' imodoka yawe, nka sireni, soneri, canke ifirimbi y' indarayi.
- Gena intebe y' imbere gukora nk' "umufasha w'umu shoferi" , atari kuguma agerageza kuzingurura ikarata z' inzira canke ivyuma vyo kuyobora amayira. Nimba uriko uratwara imodoka wenyene, tegura ikarata y' inzira y' aho uriko uraja imbere yo gutangura urugendo.
- Wirinde kurya no kunywa igihe uriko uratwara. Raba neza ko ivyo kurya biri ahantu hatekanye, n' ivyo kunwa ko bikwira neza mu kantu gafata igikombe.
- Ntiwiringagize uko abana bashobora gusamaza mu modoka. Bigishe akamaro k' imigenzo myiza mu modoka.
- Hagarara uruhuke nimba wisanze "watakaye mu vyiyumviro " igihe uriko uratwara imodoka.
- Ibuka kwitwararika gutwara kandi wirinde gusamazwa n' abantu canke ibintu indani canke hanze y' imodoka.
- Kora ivyo kwitegura mu maso uri muhira, atari mu modoka.
- Ibikoko vyo munzu birashobora gusamaza kandi bikwiye kuba mu gikapo co gutwara ibikoko , atari ku bibero vyawe canke aho bishobora kugenda genda.
- Kunwa itabi birasamaza. Wirinde kunwa itabi uriko uratwara imodoka.

Guhangana n' ibigumbagumba

Ibigumbagumba biratera ingaruka mbi mu gihe uriko uratwara imodoka. Urashobora kunanirwa gutwara neza nimba ufise ibibazo, uryohewe cane, ufise ubwoba, ushavuye canke ufise agahinda.

Wihe umwanya wo gutekana no guturura. Kugenda genda n' inzira nziza yo kubikora.

Tegura hakiri kare. Wihe umwanya ukwiye ku ngendo zo gutwara imodoka. Haguruka iminota mikeya kare. Nimba ufise umwanya mwinshi, biragoye kugendera ku muvuduko mwinshi canke kurenga amategeko canke kugonga.

Ama telephone n' ibindi bikoresho vy' ubuhinga.

- Biratandukanye n' amategeko ku mu shoferi gusoma canke kungika ubutumwa mu gihe ariko aratwara imodoka.
- Biratandukanye n' amategeko ku mu shoferi gukoresha ibikoresho vy' ubuhinga ngendanwa mu gihe uriko uratwara imodoka kw' ibarabara rikuru muri Vermont.
- Umuntu arenga iri tegeko azocibwa amande y' amafaranga atari muni ya \$100.00 kandi atarenga \$200.00 ku ncuro ya mbere urirenze, hanyuma ama dolari atari muni ya \$250.00 kandi atarenga \$500.00 ku ncuro ya kabiri canke ivyaha vyukurikiza.
- Umuntu yagiriwe n' icaha c' uru rwego ariko aratwara imodoka mu kibanza cagenewe ibikorwa vyo kwubaka, gusanura, canke abakozi b' ibikoresho bihari azokurwa amanota abiri ku biharuro w' ibikorwa vywiye ku ncuro ya mbere akoze icaha n' amanoya atanu ku ncuro ya kabiri canke ivyaha vyukurikiza.
- Menya ko gutwara imodoka bisaba kubishira umutima wawe wose.
- Nimba bikenewe gu telefona, saba uwuri mu modoka agufashe gu telefona canke uhagarare ahantu hatekanye imbere yo gu telefona.

- Ntiwitabe telefone yawe. Reka uwuriko ara telefona asige ubutumwa , umutelefone igihe wahagaze ahantu hatekanye.
- Shira telefone yawe ahantu hatekanye mu modoka kugira ngo ntiwe igikoreshe gishobora kukubita mu gihe habaye impanuka.

IKIBAZO (C' UBUSHOBOZI) BWO GUTWARA MW' IBARABARA

Igihe ukoze ikibazo c' ibarabara c' uburenganzira bwo gutwara imodoka uwukoresha ikibazo azokwihweza ko woshobora gutwara imodoka mu buryo bwizewe, mu buryo bw' icubahiro no mu buryo bukwiye. Utegerezwa kandi kwerekana ko utahura kandi ushobora gukurikiza amategeko y' ibarabara.

Guhagarara no kwatsa imodoka ku musozi

Igihe ukoze ikibazo c' ibarabara, uwukoresha ikibazo azokubwira uhagarare hanyuma watse imodoka ku musozi Uzorongorwa gutwara imodoka iburyo bw' ibarabara ,guhagarara, hama utegure guparika vyihuta/gufata fire vyihuta hama ushire kuri neutre. Wibuke kwereka abandi ikimenyetso c' ivyo uriko urakora. Fire yo guhagarara/vyihuta itegerezwa gufata imodoka kugira ntibembaririre inyuma.

Imbere yo gutwara imodoka ku musozi, shira imodoka mu gitesi. Erekanwa ikimenyetso c' ibubamfu. Raba ibiyo vyawe, n' ibubamfu bw' ahantu hatabona kugira ubone neza ko ibarabara rigaragara Honyora kuri accelerata buke buke gushika wumvise ko imodoka ishaka kugenda hama urekure fire yo guparika mu kwirinda gutembaririra inyuma, hanyuma urabe kandi ku bitugu vyawe vy' ibubamfu imbere yo kugenda. Ukwiye kugira ubushobozi bwo gutwara imodoka ku musozi udatembaririre inyuma.

MENYA: Urashobora gukenera guhagarara ku musozi ku kimenyetso co guhagarara, ibimuri vy' ibarabara, canke ikintu cihuta nk' imbwa iriko iriruka ija mu kababara . Kwirinda gutembaririra inyuma mu gihe watsa imodoka ku musozi, umu shoferi ashobora gukoresha kimwe muri ubu buhinga bukurikira:

- Vyihuta kura ukuguru kuri fire ugushire ku gitoro.
- Tegura fire yo guparika/y' ihuta. Jana ukuguru kwawe kw' iburyo ku gitoro. Honyora ku gitoro buke buke kandi mu bwitonzi urekure fire ya parikingi/yihuta kugira ubandanye ku murima.


MENYA: Igihe uriko uratwara imodoka musu y' umusozi, ntukwiye gukoresha clutch gushika hasi canke kwimurira igitesi kuri neutre.

Kugaruka

Igihe ukora ikibazo cawe co gutwara imodoka, uzosabwa kwerekana uburyo bukurikira bwo kugaruka, ukoresheje akabarabara k' inyuma.

1. Uko wegera akabarabara k' inyuma iburyo bwawe nkuko ubitegekwa n'uwukoresha ikibazo, gabanya umuvuduko hama urabe imodoka mu mpande zose. Atsa itara rikuyobora kugira ngo abandi ba shoferi bazomenye ivyo uriko urakora.

Twara urengane akabarabara hanyuma uhagarare nko ku bice 18 uvuye ku mpera y' ibarabara aho imodoka zica canke ku mpera y' ibarabara ryose ushizemwo n' aho abantu baca. Hindura ushire mu rivasi. Raba imodoka mu mpande zose imbere yo gusubira inyuma. Wibuke kuraba neza ahantu hatabona.



2. Igihe akabarabara ko ku ruhanda kagaragara, garuka muriko buke buke. Witonde mu kuguma mu ruhanda rwawe rw' akabarabara. Raba cane cane mu kiyo kinba inyuma y' idirisha mu gihe uriko urasubira inyuma. Hagarika gusubira igihe imodoka yawe iri mu kababara yose inyuma y' aho abantu bajabukira canke y' umurongo wo guhagarara.

3. Imbere yo gusubira inyuma mu kababarara, erekana ikimenyetso c' ibubamfu hanyuma usubire gutwara. Mu gihe ata modoka ziriko ziraza , katira ibubamfu neza kugira uheze amahwane neza.

Wame uraba inyuma yawe hama usubire inyuma buke buke. Ntuze wigere usubira inyuma hafi y' ihwaniro. Wibuke, igihe uriko urasubiza inyuma imodoka yawe uri umukuru w' ibiriko biraba n' imodoka mu mpande zose.

MENYA: Hariho uburyo bwinshi bwo guhindukiza imodoka yawe. Ivyo uhitamwo bivana n' ibiriko bibera mw' ibabarara kandi vyemewe canke bitemewe n' amategeko. Guhindura mu gisagara canke gukoresha ikibanza ca parikingi ni bwo buryo bwizewe cane.


Guparika ku murongo

Uzosabwa kandi guparika ku murongo mu kibazo cawe c' ibabarara.

Kwinjira mu kibanza co guparika

Igihe wegereye ikibanza co guparika, raba ikiyo kibona inyuma hama werekane ikimenyetso c' iburyo. Hagarara iruhande y' imodoka iri imbere, igice c' imetero gushika ku metero imwe hanze. Hindura ushire mu rivasi. Raba imodoka n' abagenda n' amaguru mu mpande zose imbere yo gusubira inyuma. Raba ku bitugu vyawe vy' ibubamfu kugira urabe ahantu hatabona.

Ukoreshaje ifoto iri musu nk' ikikwerekana iyuja, hangana n' imodoka yawe uyishire mu kibanza. Hari ubuhinga bwinshi bwo gukora ibi. Ubuhinga bwose busaba guhindukiza vola yose iburyo n' uguhindukiza vola yose ibubamfu no kuraba mu kiyi c' inyuma c' idirisha mu gihe usubira inyuma buke buke. Bukeye wegeze imodoka imbere hagati mu kibanza.



Kuva mu kibanza ca Parikingi

Nimba bikenewe, subiza inyuma imodoka mu kibanza aho kwinjira kandi mu murongo w' ibabarara bikworohera. Erekanwa ikimenyetso c' ibubamfu , raba hirya no hino imodoka yose , ikinga n' abagenda n' amaguru (raba ibiyo vy' inyuma n' ivyo ku ruhande , hama urabe ku bitugu vyawe vy' iubamfu uja ahantu hatabona) . Igihe hagaragara, twara imodoka witonze. Injira mu nzira y' impande y' ibabarara buke buke, witonze kugira ugume mu ruhande rwawe.

MENYA: Mu kibazo c' ibarabara, ushobora gusabwa guparika ku murongo hamwe n' imodoka imwe gusa y' imbere. Wibuke gukurikiza uburyo bumwe.

AMASANGANYA

Ingingo zitabereye zifatwa n' abashoferi zitera menshi mu masanganya. Uburorero bumwe bumwe ni:

1. Gutwara imodoka wiruka cane ku buryo bw' ibarabara.
2. Kutitwararika neza uko batwara.
3. Gutwara wegereye cane imodoka iri imbere yazo.
4. Gutwara imodoka mu murongo wo hagati.
5. Kudatanga inzira.
6. Inyuma yo kunywa inzoga canke gukoresha ibiyayura mutwe.
7. Kurengana igihe bitizewe gukora uko.
8. Kutaraba ibiyo n' ahantu hatabona.

Ico Wokora inyuma y' isanganya

Umushoferi yagize isanganya asabwa n' amategeko guhagarara no gufasha uko bishoboka ku buryo busanzwe. Kenshi abakoze amasanganya barahababuka kandi bagashavura cane , witegurire rero ibihe vy' amasanganya Birafasha gusubiramwo kuraba intambwe zikwiye gufatwa mu kibanza c' isanganya.

1. Nimba bishoboka, imura imodoka yagize isanganya uyikure mu murongo w' abagenda Ibi biragabanya amahirwe y' uwundi yo kwinjira mu modoka yagonze, itera ibindi bibazo n' inguma.
2. Nimba umuntu yakomeretse, hamagara kuri 911. Reker a bantu bakomeretse aho bari. Ushobora gukomeretsa umuntu mu kumwimurira ahandi mu buryo butari bwo. Gumiza uwo muntu asusurutse kandi atekanye.
3. Umu polisi azokwitaba kuri 911 kandi azoca araba ahabereye isanganya. Umu polisi ashobora kuronka ukuri ku bijanye ni ivyabaye Umu polisi ntazoshigikira uyu mu shoferi canke uwundi. Uzotegerezwa kwerekana uburenganzira bwawe bwo gutwara, icemezo c' iyandikwa na asiranse k' umu polisi. Utegerezwa kandi kwereka uburenganzira bwawe bwo gutwara imodoka ku wakomeretse canke uwo ibintu vyiwe vyononekaye.
4. Nimba wagonze imodoka iparitse ikononekara, ukaba udashobora gutora mweneyo, utegerezwa kwandika izina ryawe ,aderese na numero ya telefone hama ubishire indani, canke ku modoka. Ibi bizokwemerera mweneyo kumenya uwo avugana nawe.
5. Nimba hari umuntu yakomeretse, canke nimba ivyononekaye birenza \$3,000, utegerezwa gukora raporo yanditse ku gisata c' imodoka mu masaha 72. Raporo y' isanganya ifasha igihugu guteza imbere amabarabara.



Raporo y' isanganya

Ushobora kuronka raporo y' isanganya rya Vermont ku gisata c' igipolisi ca Vermont canke mu kuvugana n' igisata c' imodoka, 120 state street, Montpelier, VT 05603, canke kuri telefone kuri 802.828.2000, ku buhinga ngurukana bumenyi canke ku biro vya DMV. Ibi n' bintu bimwe bimwe ukwiye kumenya witonze nimba ugize isanganya.

1. Aho vyabereye neza na neza.

2. Mu gisagara, menya amazina y' amabarabara nimba isanganya ryabereye mw' ihwaniro, canke inomeri iri hafi y' inzu iri hafi y' isanganya.
3. Inyuma y' igisagara, ibibanza biragoye kumenya ariko birakenewe kubimenya.
4. Rondera izina ry' umuji uri hafi, inimeri z' ibarabara canke izina ry' ibarabara uriko, hamwe n' izina rya, n' urugendo ruhari gushika, amahwane ari hafi. Menya urugenda ruhari gushika ahari ikintu nk' igiti ca telefone (nimba gifise nimeri) , aho ikiraro giherera, inzu y' iyorerero, aho ibarabara ry' indarayi rica canke inimeri y' ibarabara rikuru riri hafi.
5. Ibimenyetso vyerekana uko urugenda rungana birashobora gukoreshwa kugirango hamenyekane neza ahabereye isanganya. Koresha aya makuru mu gufasha umu polisi igihe utanga raporo y' isanganya.
6. Umwanya w' isanganya.
7. Sigura ivyahanonekariye.
8. Sigura abakomerekeye mw' isanganya.
9. Rondera izina, adereze, uburenganzira bwo gutwara hamwe n' inimeri z' iyandikwa ry' uwo mu shoferi wundi. Ni vyiza kandi kuronka amazina n' ama adereze y' umuntu yari mu yindi modoka n' abantu bose babonye iyo sanganya.

Nimba ugunganye n' iyindi modoka, uwundi mushoferi arafise uburenganzira bwo kubona uburenganzira bwawe bwo gutwara, iyandikwa n' amakuru ya asiranse.

Menya: Nimba umu shoferi wa Vermont agize isanganya mu kindi gihugu, bategerezwa gutanga raporo murico gihugu isanganya ryabereyemwo.

UTEGEREZA GUFATA NEZA IMODOKA YAWA

Isuzuma

Imodoka yawe itegerezwa gusuzumwa rimwe mu mwaka. Abasuzuma biyubara ko imodoka yawe isuzumwa n' imiburiburi rimwe mu mwaka, ariko utegerezwa kuyigumiza ikora neza igihe cose. Nimba imodoka yawe itariko irakora neza, ushobora kwisanga mu makosa igihe wogira isanganya.

Icaba c' isuzumwa kirerekana aho uzokorera igenzurwa rikurikira. Imodoka zose zitegerezwa gusuzumwa mu minsi 15 y' iyandikwa, kiretse ifise icaba ca Vermont c' isuzumwa gikora.

Ibikoresho bikurukira bukwiye kuba bitekanya, bikora neza, kandi bitunganjwe neza:

Amaferi

Inyuma y' igihe runaka ama fire aratabuka kandi ategerezwa kugira ibiyafutse bishasha. Amavuta canke ibikomoka ku mavuta bishobora kuvira kuri fire bigatuma bifata. Amazi ashobora kwinjiramo uriko uratwara mu gihe hatose rero bashobora kudahagarika imodoka neza. Ivyondo bivuye mw' ivumbi bishobora gutuma zitabuka. Gukoresha ama fire kenshi mu rugendo rurururu mu misozi bitotuma zishuha cane , kandi ntizizoba zigikoze neza. Ama fire ategerezwa kurabwa kenshi.

Ibikunda gutuma fire ziba nabi n' uko zidakorera hamwe neza. Igihe ufashefire giturumbuka, imwe ifata imbere y' iyindi kandi bigatuma imodoka yawe iyumbayumba. Ushobora gupima ibi ubwawe mukuraba ko imodoka iyumbayumba mu gihe uriko ugenda ku muvuduko muke mw' ibarabara ritagira izindi modoka aho hantu kandi ukaba ufashe vola buhoro buhoro.

Wibuke kuraba ko hari amavuta y' imashini menshi muri fire. Nimba ubonye ko ipedale ya fire ija hasi cane, raba amavuta y' imashini kandi kuko hashobora kuba hava.

Amapine

Amapine ategerezwa kugira n' imiburiburi 2/32 y' uturongo tw' amapine. Ntivyizewe canke ntivyemewe n' amategeko gukoresha amapine ashaje inyuma y' imirongo guhera.

Fata igiceri gifise ishusho ya Abraham Lincoln hagati y' urukumu n' urutoki rukurikira. Shira umutwe wa Lincoln kwanza mu gihengeri kirekire cane. Urashobora kubona umutwe wiwe wose? Nimba ari ego, amapine yawe yaraheze -ntuyatwarireko imodoka, kandi wibuke kuyasubiriza.

Wibuke kugira ipepu zikwiye mu mapine. Amapine afise ipepu nyishi canke nkeya zose zigabanya umubano w' imodoka n' ibarabara , biteza kwononekara vuba kw' ipine kandi bikagirira ingaruka mbi vola. Nimba imodoka yikwegu ku ruhande rumwe canke bigorana kugorora raba amapine yawe hama uyakoreshe. Imirongo igoramye ku mapine yawe y' imbere ishobora gusigura ko amapine adatumbereye. Ikintu co gukora cizewe n' ukugira amapine yose meza afise imirongo ikwiye.

Gufata Vola

Nimba bigoye gufata vola y' imodoka yawe, canke vola yawe igenda nk' iyidafashe, ukwiye kuyirabisha ku mufundi w' imiduga abigenewe. Itegeko ryiza n' ukuronka vola n' ico abafundi bita " the front end" bisuzumwe kabiri mu mwaka.

Amatara

Amatara yawe y' imbere ategerezwa kwama akora neza. Amatara y' imbere akora neza kandi akoreshwa neza vyerekana ko umu shoferi yiyumvira umutekano w' abandi ba shoferi. Nimba amatara y' imbere atabona neza, abona hafi, ntuzoshobora kubona kure nkuko vyategerezwa. Nimba amatara abona kure cane canke atagabanuka ngo aje hasi igihe imodoka ziza zikugana , amatara y' imbere ashobora kugira impumyi uwundi mu shoferi.

Amatara yinyuma, amatara yo guhagarara,amatara yerekana inzira, n' amatara yo guparika akwiye kwama akora neza. Nimero y' inyuma iranga imodoka itegerezwa kuboneshwa kugira ngo iboneke kandi isomeke ku metero 15 n' imiburiburi uvuye inyuma y' imodoka. Igihe amatara ahiye, yategerezwa gusubirizwa ubwonyene n' ayemerewe gusubirizwa.

Ibikoresho vyo guhanagura ikivo c' imbere.

Utegerezwa kugira ibikoresho vyo guhanagura ikiyo c' imbere gikora neza. Gumiza ikiyo c' imbere gihanaguye, kuko bituma ubona neza ku murango no mw' ijoro uriko uratwara imodoka.

Amadirisha n' ibikoresho vyo gukuraho urubura.

Ibikoresho vyo gukuraho urubura vyose-imbere n' inyumabitegerezwa kuba bikora neza. Ntugerageze gutwara imodoka n' imwe kiretse amadirisha yumukije neza indani n' inyuma atagira urubura n' ibarafu. Kandi ugumize amadirisha yose ahanaguye indani.

Umuringoti w' imeyuka.

Umuringoti w' imyuka utegerezwa kutava. Umuringoti w' imyuka uva urakunda gutera kurya uburozi bw' umwuka wa carboni monoxide canke urupfu mu kureka gas ya carboni monoxide winjira aho abatwara n' imodoka bicara. Ntishobora kwimotereza gas ya carboni monoxide. Niwaba wumva ufise uburuhe burenze canke ushaka kudahwa, bishobora kwerekana ishano rya gas carboni monoxide.

Igikoresho cerekana umuvuduko n' icerekana urugendo.

Igikoresho cerekana umuvuduko n' icerekana urugendo mu modoka yawe bitegerezwa kuba bikora neza kandi bitegerezwa kuba aho shoferi abibona neza. Amategeko ya Leta avuga ko ibiharuro biri ku cerekana urugendo bidakwiye guhindurwa , kandi inyandiko y' icerekana urugendo gikwiye gusinywa n' uwugurisha n' uwugura imodoka igihe ' igurwa.

Ibinti bintu vyo kwibuka

Umu shoferi akwiye kubona neza imbere no ku mpande y' imodoka, kugira ntihaire ikimutangira. Ibintu vyo gutwara mu modoka, abantu, canke ibikoko bitungwa ntibikwiye kuba mu nziray' umushoferi mu gihe ariko aratwara. Utegerezwa kugira ikiyo kibona inyuma n' isoni. Amategeko avuga ko hadakwiye kuba ikintu cose kimanitse ku kiyo kibona inyuma canke ikintu co kwikingira izuba.

Ubuhinga bwo gukantorora ibimenyetso vy' imvuka.

Imodoka ziri mu bintu bikomeye bitera imyotsi muri Vermont. Vyose hamwe vyerekana hejuru ya 5%0 vy'imimyotsi muri Vermont. Naho imodoka nshasha zifise isuku cane(mu gihe zifashwe neza) gusumba izishaje, ziracarekura imyuka myinshi mu muyaga wacu. Kugira umenye neza ko ubuhinga bwo gukantorora imyuka bw' imodoka yawe bukora neza, birabwa hamwe n' isuzumwa ryo ku mwaka.

Hamwe n' isuzumwa ryo ku mwaka, ikigega gikosora imyuka kirasuzumwa kugira umenye neza ko iri mu modoka yawe. Nimba imodoka yawe yarikwiye kuba ifise ikigega gikosora imyuka kikaba kitahari,canke nimba ikigega gikosora imyuka kidakora, gitegerezwa gusubirizwa. Ni ukurenga amategeko ya Leta gukura ikigega gikosora imyuka mu modoka yawe canke kubwira umufundi w' imodoka kuyikurako canke kuyihindura.

Iyindi nzira imodoka ituma haba imyuka ni mu kuyonga kw' amavuta. Mu gihe c' isuzumwa rya buri mwaka igifuniko c' itangi y' imodoka yawe kizopimwa kugira barabe neza ko kimeze neza.

Ubuhinga bwa mudasobwa bwo kuzenzura ibiri mu modoka(OBD) buzorabwa kugira ngo barabe neza ko ubuhinga bwo gukantorora ibimenyetso vy' imyuka. Ahari ingorane ziharije harashobora kwerekanwa neza ukoreshe "OBD" ikora.

Kumenya vyinshi ku vyerekeye ibimenyetso vy' imyuka n' ivyo wokora mu gufasha kugumiza imyuka ya Vermont imeze neza , raba ku rubuga rw' [ishami ry'](#) ubutaka .

Ibibazo ku bijanye n' isuzumwa ryo ku mwaka bishobora kujanwa ku gisaba c' imodoka kuri (802) 828-2094.

Umushipi wo kwikingira impanuka

Itegeko risaba ko abari mu modoka bose bambara umushipi ukingira impanuka, canke ubuhinga bwo gufasha abana kugumya umutekano bwemewe na Leta.

Kwambara umushipi w' ugukinga impanuka.

Igihe wambaye umushipi ukinga impanuka, ufise amahirwe make yo gukomereka canke gupfa mw' isanganya. Imishipi ikinga impanuka ituma vyorooha kwicara utekanye, ikibanza gitekanye kugira ushobore gukutorora imodoka neza ; imishipi ikinga impanuka ikukugumiza mu kibanza abakora imodoka bashakako ubamwo.

Imishipi ikinga impanuka ikora neza mu gihe ikoreshejwe neza. Imishipi ikwiye gukwira neza ku ku ruhanda rw' itako, atari hejuru y' inda. Imishipi ica hejuru ku bitugu no hagati ku gikiriza. Urashobora kwongereza umushipi ukinga impanuka uvuye aho bakora imodoka. Ntiwigere ushira umushipi wo kubitugu musi y' ukuboko canke mu mugongo. Imishipi yo gukinga impanuka ikozwe kugira ifate umubiri ahakomeye cane kugira ikugumize mu mutekano mw' isanganya ry' imodoka. Imishipi yo gukinga impanuka ikugumiza mu modoka, ahantu hamwe, atari kuguterera hanze y' imodoka aho ubushobozi bwo gupfa canke gukomereka cane biba bikomeye. Akazi ko gukoresha umushipi wo gukinga impanuka n' ukugumiza abantu mu kibanza kimwe mu modoka aho amahirwe yo gukomereka kuva ku bandi bari mu modoka atari menshi mu modoka.

Kingira umwana wawe-n' itegeko!

Amasanganya y' imodoka ari mu bituma bikuru vy' imfu z' abana hagati y' imyaka 3 na 14. Abavyeyi n' abarezi barasabwa kwitwarika ko intebe z' abana n' intebe zibafasha neza ziri mu kibanza ziza kandi zishizwe neza mu modoka yabo mu kwirinda gukomereka n' impfu mu bana babo.

Mu ncuro nyinshi, abavyeyi barahagarika umutima ku bijanye no gushiraho intebe neza z' abana babo, ntibazi ko atari intebe zose zikwira mu modoka izarizo zose, canke ntibamenye ko imodoka yabo ifise ubuhinga bwa Lower Anchor and

Tethers for Children (LATCH). Hafu intebe zose n' imodoka zose zakozwe kuva itariki 1 Nyakanga 2002, basabwwe kugira ubuhinga bwitwa LATCH. LATCH ituma vyorooha kuronka intebe y' umwana ikwiriye-ubwa mbere n igihe cose.

Ushaka kumenya vyinshi kugira ucagure intebe ikwiriye canke ushaka isuzumwa ry' intebe y' umwana ku buntu riri hafi yawe, raba kuri [Be seat smart](#).



Inzoya-kuva zivutse gushika n' imiburuburi umwaka umwe n' ama pound 20 n'imiburuburi.

Mu kubakingira bishoboka, gumiza inzoya mu ntebe y' inyuma, mu ntebe aho ikiyo kiraba inyuma kibona, igihe cose bishobotse gushika ku rugero rw' uburebure canke uburemere bw' intebe kanaka. Ku rugero ntarengwa, amategeko ya Leta asaba uruyoya rwoguma mu ntebe irabana n' ikiyo kiraba inyuma gushika akwije umwaka umwe n' ama pound 20 n' imiburuburi.

Umwana akiri muto-umwaka umwe n' ama pound 20 gushika ku myaka ine n'ama pound 40.

Igihe abana bakuze bagasumba intebe irabana n' ikiyo kiraba inyuma, basabwa kugenda bicaye baraba imbere - barabana n' intebe yo gukinga impanuka y' abana, mu ntebe y' inyuma, gushika bageze ku rugero rwo hejuru rw' uburebure canke uburemere bw' intebe kanaka.

Abana- kuva ku myaka nk' ine gushika n' imiburiburi imyaka umunani.

Igihe abana basumba intebe yabo iraba imbere, basabwe kugendera mu ntebe zibafasha kuduga hejuru, mu ntebe y' inyuma , gushika umushipi w' imodoka ukinga impanuka umukwiye neza. Umushipi w' imodoka ukinga impanuka ukwira neza igihe umushipi wo munda ukwira neza ku mataba ufatana n' igufa ryo mu kiyunguyungu n' umushipi wo kubitugu ukwira uciye ku gikiriza ugafata igufa ryo kurutugu.

impanga - imyaka umunane kuduza.

Igihe uhindura umwana umukura ku ntebe y' abana umushira mu ntebe y' imodoka ibirenge vy' abana bishika hasi hamwe n' amavi apfunyije n' umugongo ushika ku ntebe inyuma. Abana barashobora gukoresha umushipi w' abakuze inyuma mu gihe ubakwiye neza(umushipi ukwira neza ku bibero ufatana n' igufa ryo mu kiyunguyungu , kandi umushipi wo kubitugu ukwira uciye ku gikiriza ugafata igufa ryo kurutugu.

MENYA:Ntuze wigere ushira intebe ikinga impanuka y 'umwana ibere ya air bag!



Igice ca 8 -Ugutangwa kw' amanota

Ugutangwa kw' amanota kwa Vermont.

Amanota ashirwa kuri raporo yawe y' umu shoferi igihe cose wagiriwe n'amakosa yo kurenga amategeko y' imodoka. NK' akarorero uhabwa amanota kuri ibi vyaha bikurikira:

1. Kwiruka,kuva ku manota 2 gushika 8 bivanye n' umuvuko wawe ugereranije n' umuvuduko ntarengwa.
2. Kwandika ubutumwa uriko uratwara, amanota 2 gushika kuri 5.
3. Gutwara ata burenganzira bwo gutwara imodoka udafise, amanota 2.
4. Kurengana ikimenyetso c' uguhagarara hanyuma ntuhagarare canke itara ritukura, amanota 2.
5. Kutubahiriza umu polisi, amanota 4.
6. Kudatanga inzira ku modoka y' ubufasha, ikamyo y' ukuzimya umucanwa ,umu polisi, amanota 5.
7. Kudatanga inzira ku bagenda n' amaguru munzira yagenewe abajabuka n' amaguru, amanota 4.
8. Kudahagaragara kubwa bus y' ishure ihagaze yakije n' itara ryo kugabisha, amanota 5.

Igihe umu shoferi aronse amanota ashika 10 yose hamwe, azorungikirwa ikete rimenyesha umu shoferi ko uburenganzira bwo gutwara imodoka bugiye guhagarikwa. Ikiganiro gishobora gusabwa kugira barabe amakosa n' igitigiri c' amanota yegeranijwe. Igitigiri c' amanota waronse mu myaka 2 azokwerekana igihe uburenganzira bwo gutwara buzohagarikwa. Uko uronka amanota menshi - niko umwanya wo guhagarikwa uzoba muremure. Amanota ntatangwa kubera gutakaza parikingi canke ibikoresho bidakora neza.

UKO WANDIKISHA IMODOKA YAWE.

Aya n' amakuru y' ibanze y' uko wandikisha imodoka yawe. Ku makuru aramvuye hamagara 802.828.2000 canke urabe ku rubuga ngurukana bumenyi [kuri dmv.vermont.gov](http://dmv.vermont.gov). Nimba uba Vermont ukaba ufise imodoka ushaka gutwara mw' ibarabara, utegerezwa kuyandikisha. Nimba ugiye kwimukira muri Vermont uvuye mu kindi gihugu, utegerezwa kwandikisha imodoka yawe mu misi 60 wumukiye muri Vermont.

Kwandikisha hamwe n' ibimenyetso.

Icemezo c' iyandikwa ryemewe gitegerezwa kwama kiri mu modoka igihe iriko irakoreshwa. Umu polisi arafise uburenganzira bwo kuyiraba. Nimero yanditswe itegerezwa kuba ishizweko neza kugira ntihave ikoroka. Nta gahande na kamwe ka nimero y' iyandikwa gakwiye kuba gafutse canke kinyegeje kataboneka, kandi zitegerezwa kwama zihanaguye umwanya wose. Nimero y' inyuma itegerezwa kwaka kugira ishobore gusomwa kuva ku intambwe 50 n' imiburiburi. Nimero uronka itegerezwa gukora kuri iyo modoka gusa. Ushobora kuyimurira kuyindi modoka nshasha ugiye mu gihe utanze canke ugurishije imodoka iyo wahorana.

Kugurisha imodoka yawe ku wundi muntu:

1. Tanga fagitire yo kugurisha kuri mweneye mushasha iriko izina ry' uwuguze , igikumu c' uwugurishije, amatariki yo kugurisha, umwaka, aho yakorewe, nimero y' ikimenyetso yihariye n' amafaranaga warishwe ku modoka.
2. Shira igikumu inyuma kw' ijamba ry' umutwe werekane izina rya nyeneye mushasha na derese. Kandi wandike n' ibirometero imaze kugenda n' amatariki yo kugurisha.
3. Amasezerano y' icemezo c' aho imaze kugenda kirasabwa gurwako igikumu na mwene kugurisha hamwe na mwene kugura ku modoka zose zigurishwa zakozwe 2011 canke nshasha. Aya masezerano arimwo urupapuro rw' imodoka yawe/fagitire yo kugurisha ya Vermont.
4. Hanagura nimero yawe y' iyandikwa ku modoka.

Guhindura imodoka yawe:

1. Tanga fagitire yo kugurisha kuri mweneye mushasha iriko izina ry' uwuguze , igikumu c' uwugurishije, amatariki yo kugurisha, umwaka, aho yakorewe, nimero y' ikimenyetso yihariye n' amafaranaga warishwe canke wemerewe kuyihindurako ku modoka yawe ya kera..
2. Saba umuntu muriko murahindura aguhe fagitire yo kugurisha ku modoka ugiye kuronka. Ibi bikwiye kuba bifise amakuru y' imodoka uriko urahindurirwa. Saba urupapuro rw' imodoka ruteye igikumu neza rube rwawe.
3. Hanagura nimero yawe y' iyandikwa ku modoka. Nimba ushaka gutanga iyandikwa ryawe , shira nimero ku modoka waguze vuba.
4. Uzuza igipapuro co kwandikisha, itagisi n' urupapuro, birimwo urupapuro rw' imodoka waguze vuba. Rungika kuri mayile izi mpapuro birikumwe na sheke canke amafaranga akwiye ku gisata c' imodoka muri Montpelier mu masaha 24.

Wataye iyandikwa canke parake v'iyandikwa

Nimba wataye urupapuro rw' iyandikwa urashobora kuronka urundi mu gisata c' imodoka mu biro vyacu ivyariyvo vyose, mu kurungika mayile canke ku buruga ngurukana bumenyi kuri dmv.vermont.gov.

Nimba wataye imwe canke parake z'iyandikwa zose, tora urupapuro rwo kwiyandikisha kugira usubirize parake ku biro ivyarivyo vyose vy' igisata c' imodoka, ku biro vy' igipolisi , canke ku buhinga ngurukana bumenyi kuri dmv.vermont.gov.

Amazina/aderese/ibihinduka ku modoka

Nimba uhinduye amazina, aderese yawe canke ibara ry' imodoka, usabwe kubivuga mu gisata c' imodoka mu minsi 30.

Itagisi yo kugura no kugurisha Imodoka itari iyo gukota

Igihe ugura imodoka nshasha canke imaze gukoreshwa, utegerezwa kuriha itagisi. Ibi vyitwa itagisi yo kugura no gukoresha kandi ni 6% vy' ayo warishe ku modoka atari iyo gukota canke agaciro k' isoko kagezweho, ic' arico cose uhisemwo.

Abene gihugu bashasha ba Vermont bariko bashaka kwiyandikisha ubwa mbere ku modoka ivuye hanze y' igihugu ca Vermont ikaba imaze kurahirwa itagisi yo kugura no kugurisha n'umuntu ariko ariyandikisha kw' iyandikwa rya Vermont, canke uwo bubakanye, ntazoriha itagisi yo kugura no gukoresha amaze gutanga ivyemezo ko itagisi watanze mu kindi gihugu ingana canke isumba itagisi ya Vermont canke nimba imodoka yanditswe mu kindi gihugu gitoza itagisi yo kugura no gukoresha n' imiburiburi ku myaka 3. Nimba itagisi irishe mu kindi gihugu ari ntoya kuri tagisi ya vermont, azoca ariha ayabura.

Imodoka zo gukotwa

Impapuro zose zo kwiyandikisha , ama tagisi, na/canke urupapuro rwo gukota imodoka rw'ugukorera muri Vermont akora mu kibanza c'uwashikirije ,zitegerezwa kuba ziherekejwe n' urupuro rwa tagisi yo kugura no gukoresha- urupapuro rw' imodoka yo gukota (VD-147) canke kopi y' amasezerano yo gukota na/ canke urupapuro rw' akazi rw' umukozi. Nimba ibikoresho bikenewe bitabonetse, imodoka ikoswe izoriha itagisi ya 6% y'ayo yaguzwe.

Igiciro c' itagisi c' imodoka ikoswe giharurwa kuri 6% vy'igiciro c' imodoka , ukuyemwo amafaranga y' iherezo ry' ikiraka, nk'uko vyanditse ku bipapuro vy' itagisi ryo kugura no gukoresha- urupapuro rwo gukota (VD-147) canke nk' uko vyanditswe mu masezerano yo gukota hamwe/ canke n' urupapuro rw' umukozi, utitaye kuvy'uko ufise canke udafise uburenganzira bwo kugura iyo modoka inyuma yo gukota.

Amakuru v'ibiranga imodoka

Imodoka zose zitegerezwa kuba zifise ibiziranga vya Vermont Hari zimwe zitarimwo: imoto ifise muni ya cc 300 ya moteri hamwe na romoruki ifise uburemere bw'ibiro 1,500 iyo idapakiye canke muni yavyo.

Urupapuro rwerekana aho imodoka yakorewe rurakenewe ku modoka zose nshasha. Ntushobora kwandikisha imodoka udafise ibi.

Imodoka zose zirandikwa muri Vermont zitegerezwa kugira ugusaba kwo kwandikwa. Uzokenera kandi fagitire yo kugura n'urupapuro rwa nyeneyo ruteyeko igikumu rwemeza ko ariwe usigaye uyitirirwa.

Nimero iranga imodoka (VIN)

Inimero iranga imodoka (VIN) ni kode y'umwidondoro w'imodoka **kanaka**. Inimero iranga imodoka ifise ibitigiri 17(birimwo ibiharuro n' indome nkuru) bikora nk'ikimenyetso imodoka yiharije. VIN yerekana ivy'imodoka yiharije biyaranga, insiguro, ndetse n'uwayikoze. Imbere ya 1981,VIN zari zitandukanye mu burebure kuva ku ndome n'ibiharuro 11 kugeza kuri 17.

Igihe kugenzurwa bisabwa

- Imodoka zifise ibiyiranga vy'uko yasanuwe.
- Imodoka ziriko zishirwako amazina biciye ku ngwati.
- Imodoka zifise iyandikwa rivuye mu bihugu vyo hanze harimwo Canada.

Igenzurwa rya VIN ritegerezwa kurangurirwa muri Vermont Igenzurwa rya VIN ritegerezwa kurangurwa n'Uhagararira amategeko wo muri Vermont, umukozi akorera mu gisata gihagararira amategeko, kubw' iyo ntumbero, ari musiy' ubugenzuzi bw'uhagarikira amategeko, canke abakozi ba DMV bashizweho na Komiseri w'ivy'imodoka muri Vermont.

Imodoka zasubiwemwo

Imodoka yose yanditswe muri Vermont ifise umwidondoro w'iYASANUWE izohabwa umwidondoro wanditswe ngoIMODOKA YASUBIWEMWO. Igihe usaba kwandikisha imodoka YASANUWEubwirizwa kuba ufise inomero y'umwidondoro wayo, ikaba yagenzuwe n'umukozi w' igisata c'imiduga canke uhagarariye amategeko muri Vermont, ukuzaza kandi igice c'isuzuma rya VIN ku rupapuro rwo gusaba.

Ingurane

Ufashe ingurane yo kugura imodoka muri banki, mu murwi w' inyungu, canke ku wundi muntu, imodoka izitwa iyifise "ingurane" kuri yo. Umuntu canke banki watse amafaranga niwe/yo yitwa "ufise ingurane". Izina ry'ufise ingurane ritegerezwa kuba ku rupapuro rwo gusaba kwandikisha. Urupapuro rw'umwidondoro rw'i modoka yawe, igihe ruzatangwa, ruzorungikirwa nyene kugira ingurane kandi ntuzorubizwa gushika igihe uzoba warishuriye ingurane.

Asiranse

Vermont irafise itegeko ryitwa " Kubungabunga ubwitwararike bw'ivy'amafaranga". Ibi bisigura ko imodoka utwara itegerezwa kuba ibise asiranse y'ishingiro.

Asiranse y'ishingiro n'iy' ivyononekaye, niyo moko akomakomeye y'ama asiranse y'imodoka ukwiye kugira. Irakugingira uruhombo rw' ubutunzi igihe ukomeretse ku mubiri canke igihe ibintu vyononekaye.

Igitigiri c'amafaranga ya asiranse GITEGEREZWA kuba n' imiburiburi \$25,000 ku rupfu canke ku muntu umwe yakomeretse.

\$50,000 ku rupfu canke ku bantu 2 canke barenga bakomeretse. \$10,000 ku butunzi bwononekaye. Utegerezwa kugendana ikarata ivuye muri asiranse yawe mu modoka yerekana ko imodoka yawe ifise asiranse. Nimba uhagaritswe n'umupolisi uzotegerezwa kubereka iyo karata. Nimba ugiye gukora ikibazo co gutwara imodoka uzotegerezwa nahonyene kwerekana iyo karata.

Nimba umupolisi aguhagaritse hama akakubaza icemeza asiranse yawe hanyuma ukaba utayifise, umupolisi azoca aguha itike. Uzocibwa amande hanyuma ukurweko amanota abiri ku makuru y'ugutwara imodoka.

Nimba ufise asiranse ku modoka yawe hanyuma umupolisi akaguhagarika, hanyuma ukaba udashobora kwereka ikarata umupolisi, ufise imisi 15 yo kubikora. Ikarata wereka umupolisi itegerezwa kuvuga ko warufise asiranse igihe umupolisi yaguhagarika.

Nimba uriko utwara imodoka utagira asiranse hanyuma kimwe muri ibi bikurikira bikakubako, Umukomiseri w' imodoka azoca agutwara Uruhusha rwawe rwo gutwara imodoka gushika uronse asiranse. Uzagerezwa kwemeza Komiseri ko ufise asiranse y' imyaka 3 yuzuye.

- Uri mw' isanganya , naho atari amakosa yawe,
- Gutwara imodoka wanyoye inzoga canke ibiyuramutwe,
- Gutwara imodoka canke gutwara imodoka y' uwundi muntu atabikwemereye,
- Gutwara imodoka mu gihe uruhusha rwawe rwahagaritswe, rwafuswe, canke rwanswe.
- Gutwara imodoka mu nzira yotera urupfu rw' uwundi muntu.
- Kuva ahantu habereye isanganya

Isuzumwa (raba ku rupapuro rwa 62 kugira umenve vyinshi)

Imodoka yawe itegerezwa gusuzumwa rimwe mu mwaka. Abasuzuma biyubara ko imodoka yawe isuzumwa n' imiburiburi rimwe mu mwaka, ariko utegerezwa kuyigumiza ikora neza igihe cose. Nimba imodoka yawe itariko irakora neza, ushobora kwisanga mu makosa igihe wogira isanganya.

Icapa c' isuzumwa kirerekana aho uzokorera igenzurwa rikurikira. Imodoka zose zitegerezwa gusuzumwa mu minsi 15 y' iyandikwa, kiretse ifise icapa ca Vermont c' isuzumwa gikora.

Twara imodoka mu bwenge uziganye - Mu buryo "Bubungabunga ibidukikije".

Aha hariho uburorero 10 bwo gutwara neza buzogufasha kuziganya amafaranga y'igitoro, bigabanye n'ingaruka ku bidukikije, uziganye n'inguvu.

GENDA BUKE BUKE HAMA URABE N'UMUVUDUKO - Kw' ibarabara risangiwe n'ibihugu, twara ku muvuduko wa 55 canke 60 miles kw' isaha aho gutwarira kuri 65, ubone kuziganya igitoro. EPA igereranya gushika ku bice 15 kw' ijana vyiyongereye mu kuziganya igitoro ukurikije ubu burorero gusa.

ONGEREZA UMUVUDUKO KANDI UFATE IFIRE GAHORO GAHORO- Kwongereza umuvuduko no gufata fire mu buryo bworoshe birafasha mu kuziganya igitoro. Guhaguruka bukwi na bukwi, kunyuragirana mu miduga, no gufata amafire bukwi na bukwi vyonona igitoro kandi bikonona bimwe mu bikoresho vy' imodoka, nk'amafire n' amapine , n'ingoga. Ongereza umwanya wo guhagarariramwo w'imodoka mu kugumizaho intambwe ikwiriyeye hagati y'imiduga kandi mu kwihweza mbere ingene uruja n'uruza rumeze kugira wihe umwanya ukwiye wo gufata ifire no kwongereza umuvuduko bihwanye

IRINDE KUMARA UMWANYA MUNINI UHAGAZE MU GIHE WAPARIKINZE- Guhagarara udahagurutse bitera gukoresha igitoro cinshi, bironona imoteri, kandi birashobora gutera indwara zo guhema nabi. Mu gihe c' ubukonje, kura urubura n' ibarafu ku madirisha imbere yuko watsa imoteri. Umutekano ubwa mbere: mugihe ugukura urubura bidahagije, wongere umwanya wo gususurutsa imodoka uko bikenewe. Gerageza kutarenza ugususurutsa imodoka ihagaze igihe kirenze amasekunda 30 bishoboka. Kugenda buhoro buhoro nibwo buryo bwiza bwo gususurutsa imodoka. Iyo uparikinze mu gisagara, ugahagarara igihe kirenze amasekunda 10 bikoresha igitoro cinshi cane kurusha kuzimya imoteri ukongera ukayatsa. Ukureka imodoka yaka ariko itariko iragenda udahari mu kibanza rusangi ni ukurenga itegeko rya Vermont ryerekeye imodoka idacunzwe; nimba usize imodoka yawe, utegerezwa kuyizimya.

SUZUMA AMAPINE YAWE- Itwararike ko amapine yawe aguma yuzuye ipepu zikwiye nk'uko bisabwe (nk'uko bigaragara ku kapa mu ruhanda rw' umuryango wa shoferi no mu gatabo k'umukoresha w'imodoka. Ibi vyonyene bishora kugabanya urugero rw' igitoro ukoresha kugeza ku bice 3 canke 4

kw' ijana Amapine atuzuye ipepu neza yongereza ukwikwega mu kuzunguruka kw'amapine kandi bikagabanya ukuziganya igitoro. Kandi yononekara vuba.

BANA NEZA N'IMODOKA YAWE- Kwitwararika imoteri birafasha imodoka kuguma igenda neza. Gorora amapine yose. Amapine acanacanako aronona igitoro. Hindura firitre z'ipepu nk'uko bisabwa. Igihe cose ifashishe agatabo ka nyeneyo kugira ngo umenye uburyo bukwiye bwo kuyitaho.

KORA URUGENDO UTAREMERWE -Ibintu bitari ivya nkenerwa, nko mu kibati k'imodoka n'ibikoresho vyinshi hejuru ya kabine y'imodoka bituma imoteri ikora cane kandi bigatwara igitoro.

GABANYA UGUKORESHA UGUSHUSHA N'UGUKANYISHA-Koresha ugushusha n'ipepu. uje urahindura kugira ngo ugabanye umutwara ku moteri. Kugabanya uburyo ukoresha ikirere c'imbere mu modoka igihe ubushuhe buri hejuru ya degere 80 birashobora kugufasha kuziganya ibice 10 kugeza kuri 15 kw'ijana vy' igitoro. Koresha ventirateri uko bishoboka kwose. Parikinga mu gitutu kugira imodoka yawe igume ipfutse kandi ugabanye gukeneye ugushusha n'ugukanyisha.

UGARA AMADIRISHA MU GIHE URI KU MUVUDUKO MUNINI-Ntugatwara amadirisha yuguruye kiretse mugihe umuvuduko uri musu y'ibirometero 50 kw' isaha. Gutwara imodoka amadirisha yuguruye ku muvuduko wo mw' ibarabara rikuru vyongereza ugufatirwa n'umuyaga kw'imodoka bikagabanya ukuziganya kw'igitoro.

GUHURIZA HAMWE INGENDO- Tegura imbere ingendo zawe, ugabanye ibirometero vyinshi vyo kugenda. Gutegura imbere bizogufasha no guca mu nzira zitirimwo urufatangane rw'imodoka, gutyo ugabanye igihe wicaye udahaguruka.

KWOGESHA IMODOKA - Sangiza urugendo rwawe ku kazi, amasumo, n'akaruhuko. Ntibiziganya igitoro gusa, bimeze neza kurusha kugenda wenyene.

Igice ca 10-Uruhusha rw'ubucuruzi.

URUHUSHA RWO GUTWARA IMODOKA Y'UBUDANDAJI

Uruhusha rwo gutwara imodoka y'ubadandaji rusabwa ku bashoferi b'imodoka zirenza ama pawundi 26,000 canke zitwara abantu 16 canke barenga (harimwo n' umushoferi) canke ibikoresho bitoroshe itwara. Hari ubwoko butatu bw'impusha zo gutwara imodoka z' ubucuruzi:


- **Ubwoko A**-Umuce wose w'imodoka zifise GCWR ipima ibiro 26,001 canke birenga ,ku buryo igice gitwara gifise GVWR ipima ibiro 10,001 canke birenga.
- **Ubwoko B**-Imodoka zimwe zifise GVWR ipima ama pawundi 26,001 canke birenga, ku buryo igice gitwara gifise GVWR ipima ama pawundi 10,000 canke muni yayo.
- **Ubwoko C**-Imodoka zimwe zifise GVWR ipima ibiro 26,000 canke muni yavyo, ipakiye ibikoresho bitoroshe itwara biriko urwandiko canke yagenewe gutwara abantu 16 canke barenga harimwo umushoferi. Izo modoka zishobora gukwega iyindi modoka ifise GVWR y'ibiro 10,000 canke biri hasi.
- **Uruhusha rw'inyigisho zo gutwara imodoka y'ubucuruzi (rw'uwigu)** -rushoboza umuntu kuronka inyigisho zo gutwara imodoka y' ubucuruzi no kuronka uburambe mu gutwara mu mabarabara rusangi.

Nk'uko bitegekanijwe n'amategeko ya Leta, umuntu wese afise uruhusha rwo gutwara imodoka y'ubudandaji iturutse mu kindi gihugu ategerezwa kurungika uruhusha rwiwe rwo gutwara imodoka z'ubudandaji mu minsi 30 yo kurondera uruhusha rwo kuba muri Vermont.

Ayandi makuru ajanye n'Uruhusha rwo gutwara imodoka ku badandaza n'uruhusha rw' inyigisho, hamagara kuri 802.828.2000.

Kugira ngo utegure ikibazo co kwandika ja kuri mydmv.vermont.gov . Kugira ngo utegure ikibazo c' ubushobozi bwa CDL ,ugomba kubanza kuriha amafaranga yo gutegura kuri: CDL Unit, Department of Motor Vehicles, 120 State St.Montpelier,VT 05603-0001. Inyuma yuko amafaranga yemejwe,ushobora gutegura ikibazo c' ubushobozi.

Ibitabo vy'uruhusha rwo gutwara imodoka ku badandaza muri Vermont biri mu biro vyose vy'Ibisata vy'imodoka.



Igisata c' ivyerekeye imodoka kirazi ko gutwara imodoka ari igihambaye kuri wewe. Umuntu afise ubumuga arashobora kuronka uruhusha rwo gutwara imodoka. Imodoka ishobora gukenera ibikoresho bidasanzwe kugira atware mu mutekano. Iyo umuntu agendana ubumuga akeneye ibikoresho bidasanzwe, bitegerezwa gukwira kandi bikora neza.

Mu gihe uriko urakora ikibazo,bwiza ukuri uwuriko aragukoresha ikibazo ku bumuga bwose ufise. Nimba ukenera ubufasha kugira winjire aho uzokorera ikibazo,bwira uwutegura gahunda igihe uhamagaye usaba isango ryu gukora ikibazo.

Nimba ufise ikibazo c' amagara nk' intandara,igisukari(gikeneye inshinge za insirine), canke ikindi kibazo gishobora gutuma utakaza ubwenge, canke igihimba kimwe c'umubiri kigahagarika gukora canke ugendera mu gakinga ,ugomba kubimenyesha Igisata c' ivyerekeye imodoka, Igice c'uguteza imbere abashoferi kuri 802.828.2000 imbere yo gutegura gahunda yo gukora ikibazo. Uzorungikirwa ifishi y' isizumwa ry' amagara yawe ugomba kuzuzanya na muganga wawe. Mugihe umuganga azoba yahejeje kuzuzanya iyo fishi,yirungike mu Gisata kijejwe ivy' imodoka bayisuzume. Bazokumenyesha mu nyandiko nimba wemerewe canke wahakaniwe kuronswa uruhusha rw'ukwiga. Nimba utazi neza ko amagara yawe ashobora kubangamira ububasha bwo kuronka uruhusha rw' ukwiga, hamagara mu kigo c' ivyerekeye imodoka,mu gisata co guteza imbere abashoferi kuri 802.828.2000 baguhe impanuro.

Parikingi y' abagendana ubumuga.

Umuntu afise ikibazo mu gutambuka,ashobora guparikinga ku buntu ,mu kiringo c'iminsi 10,mu kibanza ca parikingi aho abandi bashoferi bashobora guparikinga mu kiringo c' umwanya bahawe gusa. (Abantu nkabo ntibemerewe guparikinga mu bibanza aho parikingi canke guhagarika imodoka bitemewe. Ntibashobora guparikinga mu bibanza vyagenewe izindi modoka zimwe zimwe canke ah'ariho hose hatemewe parikingi) Kugira akore ivyo,uwo muntu ategerezwa kuba afise inomeru idasanzwe iranga imodoka yatanzwe n' igisata c'ivyerekeye imodoka muri Vermont canke inomeru iranga imodoka idasanzwe yatanzwe n'iyindi Leta kubw' iyo mvo yo guparikinga mu kibanza c' abagendana ubumuga. Umuntu agendana ubumuga ashobora kuronka inomeru iranga imodoka y' uwugendana ubumuga ku modoka iy'ari yo yose yanditswe kw' izina ryiwe. Ntagiciro kirenga kugisanzwe kuri izo nimeru z'imodoka z' abagendana ubumuga igihe iyo imodoka isanzwe yanditswe muri Vermont. Iyo umuntu agendana ubumuga adafise imodoka canke adashaka iyo numero iranga imodoka y' uwugendana ubumuga, uwo muntu ashobora kuronka icapa ca parikingi c' uwugendana ubumuga. Icapa ca parikingi c'abagendana ubumuga kiraboneka no ku bantu bagenda n'amaguru bafise ubumuga bw'ubuhumyi.

Umuntu agendana ubumuga canke ishirahamwe ry' abagendana ubumuga, ritanga inomeru yabo ya Federal ID rishobora gusaba icapa ca parikingi c'abagendana ubumuga. Ico capa ntikirahirwa. Ifishi ishobora kuronkerwa mu gisata c' ikigo kijejwe ivy' imodoka,mu biro vy' igipolisi canke mu biro vy'umwanditsi wa karere. Uzotegerezwa kuzuzanya igice kimwe c' iyo fishi, ikindi gice umuganga wawe niwe azocuzuzanya.

Inomeru/icapa c'uwugendana ubumuga,i/gishobora gufatwa iyo uwo agendana ubumuga yemerewe umuntu adafise ubumuga gukoresha uburenganzira burekuriwe uwufise ubumuga gusa.

Umuntu aparikinze mu kibanza c' abagendana ubumuga aba arenze amategeko, ashobora gucibwa amande n'amafaranga yo gukura imodoka.

Mu kwisungana 9 V.S.A. §4110, umushoferi afise inomeru/icapa ca parikingi kiranga umuntu agendana ubumuga musi y'amategeko ya Leta ya Vermont canke leta iy'ariyo yose, ashobora kuronka serevisi yuzuye kuri sitasiyo y'ibitoro yose yerekana

ikimenyetso mpuzamakungu co kworohereza abagendana ubumuga kandi kuri sitasiyo y'igitoro itanga serevisi y' ukwifasha ku giciro gito , azoronka ku giciro gito.

Kuri sitasiyo y'igitoro zifise serevisi y'ukwifasha, iyo umushoferi afise inomero canke icapa ca parikingi c' uwugendana ubumuga,ashobora gusaba uwumufasha gushira igitoro mu modoka yiwe kandi kuri ca giciro gito c'ukwifasha.

Kugura no gukoresha amakori y'abantu bagendana ubumuga.

Imodoka imwe yegukira canke ikoswe n'umuntu afise ubumuga canke abavyeyi biwe canke umurinzi wiwe ifise ibikoresho bidasanzwe yanditswe kur'uyo muntu, ishobora kutabazwa ikori yo kugura no gukoresha. Iyo ukwije ibisabwa vyose,ushobora kuba utazoriha amakori yo kugura no gukoresha.

1. Utegerezwa kuba ufise ubumuga budakira.
2. Ubuhinga bw'imodoka butegerezwa kuba bwarahinduwe mu buryo bwo kukwemerera kuyikoresha, canke ikaba ifise igikoresho kigufasha kwinjira no gusohoka mu modoka.
3. Uruhusha rwawe rwo gutwara imodoka rutegerezwa kuba rwihariye ubuhinga bw'ukuyikoresha bwahinduwe, mu gihe uriko urasaba kudatanga amakori kubw'ugushirwamwo kw'ubuhinga bwahinduwe.
4. Wewe ndetse n'uwundi uw'ari we wese yanditswe nka nyene imodoka/uwiyandikisha, mushobora kugira urwandiko rumwe gusa rubakurako ikori yo kugura no gukoresha mu gihe kimwe.
5. Fomu VT-014 isinywe na muganga.

Igice ca 12 - Abavyeyi canke Abarezi

Ukugongana kw' imiduga kuri mu bintu bikuru vyica ndetse bigatera n'ugukomereka ku miyabaga. Nk' umuvyeyi canke umurezi , urafise igikorwa gikomeye mu kwigisha ingeso nziza umwana wawe zo gutwara imodoka.

1. Reka umwana wawe aronke amahirwe menshi yo kwimenyereza gutwara imodoka arikumwe n'umumenyereza,ndetse birenge n'amasaha asanzwe asabwa 40.
2. Ba akarorero keza ko kuba umushoferi yubahiriza umutekano wo mw' ibarabara,yitwararika,kandi yuhabaha amategeko.
3. Tegura kandi muganire amategeko y'umuryango kubwo kugumana uburenganzira bwo gutwara imodoka ku bibazo abashoferi b'abayabaga bakunze kugira. Ayo mategeko ashobora kuvuga:
 - Ku kudakoresha umusipi w'umutekano.
 - Abagenzi benshi mu modoka.
 - Umuvuduko
 - Kugira itiro uriko uratwara imodoka.
 - Gutwara imodoka mw' ijoro(inyuma ya saa tatu z' ijoro)
 - Ugutwara imodoka waborewe
 - Gukoresha iterefone canke ibindi bisamaza.
4. Fasha umwana w'umuyabaga wawe gutahura akaga kari mu kujana mu modoka n'uwundi muyabaga w' umushoferi,na cane cane abo batwara imodoka nabi kandi bakarenga amategeko.
5. Vugana n'umwana wawe n'abandi bavyeyi mu gufasha bose, abashoberi n'abatwawe mu gukurikiza ivyihanikirijwe ku ruhusha rwo gutwara imodoka kuba kiri bato. Ibi bizofasha imiyabaga yose kuba mu mutekano kandi mu mategeko ya GDL.
6. Shishikaza umuyabaga wawe kuvuga ikiri ku mutima ku bijanye n'umutekano wo mw' ibarabara mu gihe ari kumwe n' abandi bashoferi.
7. Hitamwo imodoka yizewe,ifashwe neza y'umwana wawe w' umuyabaga.

(Ja kuri www.iihs.org/ratings kugira ngo ubone amanota y' impanuka z' imodoka n' ayandi makuru kubijanye no guhitamwo imodoka y'umutekano ku bana b' imiyabaga.)

MENYA: Uruhusha rwo kwiga n'uruhusha rwo gutwara imodoka rw' imiyabaga,n' impusha z' agateganyo,kandi zishobora gukurwaho.

- Nk'umuvyeyi canke umurezi,ushobora guhagarika uruhusha rw'imfatakibanza rwo gutwara imodoka rw'umwana wawe mu kwandikira komiseri wo mu gisata c'ikigo kijejwe ivy' imiduga.
- Inama itanzwe na Diversion/Reparative Board ishobora gutuma ihagarikwa mu kiringo c'imisi 30.

Ivanywe muri-IGITABO C'UMUVYEYI KU RUHUSHA RW'UMUSHOFERI ARANGIJE (GDL).

Inzoga, 7, 52, 53
Ibikoko, 19
Anti-lock, 48, 49
Amakinga, 40, 52
Amatelefone ngendanwa, 47, 56, 73
Intebe yagenewe umwana, 62
Uburenganzira bwo gutwara imodoka ku badandaza, 12, 17, 70
Aho aba, 8, 10 Itariki
y'amavuko, 8 Yasamaye, 54, 55
Inyigisha z'umushoferi, 12, 13, 14, 15
Ikarata y'uburenganzira bwo gutwara imodoka ku batari abenegihugu, 11, 12
Ibiyayuramutwe, 52, 53, 58, 68
Imodoka zihutirwa, 31, 51 Sisiteme zo kugenzura imyuka isohoka, 61 icangombwa c' umushoferi kirimwo na Pasiporo, 9, 12
Abanyamahanga, 9
Amasekunda ane, 27, 28, 46
Igitsina, 11
Ibimenyetso vy' ukuboko, 26, 41
Amatara y' imbere, 19, 25, 42, 45, 46, 49, 51, 60
Ibimenyetso vy' ibarabara rikuru, 34
Umwidondoro, 4, 8, 9
Kwemera bishingiye ku mwumvikano, 53
Interstates, 28, 31, 38, 40, 50, 51, 59
Uruhusha rwo gutwara imodoka ku bakiri bato, 7, 12, 13, 14, 15, 20, 21, 23, 73
Uruhusha rwo kwiga gutwara imodoka, 2, 3, 7, 12, 13, 15
16, 20, 21, 23, 24, 25, 71, 73
Katira ibubamfu, 26
Ikigendesha imoteri, 16, 17, 23, 42, 43, 66
amategeko yo kwimuka, 31
Gutwara imodoka mw' ijoro, 13, 20, 73
Gusuzuma ku modoka, 61 Parikingi y' ahantu hateganijwe, 29
Abavyeyi, 21, 62, 73
Imodoka z' igipolisi, 31
Icemeza umwidondoro, 16
Ihagarikwa, 15, 21, 73
Amabarabara y' indrsryi ahura, 29, 32, 37, 59
Ibisabwa ku bwitwa aho kuba, 10
Uburenganzira bwo gukoresha ibarabara, 28, 31, 32, 64
Katira iburyo, 31
Kuja mu mfuruka, 48
Imodoka zigenda buhoro buhoro, 44
Amakuru yerekeye umutekano w' imibereho n, 8, 9
Urugero rw'umuvuduko, 34, 38
Guhagarara, 25, 42, 56
Abagenzi b'abayabaga, 73
Gupima, 14
Indarayi, 33
Ibimenyetso vyo guhindukira, 26
Igisirikare ca Leta zunze ubumwe bwa Amerika, 10
Ubwenegihugu bwa Leta zunze ubumwe bwa Amerika, 9



Leta ya Vermont

Kigoo kigijue ukunguzuzuu.

IGISATA CIMODOKA

120 State Street

Montpelier, Vermont 05603-0001

dmv.vermont.gov

Kuri: